



XPERIA™

Xperia™ active

Panungtun jang nu maké

Sony Ericsson
make.believe

Eusi

Inpo penting.....	7
Pituduh tahan cai.....	8
Android™ – naon jeung kunaon?.....	9
Aplikasi.....	9
Ngamulai.....	10
Rapat.....	10
Ngahurungkeun sareng mareuman telepon	13
Konci layar.....	13
Pituduh setelan.....	14
Akun sareng ladean.....	14
Ngauningaan télépon anjeun.....	15
Tinjauan telepon.....	15
Nganggo kenop.....	16
Batre.....	16
Nganggo layar rampa.....	18
Layar utama.....	21
Ngakses jeung make aplikasi.....	23
Status sarta bewara.....	25
Menu setelan telepon.....	26
Ngetik teks.....	26
Setelan kibor jeung Alas telepon.....	30
Nyaluyukeun telepon Anjeun.....	30
Memori.....	33
Handsfree stéréo portabel.....	34
Setélan Internet sareng olahtalatah.....	34
Mareuma lalu lintas data.....	35
Roaming data.....	35
Setelan jaringan.....	36
Nyauran.....	37
Sauran darurat.....	37
Cara nelepon.....	37
Suratsora.....	38
Sauran nu langkung ti hiji.....	39
Sauran konperénsi.....	39
Setélan sauran.....	40
Kontak	42
Nransferkeun kontak ka telepon anyar Anjeun.....	42
Kontak tinjauan layar.....	44
Ngatur kontak Anjeun.....	44

Komunikasi sareng kontak anjeun.....	46
Ngabagikeun kontak anjeun.....	46
Nyadangkeun kontak.....	47
Talatahan.....	48
Nganggo olahtalatah teks sareng multimedia.....	48
Pilihan teks sareng talatah multimedia.....	49
Surelek.....	50
Nganggo surék.....	50
Nganggo akun surelek.....	53
Gmail™ sareng ladean Google™ sejenna	53
Google Talk™	55
Timescape™.....	56
Pintonan utama Timescape™.....	56
Nganggo Timescape™.....	56
Setélan Timescape™.....	58
Widget Timescape™.....	58
Ngamimitian make Android Market™.....	60
Ngundeur ti Android Market™.....	60
Mupus data aplikasi.....	60
Idin.....	61
Masang aplikasi nu sanes ti Android Market™	61
Ladean PlayNow™.....	62
Samemeh Anjeun ngundeur eusi.....	62
Ngundeur ti ladean PlayNow™.....	62
Video Unlimited	63
Video Unlimited tinjauan menu.....	63
Nyieun akun Video Unlimited.....	63
Ngajalajah pamilihan Video Unlimited.....	63
Nyewa atawa meuli video.....	63
Lalajo klip video ti Video Unlimited.....	64
Music Unlimited	65
Nyandak kaorganisir.....	66
Almenak.....	66
Jam alarem.....	66
Nyeken nganggo aplikasi NeoReader™.....	69
Tinjauan menu aplikasi NeoReader™.....	69
Teuteup seger jeung ANT+.....	70
Nyingkronkeun data di telepon.....	71
Nyingkronkeun jeung Google™.....	71

Nyingkronkeun surelek, almenak sareng kontak perusahaan Anjeun.....	72
Nyingkronkeun jeung Facebook™ di jero telepon Xperia™ anjeun....	72
Nyingkronkeun nganggo SyncML™	73
Nyambungkeun ka jaringan nirkabel.....	75
Wi-Fi®	75
Jaringan pribadi virtual (VPN).....	78
Pangotektak web.....	80
Ngotéktak web.....	80
Napigasi kaca wéb.....	80
Ngatur tetenger.....	81
Ngatur teks jeung gambar.....	83
Langkung ti hiji jandela.....	83
Ngundeur ti wéb.....	84
Setelan pangotektak.....	84
Musik.....	86
Niron payel media ka kartu memori Anjeun.....	86
Nganggo pamuter tembang	86
Ngidentifikasi musik nganggo teknologi TrackID.....	91
Make hasil teknologi TrackID™.....	91
Nganggo TrackID™ pikeun ngidentifikasi lagu di Radio FM.....	92
Radio FM.....	93
Tinjauan radio FM.....	93
Pipindah antara saluran radio.....	93
Nganggo saluran radio paporit Anjeun.....	93
Ngadamel hiji pilarian anyar kanggo saluran radio.....	94
Ngalihkeun antara spéker sareng handsfree.....	94
Ngidentifikasi lagu radio nganggo TrackID™.....	94
Nyandak poto sareng ngarekam video.....	95
Tinjauan kontrol kamera.....	95
Make kamera poto.....	95
Nganggo kaméra video.....	102
Kamera 3D.....	106
Tinjauan kamera 3D.....	106
Nempo poto jeung video in Galeri.....	108
BRAVIA® ENGINE.....	108
Ngagawekuen albeum.....	108
Gawe sareng poto dina Galeri.....	110
Nempo poto di Albeum 3D.....	113
Ngatur poto Anjeun dina Albeum 3D.....	113

Teknologi nirkabel Bluetooth™	114
Bere ngaran telepon Anjeun.....	114
Nyapasangkeun ka alat Bluetooth™ nu lian.....	114
Ngirim jeung nampa item nganggo teknologi Bluetooth™.....	115
Nyambungkeun telepon Anjeun ka komputer	117
Ngirim jeung nyekel eusi make kabel USB.....	117
Modeu sambungan USB.....	117
PC Companion.....	118
Media Go™	118
Nganggo pangladen lokasi pikeun manggihan posisi Anjeun	120
Nganggo GPS.....	120
Google Maps™.....	120
Nganggo Google Maps™ pikeun meunangkeun panunjuk arah.....	121
Nyadangeun tur malikkeun	122
Jinis eusi nu bisa Anjeun cadangkeun.....	122
Ngonci sareng ngalindungan telepon anjeun	123
Nomer IMEI.....	123
Ngalindungan kartu SIM.....	123
Nyetel konci layar.....	124
Ngapdet telepon anjeun	126
Ngamutahirkeun telepon Anjeun sacara nirkabel.....	126
Ngapdet telepon Anjeun nganggo koneksi kabel USB.....	126
Ihtisar setelan telepon	128
Tinjauan ikon status sareng bewara	130
Ikon status.....	130
Ikon bewara.....	130
Tinjauan aplikasi	132
Rojongan kanggo pamake	134
Cara ngungkulan	135
Telepon abdi teu bisa dipake saperti nu diharapkeun.....	135
Ngareset telepon.....	135
Abdi teu bisa ngeusi batre telepon.....	135
Taya ikon ngeusi batre nu nembongan basa telepon mimiti ngeusi batre.....	135
Kamampuan batre lemah.....	136
Abdi teu bisa nransper eusi antara telepon Abdi sareng komputer, sawaktos make kabel USB.....	136
Abdi teu bisa make ladenan nu didasarkeun-Internet.....	136
Talatah kasalahan.....	136
Daur mulang telepon Anjeun	137

Informasi hukum.....	138
Indeks.....	139

Inpo penting

Mangga baca liplet *Inpo penting* saencan anjeun nganggo telepon Anjeun.

- ! Sababaraha layanan sareng pitur digambarkeun dina panduan panganggo ieu teu didukung ku sadaya nagara/wilayah atanapi ku sadaya jaringan sareng/atanapi panyayagi layanan dina sadaya area. Tanpa watesan, ieu lumaku ka Nomer Darurat Internasional GSM, 112. Mangga taros ka operator jaringan jang nangtukeun kasadiaan ladean husus atawa pitur mana wae tur lamun akses atawa bea pamakean tambahan lumaku.

Pamakean sababaraha pitur jeung aplikasi nu ditangtukeun nu dijelaskeun di panduan ieu bakal butuh akses ka Internet. Anjeun bisa jadi kudu mayar biaya sambungan data upami anjeun nyambung ka internet ti telepon anjeun. Taros ka operator jang inpo nu leuwih lengkep.

Pituduh tahan cai

Supados **Xperia™ active** Anjeun jadi tahan cai, tutup kanggo liang micro USB sareng konektor headset kudu ditutup sing pageuh. Oge, pastikeun tutup tukang sareng tutup batre dipasang sing bener. Pituduh Mimitian nyadiakeun instruksi tentang kumaha carana masang tutup batre sareng tutup tukang anu bener.

Hindarkeun ti nyimpen alat Anjeun di lingkungan nu seueur debu atawa lembab. Pamakean normal sareng paleupasan nu nyieun ruksak ka alat Anjeun bisa ngurangan kamampuanana pikeun nahan debu atawa lembab.



Cai laut



Kolam renang



Nyelem



Cai panas



Keusik/leutak



Cairan sejenna
bahan kimia

Ulah pernah ngeueum hape, liang micro USB atawa konektor headset Anjeun dina cai, nyimpen hape deukeut bahan kimia cair, atawa nyimpen hape Anjeun dina lingkungan nu lembab nu disarengan ku suhu panas atawa tiis. Upami cai atawa cairan asup ka liang micro USB sareng konektor headset, seka ku kaen garing. Katahanan cai kanggo liang micro USB sareng konektor headset teu dijamin dina sadaya lingkungan atawa kaayaan.

Sadaya asesoris nu cocog kaasupna batre, carjer, alat handsfree, kabel micro USB, kartu microSD™, tali kait sareng nu sejenna heunteu tahan debu atawa cai ku soranganana.

Haransi Anjeun teu kaasup karuksakan atawa cacad nu disababkeun ku panyalahgunaan atawa pamakean nu teu bener tina alat Anjeun. Upami Anjeun gaduh pertanyaan nu leuwih wincik tentang pamakean produk Anjeun, meunangkeun pitulung ti ladenan rojongan Pangladen kami.

Android™ – naon jeung kunaon?

Telepon Android™ bisa ngalakonan seueur pungsi anu sarua kawas komputer. Tapi anjeun oge bisa saluyukeun ka keperluan anjeun, pikeun nampa informasi nu dipikahayang ku anjeun, sarta seneng-seneng dina waktu babarengan. Anjeun bisa nambah sareng mupus aplikasi, atawa ningkatkeun aplikasi eta pikeun ngamaksimalkeun fungsionalitasna. Di Android Market™ anjeun bisa ngundeur sauntuyan aplikasi sarta kaulinan ti koleksi nu terus nambah. Anjeun oge bisa ngahijikeun aplikasi di telepon Android™ anjeun ka data pribadi sarta akun online. Contona, anjeun bisa nyieun cadangan kontak telepon anjeun, ngakses akun surelek sareng almenak anjeun nu beda-beda ti hiji tempat, nyimpen data pasini anjeun, sareng kalibet dina jaringan sosial nu anjeun resep.

Telepon Android™ terus ngembang. Upami hiji versi software geus sadia sarta telepon anjeun ngarojong ka software nu anyar ieu, anjeun bisa ngapdet telepon anjeun pikeun meunangkeun fitur-fitur anyar sarta kamajuan panganyarna.

- 💡 Telepon Android™ anjeun dilengkepan ku ladeun Google™. Pikeun narima mangpaat panggedena nu disadiakeun ladeun Google™, anjeun kudu boga akun Google™ sarta asup ka akun sawaktu mimitian telepon anjeun. Anjeun kudu gaduh wasa Internet pikeun make seueur fitur di Android™.

Aplikasi

Hiji aplikasi nyaeta hiji program telepon nu ngabantuan Anjeun ngalampahkeun hiji tugas. Contona, aya aplikasi pikeun nelepon, nyandak poto sareng ngundeur leuwih seueur aplikasi.

Ngamulai

Rapat

Pikeun nyabut panutup tukang sareng panutup batre



- 1 Selapkeun kuku jempol ka celah nu aya di handapeun panutup konektor headset sareng panutup liang micro USB, teras angkat kadua panutup eta.
- 2 Selapkeun kuku jempol ka celah (sapertos nu dipintonkeun dina langkah 2 ti gambar nu di luhur), teras angkat panutup tukang sacara lalaunan tapi pageuh.
- 3 Teundeun kuku jempol di handapeun cekungan (ditandaan ku tanda panah nu aya dina panutup batre), teras angkat tur cabut panutup batre eta.

! Ulah make barang seukeut nu bisa ngaruksak komponen telepon.

Pikeun nyelapkeun kartu SIM sareng kartu memori



- Cabut panutup tukang sareng panutup batre, teras selapkeun kartu SIM sareng kartu minimal ka selot nu sasuai.

! Kartu memori bisa jadi teu dilengkepan ku pembelian di sadaya pasar.


Pikeun nyabut batre



- 1 Cabut panutup tukang sareng panutup batre.
- 2 Teundeun ujung jari Anjeun ka pamukaan nu aya di sisi handap batre tur angkat batrena.

Pikeun nyabut kartu memori

- ! Anjeun kudu ngalepaskeun kartu memori Anjeun atawa mareuman telepon Anjeun saencan Anjeun bisa nyabut kartu memori. Kanggo inpo nu leuwih lengkep, tingal *Nyabut kartu memori ku cara aman* di kaca 33.




- Cabut panutup tukang sareng panutup batre, teras tarik kartu memori ka luar pikeun nyabutkeunana.

Pikeun nyabut kartu SIM



- 1 Cabut panutup tukang, panutup batre sareng batre.
- 2 Teundeun ujung jari Anjeun dina kartu SIM tur geser kaluar ti selotna.


Pikeun ngagantelkeun panutup batre sareng panutup tukang









- 1 Simpen panutup batre di bagean tukang telepon supados liang lensa kamera dina panutup eta saajar sareng lensa kamera.
 - 2 Pencet laun dina sadaya sudut panutup batre pikeun masangkeunana sacara aman.
 - 3 Simpen panutup tukang di luhureun bagean tukang telepon supados liang lensa kamera dina panutupna pas sareng lensa kamera. Teras pencet sing pageuh dina sadaya ujung panutup tukang pikeun masangkeunana nepi ka pageuh.
 - 4 Pencet panutup liang micro USB sareng panutup konektor headset pikeun mastikeun kaduana tos dikonci bener.
- !** Pasang panutup tukang sing bener tur panutup batre bisa ngajaga telepon Anjeun tahan ka cai. Telepon eta teu tahan ka cai sawaktos panutup liang micro USB atawa panutup konektor headset keur muka, contona, sawaktos telepon keur dieusi batre atawa sawaktos disambungkeun ka headset kabel.



Ngahurungkeun sareng mareuman telepon

Pikeun ngahurungkeun telepon



- 1 Pencet jeung tahan kenop daya  nu aya di belah kenca telepon nepi ka telepon ngageter.
 - 2 Upami layar Anjeun moekan, pencet sakeudeung kenop daya  pikeun ngaktipkeun layar.
 - 3 Pikeun muka konci layar, sered  ka katuhu nyilangan layar.
 - 4 Tulis PIN kartu SIM Anjeun basa ditaros, teras pilih **Muhun**.
-  PIN kartu SIM Anjeun asalna disadiakeun ku operator jaringan Anjeun, tapi Anjeun bisa ngarobahna engke tina menu **Setelan**. Pikeun ngabenerkeun hiji kasalahan nu dijieun basa keur nuliskeun PIN kartu SIM, ketok .
-  Ieu bisa butuh sababaraha lami kanggo telepon bisa dimimitian.

Pikeun mareuman telepon

- 1 Pencet jeung tahan kenop daya  nepi ka menu pilihan muka.
 - 2 Dina menu pilihan, ketok **Mareuman tanaga**.
 - 3 Ketok **OK**.
-  Ieu bisa butuh sababaraha lami kanggo telepon pikeun dipareuman.



Konci layar

Sawaktos telepon anjeun dihurungkeun tur dianggurkeun sababaraha lila, layar bakal moekan meh ngahemat daya batre, tur otomatis ngonci. Konci ieu nyegah tindakan nu teu dipenta dina layar rampa lamun keur teu dipake anjeun. Lamun musik keur diputer, anjeun oge bisa ngadalikeun pamuteran lagu audio tanpa muka konci layar.

Pikeun ngaktipkeun layar

- Pencet sakeudeung kenop daya .

Ngarobah trek audio nu keur diputer di layar konci

- 1 Jang ngaktipkeun layar, pencet sakeudeung kenop daya .
- 2 Lamun kadali pamuter musik ditembongkeun, ketok .

Ngarobah lagu audio nu keur diputer ti layar konci

- 1 Jang ngaktipkeun layar, pencet sakeudeung kenop daya .
- 2 Lamun kadali pamuter musik ditembongkeun, ketok  atawa .

Pikeun muka konci layar



- Sered  ka katuhu nyilangan layar.


Pikeun ngonci layar ku cara manual

- Sawaktos layar keur aktip, pencet sakeudeung kenop daya .

Pituduh setelan

Basa mimiti Anjeun ngahurungkeun telepon Anjeun, hiji pituduh setelan muka pikeun ngajelaskeun tentang fungsi dasar telepon tur mantuan Anjeun pikeun nuliskeun sababaraha setelan nu penting. Ieu waktu nu sae pikeun ngonpigurasikeun telepon ka kabutuhan husus Anjeun. Anjeun oge bisa ngaliwatan sababaraha langkah tur ngakses panungtun setelan sacara manual di tahap salajengna.

Pikeun ngakses buku panungtun setelan sacara manual

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setup guide**.

Akun sareng ladenan

Asup ka akun ladenan online Anjeun ti telepon Anjeun tur meunangkeun keuntungan tina seueurna ladenan nu aya. Gabungkeun ladenan tur meunangkeun keuntungan nu leuwih seueur deui. Contona, kumpulkeun kontak ti akun Google™ sareng Facebook™ Anjeun tur gabungkeun kontak eta ka buku telepon Anjeun, jadi Anjeun gaduh sakabeh kontak di hiji tempat.

Anjeun bisa asup ka ladenan online ti telepon Anjeun sareng ti komputer. Sawaktos Anjeun pertama kali asup, hiji akun dijieun sareng ngaran nu make, kecap akses, setelan sareng inpo pribadi Anjeun. Dina waktos salajengna basa Anjeun asup, Anjeun meunangkeun pintonan nu dijieun sasuai ka kepribadian Anjeun.

Akun Google™

Gaduhan akun Google mangrupikeun konci pikeun make rangkasaan aplikasi sareng ladenan sareng telepon Android Anjeun. Anjeun butuh hiji akun Google™, contona, pikeun make aplikasi Gmail™ dina telepon Anjeun, pikeun chat ka babaturan nganggo Google Talk™, pikeun nyingkronkeun almenak telepon Anjeun sareng Google Calendar™, sareng pikeun ngundeur aplikasi sareng kaulinan tina Android Market™.

Akun Microsoft® Exchange ActiveSync®

Singkronkeun telepon Anjeun sareng akun Microsoft® Exchange ActiveSync® perusahaan Anjeun. Ku cara ieu, Anjeun nyimpen surelek, kontak sareng kajadian almenak pagawean Anjeun sepanjang waktos.

Akun Facebook™


Facebook™ mangrupikeun ladenan jaringan sosial nu nyambungkeun Anjeun ka babaturan, kulawarga sareng kolega Anjeun di sakuliling dunya. Setal Facebook pikeun bisa dipake di telepon Anjeun jadi Anjeun bisa dihubungan ti mana wae.

Akun SyncML™

Singkronkeun telepon Anjeun sareng hiji pangladen Internet nganggo SyncML™. Nempo jeung ngatur kontak, kajadian almenak sareng tetenger tina telepon Anjeun sagampil jiga Anjeun ngalakukeunana tina komputer.


Ngauningaan télépon anjeun

Tinjauan telepon



1. Sensor cahaya
2. LED Bewara
3. Speaker ceuli
4. Sensor jarak 1
5. Sensor jarak 2
6. Kenop Polume/Kenop zum
7. Layar toél
8. Kenop kamera
9. Kenop menu
10. Liang tali
11. Kenop layar utama
12. Mikropon utama
13. Kenop mulang
14. Mikropon kadua
15. Lampu LED Kamera
16. Kenop daya/Konci layar
17. Speaker
18. Lensa kamera
19. Tutup liang Micro USB
20. Panutup konektor headset
21. Liang Micro USB
22. Konektor headset

Nganggo kenop



Mulang

- Balik ka layar nu samemehna
- Tutup alas kenop na-layar, kotak dialog, menu pilihan, atawa panel Bewara



Mimiti

- Buka Layar Utama
- Pencet jeung tahan pikeun muka jandela nu mintonkeun aplikasi nu dipake panganyarna ku anjeun.




Menu

- Buka daptar pilihan anu sadia di layar atawa aplikasi nu ayeuna.

Batre


Ngecas batre

Batre telepon anjeun sabagean geus dieusi pas telepon dibeuli. Bakal butuh sababaraha menit samemeh ikon batre  kaluar dina layar pas anjeun nyambungkeun kabel pangecas telepon ka sumber listrik, kawas port USB atawa pangecas telepon. Anjeun masih keneh bisa make telepon basa telepon dicas. Ngecas telepon lila teuing, upamana sapeupeuting, moal ngaruksak batre atawa telepon.



Batre bakal mimiti ngurangan eusina saenggeus dieusi pinuh terus bakal ngeusi deui saengges sababaraha lila pangecas telepon disambungkeun. Ieu téh ngarah umur batre panjang ku kituna status pangeusian bakal nempokeun tingkat di handap 100 persen.


Ngecas telepon



- 1 Colokkeun carjer telepon ka colokan listrik.
- 2 Colokkeun hiji tungtung kabel USB ka carjer (atawa ka port USB komputer).
- 3 Colokkeun tungtung nu sejen ka port USB mikro di telepon, dina belah simbul USB madep ka luhur. Lampu LED status bater bakal hurung lamun anjeung mimiti ngecas.



- 4 Lamun status batre LED jadi hejo tandana batre telepon geus pinuh. Leupaskeun kabel USB ti telepon ku cara narik langsung ka luar.



- ! Pastikeun teu ngabengkokkeun konektor lamun nyoplokkeun kabel ti telepon.

Status LED batre

Hejo	Batre tos dieusi pinuh
Beureum ngiceup	Batre lemah
Oranyeu	Batre nuju dieusi. Eusi batre aya di antara lemah sareng pinuh

Mariksa tingkat batre

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan** > **Ihwal telepon** > **Status** > **Batre lepel**.

Ningkatkeun kamampuan batre


Tips di handap ieu bisa mantuan Anjeun ningkatkeun kamampuan batre:

- Sing sering ngeusi batre telepon Anjeun. Ieu bakal moal mangaruhan dangka waktu batre.
- Ngundeur data ti Internet teh ngabeakkeun daya. Sawaktos Anjeun keur teu make Internet, Anjeun bisa nyimpen daya kucara nganonaktipkeun sakabeh koneksi data tina jaringan hape Anjeun. Anjeun bisa ngerjakeun ieu ti **Setelan** > **Lainna...** > **Jaringan**


mobile > Data diaktipkeun. Setelan ieu teu nyegah telepon Anjeun ti ngalirkeun data liwat jaringan nirkabel sejenna.

- Pareuman GPS, Bluetooth™ sareng Wi-Fi® sawaktos Anjeun teu ngabutuhkeun fitur ieu. Anjeun bisa leuwih gampang ngaktipkeun sareng mareuman fitur eta ku cara nambahkeun widget pindah Status ka Layar Utama Anjeun. Anjeun teu kudu mareuman 3G.
- Setel aplikasi singkronisasi Anjeun (nu dipake kanggo nyingkronkeun surelek, almenak sareng kontak Anjeun) ka nyingkronkeun ku cara manual. Anjeun oge bisa nyingkronkeun ku cara otomatis, tapi tambahkeun interpal singkronisasina.
- Cek menu pamakean batre dina telepon pikeun ningali aplikasi mana nu make daya panggedena. Batre Anjeun butuh daya nu leuwih gede sawaktos Anjeun make aplikasi streaming video sareng musik, sapertos YouTube™. Sababaraha aplikasi Android Market™ oge ngabutuhkeun daya nu leuwih gede.
- Tutup tur kaluar ti aplikasi nu teu Anjeun pake.
- Turunkeun tingkat kacaangan pintonan layar.
- Pareuman telepon Anjeun atawa pake **Modeu pesawat** upami Anjeun keur aya di hiji wewengkon nu taya jangkauan jaringanana. Upami teu kitu, telepon Anjeun bakal terus-terusan nyeken jaringan nu sadia, tur ieu ngabeakkeun daya.
- Pake alat handsfree asli Sony Ericsson pikeun ngadengekeun musik. Alat handsfree ngabutuhkeun daya batre nu saeutik tibatan speaker telepon.
- Jieun telepon Anjeun dina mode standby sabisana. Waktu sayaga maksudna waktos salami telepon disambungkeun ka jaringan tapi keur teu dipake.
- Buka www.sonymobile.com pikeun meunangkeun tips kamampuan batre kanggo model telepon Anjeun.

Ngakses menu pamakean batre

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Batre** jang nempo aplikasi mana nu dipasang nu meakkeun daya batre pangreana.

Nambahkeun widget Lalu Lintas Data ka Layar mimiti

- 1 Ti Layar Utama, pencet .
- 2 Ketok **Tambahkeun > Widget**.
- 3 Pilih widget **Lalu lintas data**. Anjeun ayeuna bisa gampang ngahurungkeun jeung mareuman sambungan data.

Nganggo layar rampa

Hiji lembar plastik pelindung digantelkeun ka layar telepon Anjeun sawaktos dibeli ku Anjeun. Anjeun kudu nyoekkeun lembar plastik ieu samemeh make layar rampa. Lamun teu kitu, layar rampa bisa jadi teu bisa berpungsi bener.

Sawaktos telepon Anjeun dihurungkeun tur dianggurkeun pikeun saperiode waktu, layar bakal moekan pikeun ngahemat daya batre, tur otomatis ngonci. Konci ieu nyegah tindakan nu teu dihayongkeun dina layar rampa sawaktos Anjeun keur teu make telepon. Anjeun oge bisa nyetel kunci pribadi pikeun ngajagaan langganan Anjeun jeung mastikeun ngan saukur Anjeun nu bisa ngakses ka telepon Anjeun.

- ! Layar telepon Anjeun dijieun tina kaca. Ulah noel layar upami kacana retak atau beulah. Ulah nyobaan ngabenerkeun sorangan layar nu reksak. Layar kaca sensitip kana labuh sareng goncangan mekanik. Kasus perawatan nu teu bener teu dilindungan ku ladeun haransi Sony Ericsson.

Ngabuka atawa nyorot hiji aitem

- Toél aitem.

Pikeun nyirian atawa muka tetengger pilihan

- Ketok kotak centang atawa pilihan daptar nu sasuai.



Kotak centang nu dicirian



Kotak centang nu dibuka tetenggera



Pilihan daptar nu dicirian



Pilihan daptar nu dibuka tetenggera


Ngazum

Pilihan ngazum nu sadia gumantung kana aplikasi nu Anjeun anggo.

Ngazum

- Upami sadia, toel atawa pikeun ngazum gede atawa ngazum leutik.
- ! Anjeun bisa nyered (ka sagala arah) pikeun nyieun ikon zum nembongan.

Ngezum make dua ramo




- impen ka dua-dua ramo di layar terus ciwit ka tengah (jang ngaleutikan) atawa egangkeun ka luar (jang ngagedekeun).
- 💡 Pake pungsi zum lamun nempo poto jeung peta, atawa lamun keur ngotektak web.

Ngagulung

Gulung ku cara ngagerakkeun jari anjeun ka luhur atawa ka handap dina layar. Dina sababaraha kaca wéb anjeun oge bisa ngagulung ka sisi.

- ! Nyeret atawa nyintreuk moal bisa ngaktipkeun nanaon dina layar.

Ngagulung



- Seread atawa sitreuk jari anjeun di arah anjeun hayang ngagulung dina layar.
- 💡 Pikeun leuwih gancang ngagulung, sintreuk jari anjeun di arah nu dipikahayang ku anjeun dina layar.

Pikeun nyintreuk



- Pikeun ngagulung nu leuwih gancang, sintreuk jari Anjeun di arah nu Anjeun hoyong dina layar. Anjeun bisa ngadagoan kanggo gerakan ngagulung eureun ku sorangan, atawa Anjeun bisa langsung ngeureunkeunana ku cara ngetok layar.


Sénsor

Di télépon Anjeun dipasang sénsor cahaya sareng sénsor jarak. Sénsor cahaya bakal ngukur tingkat cahaya di sakuriling Anjeun tur ngaluyukeun kacaangan layar. Sénsor jarak bakal mareuman layar rampa mun raray Anjeun némpél ka layar. Ieu bakal nyegah aktipna fungsi télépon nu teu dihaja pas nélépon.

Layar utama

Telepon anjeun Layar Utama teh sarua jeung destop dina komputer. Layar utama teh gerbang anjeun ka fitur-fitur utama di telepon anjeun. Anjeun bisa ngaluyukeun Layar Utama anjeun ka widget, potong kompas, polder, tema, wallpaper jeung item nu sejen.

Opat juru di Layar Utama mantuan anjeun ngakses aplikasi atawa potong kompas kaca web sacara gancang.

Layar Utama ngalegaan leuwih ti rubak pintonan layar biasa, jadi anjeun perlu nyintreuk katuhu atawa ka kenca pikeun nempo eusi di salah sahiji ti opat ekstensi layar.  mintonkeun bagian mana ti Layar Utama di mana anjeun aya.





Pikeun pindah ka layar Utama

- Pencet .

Pikeun ngotektak layar Utama

- Sintreuk ka katuhu atawa ka kenca.

Ngabagikeun komponen ti layar Mimiti


- 1 Pencet  pikeun muka Layar Utama anjeun.
- 2 Rampa terus tahan hiji komponen nepi ka ngagedean tur telepon ngageter, terus sered komponen eta ka .
- 3 Pilih hiji opsi terus pastikeun, lamun perlu. Anjeun ayeuna bisa ngabagikeun aplikasi jeung widget nu dipikaresep ku anjeung ka babaturan ngarah bisa diundeur jeung dipake ku maranehna.

Widget

Widget nyaeta aplikasi leutik nu bisa dipake ku cara langsung dina Layar Utama anjeun. Upamana, widget pamuter Musik ngidinan anjeun jang langsung muter musik, jeung widget Timescape™ nempokeun talatah nu asup.

Sababaraha widget bisa dirobah ukuranana, jadi anjeun bisa ngagedekeun widget jang nempo eusi nu sejen atawa ngaleutikan widget jang ngahemat tempat di Layar Utama.

Nambahkeun widget ka layar Mimiti

- 1 Ti Layar Utama, pencet .
- 2 Ketok **Tambahkeun** > **Widget**.
- 3 Ketok widget.

Ngaganti ukuran widget

- 1 Toel terus rampa widget nepi ngagedean terus telepon ngageter, terus leupaskeun widget. Lamun widget bisa dirobah ukurana, pigura nu disorot jeung titik ngarobah ukuran bakal ditembongkeun.
- 2 Sered titik ka jero atawa ka luar jang ngaleutikan atawa ngagedean widget.
- 3 Jang ngonpirmasi ukuran anyar widget, ketok di mana wae di Layar Utama.

Meunangkeun langlangan sadaya widget dina layar Utama

- Ciwit area mana wae di Layar Utamaanjeun. Sadaya widget ti bagian nu beda-beda Layar Utama anjeun ayeuna dipintonkeun dina hiji tempoan.
- 💡 Sawaktu sadaya Layar Utama widget digabungkeun dina hiji tempoan, ketok dina widget mana oge pikeun pindah ka bagian Layar Utama nu ngandung widget eta.

Nyusun ulang layar Utama Anjeun

Sesuaikeun pintonan layar Utama anjeun sarta robah fitur-fitur anu bisa anjeun akses ti dinya. Robah latar tukang layar, pindah-pindahkeun item, jieun polder, sarta tambah potong kompas ka kontak.

Muka menu pilihan layar Utama anjeun


Anjeun bisa muka Layar Utama menu pilihan dina dua cara:

- Ti Layar Utama, pencet .
- Toel jeung tahan bagian mana wae Layar Utamaanjeun.

Nyusun ulang sudut layar Utama anjeun

Susun ulang item-item di sudut layar Utama anjeun make aplikasi atawa potong kompas kaca web (tetengger) nu pang mindeng diakses. Anjeun bisa nambah maksimum opat potong kompas ke saban sudut.

Nambah aplikasi ka sudut


- 1 Ti Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Toel sarta tahan hiji aplikasi nepi ka Layar Utama nembongan sarta telepon ngageter, teras sered aplikasi eta ka salah sahiji sudut.

Nambah potong kompas kaca web ka sudut

- 1 Ti Layar Utama, pencet .
- 2 Ketok **Tambahkeun** > **Pintasan** > **Tetengger**.
- 3 Pilih bookmark nu rek ditambahkeun jadi Layar Utama anjeun.
- 4 Sered tetengger eta ka salah sahiji sudut.

- 💡 Tempo *Kangge nambah bookmark kaca web ka Layar utama anjeun* dina kaca 82.


Mupus item ti juru

- 1 Ti Layar Utamaanjeun, ketok hiji juru pikeun ngagedekeun sudut eta.
- 2 Toel jeung tahan item di juru nepi ka telepon ngageter, terus sered item eta ka .

Mindahkeun item jauh ti juru


- 1 Ti Layar Utamaanjeun, ketok salah sahiji juru pikeun ngagedekeun sudut eta.
- 2 Toel sarta tahan hiji item dina juru nepi ka telepon ngageter, terus sered item eta jauh ti sudut sarta teundeun item tea di area Layar Utamaanjeun.

Nambahkeun potong kompas ka layar Mimiti

- 1 Ti Layar Utama, pencet .
- 2 Ketok **Tambahkeun** > **Pintasan**.
- 3 Teang tur pilih hiji potong kompas.

- 💡 Tambahkeun potong kompas aplikasi ku cara langsung ti layar Aplikasi ku cara ngarampa terus nahan aplikasi.

Pikeun nambah polder ka layar Utama

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, pencet .
- 2 Ketok **Tambahkeun** > **Polder**.
- 3 Tulis ngaran kanggo polder tur ketok **Rengse**.

- 💡 Sered tur simpen hiji item dina luhureun item nu sejen dina layar Utama Anjeun pikeun nyieun polder sacara otomatis.

Pikeun nambah item ka polder

- Toél jeung tahan hiji item nepi ka ngagedean tur telepon ngageter, teras séred item eta ka polder.

Ngaganti ngaran polder

- 1 Ketok polder pikeun muka.
- 2 Rampa baris judul polder jang mintonkeun widang **Ngaran polder**.
- 3 Asupkeun ngaran polder nu anyar terus ketok **Rengse**.

Mindahkeun item dina layar Utama

- 1 Pencet 🏠 pikeun muka Layar Utama anjeun.
- 2 Toel jeung tahan hiji item nepi ka ngagedean tur telepon ngageter, terus sered item eta ka lokasi nu anyar.

Pikeun mupus hiji item tina layar Utama

- Toél jeung tahan hiji item nepi ka ngagedean tur telepon ngageter, teras séred item eta ka 🗑️.

Ngarobah latar tukang layar Utama Anjeun

Adaptasikeun Layar Utama ka gaya Anjeun sorangan make wallpaper sareng tema nu beda-beda.

Ngarobah wallpaper layar Utama anjeun

- 1 Ti Layar Utama, pencet ☰.
 - 2 Ketok **Wallpaper**, teras pilih hiji wallpaper.
- 💡 Anjeun bisa make poto nu dicandak ku anjeun, atawa animasi. Pindah ka Android Market™ sarta sumber nu sejen pikeun ngundeur, contona, wallpaper hirup nu robah babarengan jeung parobahan jam poe eta.

Nyetel tema

- 1 Ti Layar Utama, pencet ☰.
 - 2 Ketok **Tema**, terus pilih hiji tema.
- ! Lamun anjeun ngarobah tema, latar oge robah di sababaraha aplikasi.

Ngakses jeung make aplikasi

Buka aplikasi ti potong kompas dina Layar Utama Anjeun atawa ti layar Aplikasi.

Layar aplikasi

Layar Aplikasi, nu Anjeun buka tina Layar Utama Anjeun, ngandung aplikasi nu tos dipasang dina telepon Anjeun kitu oge sareng aplikasi nu Anjeun undeur.

Layar aplikasi manjangan leuwih ti lebar layar nu biasana, jadi Anjeun kudu nyintreuk ka kenca sareng ka katuhu pikeun nempo sakabeh eusi.

Pikeun muka layar Aplikasi



- Tina Layar Utama Anjeun, ketok ☰.



Pikeun ngotektak layar Aplikasi

- Buka layar Aplikasi, teras sintreuk ka katuhu atawa ka kenca.

Pikeun nyieun potong kompas ka hiji aplikasi dina layar Utama

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Toél jeung tahan hiji aplikasi nepi ka nembongan dina Layar Utama Anjeun, teras séred ka lokasi nu dipikahoyong.

Ngabagikeun aplikasi ti layar Aplikasi



- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Rampa terus tahan aplikasi nepi ka mucunghul di Layar Utama, terus sered komponen ka .
- 3 Pilih hiji opsi terus pastikeun, lamun perlu. Ayeuna anjeun bisa ngabagikeun aplikasi nu dipikaresep jeung babaturan, ngarah bisa diundeur jeung dipake.

Muka sareng nutup aplikasi

Pikeun muka hiji aplikasi

- Tina Layar Utama Anjeun atawa layar Aplikasi, ketok aplikasina.

Pikeun nutup hiji aplikasi

- Pencet .
- 💡 Sababaraha aplikasi direureuhkeun sawaktos Anjeun mencet  pikeun kaluar, samentawis aplikasi nu sejen bisa diteruskeun pikeun jalan di latar tukang. Dina kasus nu pertama, di waktu nu sanes Anjeun muka aplikasi, Anjeun bisa neruskeun aplikasi nu Anjeun antepkeun kiwari. Inget yen sababaraha aplikasi bisa nyieun bea sambungan data basa keur dijalankeun dina layar tukang, contona, ladean jaringan sosial.


Jandéla aplikasi nu anyar dianggo


Anjeun tiasa ningali teras aseup ka aplikasi nu anyar dianggo tina jandéla ieu.

Pikeun muka jandela aplikasi anu nembe dipake


- Pencét jeung tahan .

Ménu aplikasi

Ménu tiasa dibuka iraha waé basa Anjeun nganggo aplikasi ku cara mencét kenop  dina télépon. Pintonan ménu bakal béda-béda gumantung ka aplikasi nu dianggo.




Muka ménu di aplikasi

- Pas nganggo aplikasi, pencét .
- ! Teu sadaya aplikasi aya ménuna.




Nyusun ulang layar Aplikasi Anjeun

Pindahkeun aplikasi di layar Aplikasi sasuai sareng karesep Anjeun.




Nyusun aplikasi di layar Aplikasi

- 1 Ti Layar Utama anjeun, ketok  pikeun pindah ka layar Application.
- 2 Ketok  sarta pilih hiji pilihan.

Pikeun mindahkeun hiji aplikasi dina layar Aplikasi

- 1 Buka layar Aplikasi, teras ketok .
 - 2 Toél jeung tahan hiji item nepi ka ngagedean tur telepon ngageter, teras séred item eta ka lokasi nu anyar.
 - 3 Ketok  pikeun kaluar ti modeu edit.
- ! Anjeun ngan bisa mindahleun aplikasi Anjeun sawaktos  dipilih.

Mupus aplikasi ti layar Aplikasi

- 1 Ti Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Ketok . Sadaya aplikasi nu bisa dipupus dicirian ku ikon .
- 3 Ketok aplikasi nu hayang dipupus, terus ketok **OKE**.

Status sarta bewara

Bar status di bagian luhur layar anjeun mintonkeun aya naon dina telepon Anjeun. Di bagian kenca anjeun meunang upami aya nu anyar atawa nu lumangsung. Contona, talatah anyar sarta almenak beja nembongan didieu. Di bagian katuhu mintonkeun kakuatan sinyal, status batre, sareng inpo nu sejenna.



Mariksa bewara sareng aktipitas nu keur dilakukeun


Anjeun bisa nyéred bar status ka handap pikeun muka panel Bewara tur meunangkeun leuwih seueur inpo. Contona, buka hiji talatah anyar atawa tempo hiji kajadian almenak tina panel Bewara. Anjeun oge bisa muka aplikasi nu keur jalan, saperti pamuter musik.

Ngabuka panél béwara



- Séred bar status kahandap.

Pikeun nutup panel bewara



- Séred tab nu aya di handapeun panel Bewara ka luhur.
- Ngabuka aplikasi nu dilampahkeun tina panel Bewara**
- Ketok ikon jang aplikasi nu dilampahkeun jang muka eta aplikasi.
- Ngabuka menu setelan telepon ti panel Bewara**
- Ketok ✕.
- Miceun bewara ti panel Bewara**
- Simpen ramo di bewara terus toel ka kenca atawa katuhu.
- Miceun kabeh bewara ti panel Bewara**
- Ketok ☒.

Menu setelan telepon

Tempo jeung robah setelan telepon Anjeun ti menu Setelan.

Ngaksés setélan télépon

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Toél **Setelan**.

Ngetik teks

Pake Alas telepon atawa tuts na-layar pikeun ngasupkeun hurup, nomer sarta karakter nu sejen. Alas telepon teh jiga alas kenop standar 12-kenop samentara tuts na-layar gaduh tata perenah QWERTY.

Alas telepon

Alas telepon ieu jiga alas kenop standar 12-kenop. Alas telepon mere pilihan input teks prediktif sarta multitap. Anjeun bisa ngaktipkeun metodeu input teks Alas telepon via setelan kibor. Alas telepon ngan sadia di orientasi potret.

Make Phonepad



- 1 Milih opsi input teks
- 2 Ngarobah gede leutikna aksara jeung ngahurungkeun konci hurup gede.
- 3 Nomer display
- 4 Simbul display jeung smiley
- 5 Ngasupkeun spasi
- 6 Buka menu setelan input pikeun ngarobah, contona, **Basa tulisan**. Kenop ieu oge ngarobah basa tulisan lamun aya leuwih ti hiji basa input nu dipilih.
- 7 Ngasupkeun enter atawa mastikeun input teks
- 8 Mupus karakter samemeh kursor

! Kabeh gambar ngan saukur jang panerang wungkul tur moal ngagambarkeun kondisi telepon nu sabenerna

Mintonkeun Alas telepon pikeun ngasupkeun teks

- Bari nahan telepon dina orientasi potret, ketok entri widang teks.

Ngasupkeun teks make Alas telepon

Sawaktu make Alas telepon, anjeun bisa milih dua pilihan input:

- Sawaktu nembongan dina Alas telepon, ketok unggal kenop karakter ngan sakali, sanajan hurup nu dipikayang ku anjeun sanes nu hurup kahiji dina kenop. Ketok kecap nu nembongan atawa ketok pikeun nempo leuwih seueur saran jeung kecap ti daptar.
- Sawaktu nembongan dina Alas telepon, ketok kenop tuts na-layar pikeun karakter nu hayang diasupkeun ku anjeun. Tetep pencet kenop ieu nepi karakter nu dipikahayang dipilih. Teras lakonan hal nu sarua pikeun karakter saterusna nu hayang diasupkeun ku anjeun, jeung saterusna

Nyumputkeun Alas telepon

- Lamun Alas kenop muka, pencet .

Pikeun mindahkeun antara aksara-gede sareng aksara-leutik

- Saencan anjeun nuliskeun aksara, ketok pikeun mindahkeun ka aksara-gede , atawa sabalikna.


Pikeun ngahurungkeun konci aksara gede

- Saencan Anjeun ngetik hiji kecap, ketok atawa nepi ka nembongan.


Ngasupkeun nomer make Alas telepon

- Sawaktu Alas telepon kabuka, ketok . Alas telepon kalayan nomer nembongan

Ngasupkeun simbul sarta smiley make Alas telepon

- 1 Sawaktu Alas telepon kabuka, ketok . Grid kalayan simbul sarta smiley nembongan.
- 2 Gulung ka luhur atawa ka handap pikeun nempo leuwih seueur pilihan. Ketok simbul atawa smiley pikeun milih.

Pikeun mupus karakter

- Ketok pikeun nempatkeun kursor di posisi saatos karakter nu Anjeun hoyong pupus, teras ketok .

Pikeun enter kenop mulang

- Sawaktos Anjeun nulis teks, ketok  pikeun nga-enter kenop mulang.


Milih teks

- 1 Lamun anjeun ngasupkeun teks, rampa terus tahan widang teks atawa ketok dua kali di jero widang teks.
- 2 Kecap nu dirampa bakal disorot ku tab di kadua-dua sisi. Sered tab ka kenca atawa ka katuhu jang milih teks nu sejen.


Ngedit teks di orientasi potret

- 1 Lamun anjeun ngasupkeun teks, toel terus tahan widang teks nepi ka baris aplikasi ditembongkeun.
 - 2 Pilih teks nu rek diedit, terus pake baris aplikasi jang nyieun parobahan nu dipikahayang.
- ! Jang napelkeun teks ti papan klip, anjeun oge bisa nahan widang teks nepi ka **Tempel** ditembongkeun, terus ketok **Tempel**.

Baris aplikasi



- | | |
|---|----------------------|
| 1 | Tutup baris aplikasi |
| 2 | Pilih kabeh teks |
| 3 | Potong teks |
| 4 | Tiron teks |
| 5 | Tapelkeun teks |

- !  ngan ditembongkeun lamun anjeun geus nyimpen teks di papan klip.

Ngedit teks di orientasi lanskap

- 1 Lamun anjeun ngasupkeun teks, toel terus tahan widang teks nepi ka widang **Edit...** ditembongkeun.
 - 2 Pilih teks nu rek digawekeun, terus ketok **Edit...** jeun pilih hiji opsi.
- ! Jang napelkeun teks ti papan klip, anjeun oge bisa nahan widang teks nepi ka **Tempel** ditembongkeun, terus ketok **Tempel**.

Tuts na-layar

ketok kenop tuts QWERTY na-layar pikeun ngasupkeun teks sacara merenah. Sababaraha aplikasi muka tuts na-layar sacara otomatis. Anjeun oge bisa muka kibor ieu ku cara noel widang teks.

Make kibor dina layar



- 1 Ngarobah gede leutikna aksara jeung ngahurungkeun konci hurup gede. Di sababaraha basa, ieu kenop dipake jang ngakses aksara tambahan nu aya dina basa eta.
- 2 Tutup pintonan kibor dina layar
- 3 Nempokeun angka jeung simbol Rampa terus tahan jang nempokeun smiley.
- 4 Ngasupkeun spasi
- 5 Buka menu seelan input jang ngarobah, upamana **Basa tulisan**. Kenop ieu oge ngarobah basa tulisan lamun aya leuwih ti hiji basa input nu dipilih.
- 6 Ngasupkeun enter atawa mastikeun input teks
- 7 Mupus karakter samemeh kursor

! Kabeh gambar ngan saukur jang panerang wungkul tur moal ngagambarkeun kondisi telepon nu sabenerna

Muka tuts na-layar kahiji kalina

- Cepeng telepon anjeun sacara horizontal sarta ketok widang entri teks.
 - Pikeun make tuts na-layar dina orientasi potret, ketok widang teks entri, terus ketok 🌐 atawa toel jeung tahan 🌐 upami anjeun geus milih leuwih ti hiji basa input. Ketok **Kibor potret** tur pilih hiji pilihan.
- 💡 Sanggeus nyieun setelan eta, anjeun bisa kalayan gampang ngaktipkeun tuts na-layar ku cara ngetok widang entri teks.

Pindah antara tuts na-layar jeung Alas telepon

- 1 Sawaktu anjeun ngasupkeun teks, ketok 🌐, atawa toel jeung tahan 🌐 upami anjeun geus milih leuwih ti hiji basa input.
 - 2 Ketok **Kibor potret** tur pilih hiji pilihan.
- ! Inget yen Alas telepon ngan sadia dina orientasi potret.

Ngasupkeun teks make tuts na-layar

- Pikeun ngasupkeun karakter nu katempo dina kibor, ketok karakter eta.
- Pikeun ngasupkeun variasi karakter, toel jeung tahan karakter kibor umum pikeun meunangkeun daptar pilihan nu sadia, terus pilih tina daptar. Contona, pikeun ngasupkeun "é", toel jeung tahan "e" nepi ka pilihan nu sejen nembongan, terus, bari tetep mencet kibor, sered tur pilih "é".

Ngasupkeun nomer atawa simbol

- Sawaktu anjeun ngasupkeun teks, ketok 📞. Kibor kalayan nomer jeung simbol nembongan. Ketok 📞 pikeun nempo leuwih seueur pilihan.



Cara nulis smiley

- 1 Basa ngalebetkeun téks, toél sareng tahan 📞.
- 2 Pilih smiley.




Setelan kibor jeung Alas telepon

Anjeun bisa milih setelan pikeun tuts na-layar jeung Alas telepon, kawas basa tulisan sarta koreksi otomatis.

Pikeun ngakses tuts na-layar sarta setelan Alas telepon

- Sawaktu anjeun ngasupkeun teks make tuts na-layar atawa Alas telepon, ketok . Sabalikna upami anjeun milih leuwih ti hiji basa tulisan, toel sarta tahan .

Ngarobah basa tulisan make tuts na-layar atawa Alas telepon

- 1 Sawaktu anjeun nulis teks, ketok , atawa toél jeung tahan  upami anjeun geus milih leuwih ti hiji basa input.
- 2 Ketok **Basa tulisan** sarta pilih basa nu dipikahayang ku anjeun pikeun nulis.
- 3 Upami anjeun geus milih leuwih ti hiji basa input, ketok  pikeun pindah ti hiji basa tulisan nu geus dipilih ka basa nu sejenna.



Ngarobah kibor

- 1 Lamun anjeun ngasupkeun teks, seret baris status ka handap jang muka panel Bewara.
- 2 Ketok **Pilih Metodeu Input**, terus pilih hiji opsi.

Setelan input teks

Sawaktu ngasupkeun teks, anjeun bisa ngakses menu setelan teks input nu mantuan anjeun nyetel pilihan pikeun prediksi teks. Contona, Anjeun bisa mutuskeun kumaha Anjeun hoyong telepon nampilkeun alternatif kecap sareng kecap nu bener basa Anjeun keur ngetik, atawa ngaktipeun aplikasi input teks pikeun nginget kecap anyar nu Anjeun ketik.

Ngarobah setelan input teks

- 1 Sawaktu anjeun ngasupkeun teks make tuts na-layar atawa Alas telepon, ketok , atawa toel sarta tahan .
- 2 Ketok **Setelan input teks**.
- 3 Pilih setelan nu dipikahayang.

Nyaluyukeun telepon Anjeun

Adaptasikeun telepon sasuai ka kabutuhan Anjeun kucara nyaluyukeun, contona, rington pribadi Anjeun, basa telepon sareng setelan Pribadi Anjeun.

Nyetél volumeu

Anjeun tiasa nyetél volumeu rington kanggo sauran télépon sareng bwara ogé kanggo tembang sareng pemuter video.


Nyetél volumeu dering nganggo konci volumeu

- Pencét tombol polumeu kaluhur atanapi kahandap.


Nyetél volumeu media nu diputer nganggo konci volumeu

- Mun muter tembang atanapi ningali video, pencét konci volumeu kaluhur atanapi kahandap.


Nyetel telepon ka modeu jempe

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Sora**.
- 3 Pilih **Modeu rehe**, terus pilih **Jempekeun**.


Nyetel telepon ka modeu geter

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Sora**.
- 3 Pilih **Modeu rehe**, terus pilih **Geterkeun**.

Nyetel telepon ka modeu geter jeung nyora

- 1 Ti Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Sora**.
- 3 Pilih **Modeu rehe**, terus pilih **Pareum**.
- 4 Cirian kotak centang **Geter mun ngirining**.


Narikan sora speaker

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Sora**.
- 3 Cirian kotak centang **xLOUD™**.


Waktos sareng kaping

Anjeun tiasa ngagentos waktos sareng kaping dina télépon anjeun.


Nyetel tanggal ku cara manual

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Tanggal & waktos**.
- 3 Pupus ciri kotak centang **Tanggal & waktu otomatis**, lamun dicirian.
- 4 Ketok **Setel tanggal**.
- 5 Saluyukeun tanggal ku cara ngagulung ka luhur jeung handap .
- 6 Ketok **Atur**.

Ngeset waktu ku cara manual

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Tanggal & waktos**.
- 3 Pupus ciri kotak centang **Tanggal & waktu otomatis**, lamun dicirian.
- 4 Pupus ciri kotak centang **Pake pormat 24-jam**, lamun dicirian.
- 5 Ketok **Setel waktos**.
- 6 Gulirkeun ka luhur atawa handap jang nyaluyukeun jam jeung menit.
- 7 Gulirkeun ka luhur atawa handap jang ngaluyukeun **am** jeung **pm**.
- 8 Ketok **Atur**.

Nyetel zoneu waktu


- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Tanggal & waktos**.
- 3 Pupus ciri kotak centang **Zona waktu otomatis**, lamun dicirian.
- 4 Ketok **Pilih zona waktu**.
- 5 Pilih hiji opsi.

Nyetel pormat tanggal


- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Tanggal & waktos > Pilih pormat tanggal**.
- 3 Pilih hiji opsi.

Setélan rington

Nyetel rington telepon

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Sora > Rington telepon**.
- 3 Pilih hiji rington.
- 4 Ketok **Rengse**.

Ngaktifkeun nada toel



- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Sora**.
- 3 Cirian kotak centang **Sora rampa kenop telepon** jeung **Sora rampa**.

Milih rington bewara

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Sora > Bewara standar**.
- 3 Pilih hiji rington.
- 4 Ketok **Rengse**.

Setélan layar




Ngaluyukeun kacaangan layar

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
 - 2 Teang tur ketok **Setelan > Pintonan > Kacaangan**.
 - 3 Jang ngurangan kacaangan layar, sered pangeser ka kenca. Jang nambahkeun kacaangan, sered pangeser ka katuhu.
 - 4 Ketok **OKEH**.
-  Tingkat kacaangan mangaruhan kinarya batre. Jang neang pituduh praktis jang ningkatkeun kinarya batre, tempo *Ningkatkeun kamampuan batre* di kaca 17.

Nyetel layar ngarah ngageter

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Sora**.
- 3 Cirian kotak centang **Geter mun dirampa**. Layar ayeuna ngageter mun anjeun ngetok kenop lemes sareng aplikasi nu ditangtukeun.

Ngaluyukeun waktos cicing samemeh layar dipareuman

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
 - 2 Teang terus ketok **Setelan > Pintonan > Sare**.
 - 3 Pilih hiji opsi.
-  Pikeun gancang mareuman layar, pencet sakedeung kenop daya .





Ngajaga layar terus aktip lamun telepon keur dicas

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Opsi pangembang**.
- 3 Cirian kotak centang **Tetep Jagjag**.

Basa télépon

Anjeun tiasa milih hiji basa nu dianggo kana télépon anjeun.

Ngarobah basa telepon

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
 - 2 Teang terus ketok **Setelan > Basa & input > Basa**.
 - 3 Pilih hiji opsi.
-  Lamun anjeun salah milih basa terus teu bisa maca teks menu, teang terus ketok ikon **Setelan** . Teras pilih entri salain , tur pilih entri kahiji nu aya dina menu nu saenggeusna. Anjeun terus bisa milih basa nu dipikahayang.


Modeu pesawat


Dina mode pesawat, jaringan telepon sareng panarima transmisi radio Anjeun dipareuman pikeun nyegah gangguan ka alat nu sensitip. Tapina, Anjeun masih bisa ngulinkeun kaulinan, ngadengekeun musik, nonton video sareng eusi nu sejenna, salami

sakabeh eusi ieu disimpen dina kartu memori atawa panyimpenan internal Anjeun. Anjeun oge bisa diingetkeun ku alarm, upami alarm diaktipkeun.

- 💡 Ngaktipkeun mode Pesawat ngurangan pamakean batre.

Ngaktipkeun modeu Pesawat

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Lainna....**
- 3 Cirian kotak centang **Modeu pesawat**.


- 💡 Anjeun oge bisa milih **Modeu pesawat** ti menu **Opsi telepon**. pikeun ngakses menu **Opsi telepon**, pencet jeung tahan tombol On/OFF .

Memori

Anjeun bisa nyimpen eusi di kartu memori sarta di memori telepon. Musik, klip video sarta poto disimpen di kartu memori samentara aplikasi, kontak sarta talatah disimpen di memori telepon.

- ! Anjeun bisa mindahkeun sababaraha aplikasi ti memori telepon ka kartu memori.

Mindahkeun aplikasi ka kartu memori

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Aplikasi**.
- 3 Ketok aplikasi nu dipikahayang.
- 4 Ketok **Pindahkeun ka kartu SD**.

- ! Mindahkeun sababaraha aplikasi ti memori telepon ka kartu memori teu mungkin dilampahkeun.

Kartu mémori

- ! anjeun kedah tiasa mésér misah hiji kartu mémori.

Télépon anjeun ngadukung kartu mémori microSD™, nu dianggo kana eusi media. Jinis kartu ieu ogé tiasa dianggo sabagai kartu mémori portabel sareng alat nu leres.

- ! Tanpa kartu mémori anjeun teu tiasa nganggo kaméra, sareng teu tiasa muter atanapi ngundeur payil tembang sareng video.

Nyabut kartu memori ku cara aman

Anjeun bisa nyabut kartu memori ku cara aman tina telepon Anjeun iraha wae sawaktos telepon dipareuman. Upami Anjeun hoyong nyabut kartu memori sawaktos telepon keur hurung, Anjeun kudu ngaleupaskeun kartu memori eta saencan Anjeun nyabutkeunana tina telepon. Cara ieu bisa nyegah karuksakan kartu memori atawa kaleungitan data nu disimpen di kartu memori eta.

Ngalepaskeun kartu memori

- 1 Ti Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Panyimpenan > Coplokkeun kartu SD**.

Pormat kartu memori

Anjeun bisa pormat kartu memori dina telepon Anjeun, contona, pikeun ngosongkeun memori. Ieu hartina Anjeun mupus kabeh data dina kartu eta.

- ! Sakabeh eusi dina kartu memori kapupus sawaktos Anjeun pormat kartu eta. Pastikeun Anjeun nyieun cadangan sadaya nu Anjeun hoyong simpen samemeh pormat kartu memori. Pikeun nyieun cadangan eusi Anjeun, Anjeun bisa niron data eta ka komputer Anjeun. Kanggo inpo nu leuwih seueur, tingal bab *Nyambungkeun telepon Anjeun ka komputer* di kaca 117.

Ngapormat kartu memori

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan** > **Panyimpenan** > **Coplokkeun kartu SD**.
- 3 Saenggeus nyabut kartu memori, ketok **Pupus kartu SD**.

Handsfree stéréo portabel



Nganggo sahiji handsfree

- 1 Sambungkeun sahiji handsfree portabel.
 - 2 Kanggo ngajawab hiji sauran, pencét tombol sauran. Upami anjeun keur ngadangukeun tembang, éta bakal eureun mun anjeun nampi sauran teras mulai deui mun sauran tos réngsé.
 - 3 Kanggo ngeureunkeun sauran, pencét tombol sauran.
- ! Upami sahiji handsfree portabel teu kaasup dina télépon, anjeun kedah mésér nyalira.

Setélan Internet sareng olahtalatah

Pikeun ngirim talatah téks sareng multimedia kanggo ngaksés Internét, Anjeun kedah gaduh sambungan data mobile 2G/3G sareng setélan nu leres. Aya sababaraha cara pikeun nyandak ieu setélan:

- Kanggo sabagéan ageung jaringan sareng operator télépon sélulér, setélan Internét sareng olahtalatah tos dipasang sateuacana dina télépon. Saatosna Anjeun tiasa langsung nganggo Internét sareng ngirim talatah.
- Dina sababaraha kasus Anjeun bakal nampi opsi pikeun ngundeur setélan Internét sareng olahtalatah pas Anjeun munggaran muka télépon. Ieu setélan ogé tiasa diundeur iraha waé di ménu **Setelan**.
- Anjeun ogé tiasa iraha waé nambah sareng ngarobih setélan Internét sareng jaringan ku cara manual di télépon. Taros ka operator jaringan pikeun nampi inpo nu langkung lengkep ihwal setélan Internét sareng olahtalatah.

Ngundeur setélan Internet jeung olahtalatah





- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang tur ketok **Setelan** > **Xperia™** > **Setelan internet**.

Nempo Access Point Name (APN) nu ayeuna

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan** > **Lainna...** > **Jaringan mobile**.
- 3 Ketok **Ngaran Titik Akses**.

- ! Lamun anjeun boga sababaraha sambungan nu sadia, sambungan jaringan aktip bakal ditempatkeun ku kenop nu dicirian di belah katuhu.

Ngonpigurasikeun setelan APN ku cara manual

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
 - 2 Teang terus ketok **Setelan** > **Lainna...** > **Jaringan mobile** > **Ngaran Titik Akses**.
 - 3 Pencet .
 - 4 Ketok **APN anyar**.
 - 5 Ketok **Nami** terus asupkeun ngaran propil jaringan nu hayang dijieun ku anjeun.
 - 6 Ketok **APN** terus asupkeun ngaran titik akses.
 - 7 Asupkeun sadaya inpo nu sejen nu diperlukeun ku operator jaringan anjeun.
 - 8 Pencet  terus ketok **Simpen** .
- ! Kontak operator jaringan anjeun pikeun nempo inpo nu leuwih lengkep dina setelan jaringan anjeun.

Ngareset setelan Internet standar

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Ketok **Setelan** > **Lainna...** > **Jaringan mobile** > **Ngaran Titik Akses**.
- 3 Pencet .
- 4 Ketok **Reset ka asalna**.

Inpo pamakean


Kanggo maksud kualitas, Sony Ericsson ngumpulkeun laporan gangguan tanpa ngaran sareng statistik nu berhubungan sareng pamakean telepon Anjeun. Tina inpo nu dikumpulkeun eta taya nu nyebutkeun data pribadi. Dina standarna, pilihan ngirim inpo pamakean ieu teu diaktipkeun. Tapi Anjeun bisa milih pikeun ngaktipkeunana upami Anjeun hoyong.

Ngirim inpo pamakean

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan** > **Xperia™** > **Inpo anggoan**.
- 3 Cirian kotak centang **Kirin inpo pamakean**.

Mareuma lalu lintas data

Anjeun bisa nga-nonaktipkeun sakabeh koneksi data dina jaringan 2G/3G sareng telepon anjeun pikeun nyegah ti ngundeur jeung nyinkronkeun data nu teu dihayongkeun. Taros operator jaringan Anjeun lamun Anjeun peryogi inpo nu langkung lengkep ihwal paket ngalangan sareng béa lalu lintas data.

-  Sawaktos lalu lintas data dipareuman, anjeun masih bisa make koneksi Wi-Fi™ jeung Bluetooth™. Anjeun oge bisa ngirim jeung nampa talatah multimedia.

Mareuman kabéh lalu lintas data

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan** > **Lainna...** > **Jaringan mobile**.
- 3 Pupus kotak centang **Data diaktipkeun**.

Roaming data

Tergantung ka operator jaringan Anjeun, bisa jadi operator eta ngidinan koneksi data mobile liwat 2G/3G diluar jaringan asal anjeun (roaming). Catet yen bakal aya tagihan transmisi data. Kontak operator jaringan Anjeun kanggo inpo nu leuwih lengkep.

- ! Aplikasi kadang nganggo koneksi internet dina jaringan asal Anjeun tanpa aya bewara heula, contona, sawaktos ngirim parmentaan kanggo milarian jeung nyinkronkeun. Bea tambahan bisa jadi aya kanggo roaming data. Konsultasikeun sareng panyadia ladenan Anjeun.

Ngaktipkeun roaming data

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang tur ketok **Setelan > Lainna... > Jaringan mobile.**
- 3 Cirian kotak centang **Roaming data.**

! Anjeun teu bisa ngaktipkeun roaming data lamun koneksi data geus dinonaktipkeun


Setelan jaringan

Telepon anjeun otomatis pindah-pindah jaringan gumantung ka jaringan nu sadia dina lokasi nu beda-beda. Dina awalna, telepon anjeun ngonpigurasi ka make modeu jaringan telepon nu panggancangna nu sadia pikeun data. Tapi anjeun bisa ngonpigurasi manual telepon anjeun ka make modeu jaringan 2G nu leuwih laun kanggo data, pikeun manjangkeun umur batre anjeun di antara eusian batre. Anjeun oge bisa ngonpigurasi telepon anjeun pikeun ngakses sauntuyan modeu jaringan nu beda-beda sapinuhna, atawa pikeun milampah husus upami nuju roaming.

Milih modeu jaringan


- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Lainna... > Jaringan mobile.**
- 3 Ketok **Modeu jaringan.**
- 4 Pilih modeu jaringan

Milih jaringan nu sejen ku cara manual

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Lainna... > Jaringan mobile > Jaringan operator.**
- 3 Ketok **Modeu teang.**
- 4 Pas jandela mucunghul, ketok **Manual.**
- 5 Pilih jaringan.

! Mun anjeun milih jaringan ku cara manual, telepon anjeun moal neangan jaringan nu sejen, sanajan anjeun kaluar ti jangkauan jaringan nu geus dipilih ku cara manual eta.

Ngaktipkeun pilihan jaringan otomatis




- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang tur ketok **Setelan > Lainna... > Jaringan mobile > Jaringan operator.**
- 3 Ketok **Modeu teang.**
- 4 Ketok **Otomatis.**

Nyauran


Sauran darurat

Télépon anjeun ngadukung nomor darurat internasional, contona 112 atanapi 911. Anjeun tiasa nganggo nomor ieu kanggo ngadamel sauran darurat dina sadaya nagara, nganggo atanapi teu nganggo kartu SIM, upami anjeun aja dina jangkauan sahiji jaringan.

Nelepon darurat

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
 - 2 Teang terus Ketok **Telepon**.
 - 3 Asupkeun nomer darurat terus ketok **Telepon**. Pikeun mupus nomer, ketok .
-  Anjeun bisa nelepon darurat lamun kartu SIM teu diasupkeun atawa telepon kaluar diwatesan.


Ngadamel sauran darurat sabari kartu SIM kakonci

- 1 Toél **Telepon darurat**.
- 2 Asupkeun nomer télépon darurat sareng toél **Telepon**. Kanggo ngahapus hiji nomer, toel .

Cara nelepon

Anjeun bisa nelepon sacara manual ku cara mencet nomer telepon, ku cara ngetok nomer nu disimpen dina daptar kontak Anjeun, atawa ku cara ngetok nomer telepon nu aya nu di panempoan catetan telepon Anjeun.

Basa Anjeun keur nelepon, mikropon utama telepon Anjeun mungsi bareng mikropon nu kadua pikeun neken sora nu bising sareng sora latar tukang.

-  Ulah tutupan mikropon nu kadua basa Anjeun keur nelepon.


Nelepon ku cara mencet

- 1 Ti Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Telepon**.
- 3 Asupkeun nomer panarima tur ketok **Telepon**. Pikeun mupus nomer, ketok .

Pikeun mungkas panggero



- Toél .

Nelepon internasional

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Telepon**.
- 3 Rampa terus tahan 0 nepi ka tanda “+” ditempokeun.
- 4 Asupkeun kode nagara, kode wewengkon (teu make 0 di mimitina) jeung nomer telepon, terus ketok **Telepon**.

Nembalan telepon



- Sered  ka katuhu layar.
-  Lamun anjeun make headphone biasa tanpa mikropon, anjeun kudu ngaleupaskeun headphone ti konektor headset mun rek bisa nembal telepon.

Nolak hiji sauran

- Séréd  ka kenca nyilangan layar.

Ngarobih polumeu speaker dina sauran

- Pencét tombol polumeu kaluhur atanapi kahandap.

Ngahurungkeun speaker dina sauran

- Toél .

Ngajempékeun mikropon salami hiji sauran

- Toél .

Pikeun ngaktipkeun layar salami keur nelepon

- Pencet .

Pikeun ngasupkeun angka salila nélpon

- 1 Salila nélpon, toél . Papan kenop mencunghul.
- 2 Asupkeun nomér.


Sahiji sauran anu asup

- Sawaktos anjeun nampa telepon, pencet kenop polumeu.



Telepon nu panganyarna

Dina log telepon, Anjeun bisa nempo telepon panganyarna nu lasut , nu katampa  sareng nu diputer .

Nempo telepon lasut

- 1 Pas anjeun boga telepon lasut,  ditembongkeun dina bar status. Serep baris status ka handap.
- 2 Ketok **Telepon lasut**.

Pikeun nelepon nomer ti daptar telepon kumplit Anjeun

- 1 Ti Layar Utama Anjeun, ketok .
 - 2 Teang tur ketok **Telepon**.Daptar telepon kumplit Anjeun nembongan di bagean luhur layar.
 - 3 Pikeun nelepon hiji nomer sacara langsung, ketok nomer eta. Jang ngedit eta nomer samemeh nelepon, rampa terus tahan nomer, terus ketok **Edit no samemeh nelepon**.
- ! Anjeun oge bisa nelepon hiji nomer ku cara ngetok  > **Balik nelepon**.


Pikeun nambah nomor ti daptar telepon kumplit kontak Anjeun

- 1 Ti Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Teang tur ketok **Telepon**.Daptar telepon kumplit Anjeun nembongan di bagean luhur layar.
- 3 Toel sarta tahan nomer eta, teras ketok **Tambahkeun ka Kontak**.
- 4 Ketok kontak nu dipikahayang, atawa ketok **Damel kontak anyar**.
- 5 Edit wincik kontak sarta ketok **Rengse**.


Suratsora

Upami langganan anjeun kaasup oge laden suratsora, nu nelepon bisa ninggalkeun pesan ka anjeun basa anjeun teu bisa ngajawab. Nomer laden suratsora anjeun biasana disimpen dina kartu SIM anjeun. Upami henteu, anjeun bisa meunangkeun nomer eta ti propaider laden terus nuliskeunana sacara manual.

Jang nuliskeun nomer suratsora

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Setelan nelepon > Setelan suratsora > Nomer suratsora.**
- 3 Tuliskeun nomer suratsora Anjeun.
- 4 Ketok **OKEH.**

Pikeun nelepon ladenan talatah sora Anjeun

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Telepon.**
- 3 Rampa jeung tahan **1.**

Sauran nu langkung ti hiji

Upami anjeun parantos ngaktipkeun sauran antosan, anjeun tiasa ngadamel langkung ti hiji sauran dina waktos anu sareng. Mun éta diaktipkeun, anjeun bakal diémukan ku sahiji sora bip upami anjeun nampi sahiji sauran .

Ngaktipkeun atanapi mareuman sauran tunggu

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Pilari teras ketok **Setelan > Setelan nelepon > Setelan tambahan.**
- 3 Pikeun ngaktipkeun atawa nga-nonaktipkeun telepon dago, ketok **Telepon dago.**

Nampik sauran anu kadua

- Mun anjeun ngadangu bip anu ngulang salami hiji sauran, toél **Sibuk.**



Pikeun ngajawab telepon kadua teras ngarengsekeun sauran nu ayeuna

- Sawaktos Anjeun ngadenge suara bip eta terus-terusan salami keur nelepon, ketok **Tutup telp nu aktif & angkat.**

Ngajawab sauran kadua teras nahan sauran nu ayeuna

- Mun anjeun ngadangu aya bip nu ngulan pas keur aya sauran, toél **Angkat.**

Kanggo ngadamel sauran anu kadua

- 1 Salila keur nelepon, ketok .
- 2 Tuliskeun nomer panarima teras ketok .
- 3 Upami panampi ngajawab, sauran anu kahiji ditahan.

- 💡 Prosedur ieu berlaku kana sauran-sauran nu salajengna.

Gentos antara loba sauran

- Kanggo gentos ka sauran nu lian teras nahan sauran nu ayeuna, toél nomor atanapi kontak nu dipikahoyong.


Kanggo ngeureunkeun sauran nu ayeuna teras lajeng ka sauran salajengna nu ditahan

- Toél .

Sauran konperénsi


Sareng hiji konperénsi atanapi sauran multipartai, anjeun tiasa gaduh hiji paguneman gabungan sareng dua atanapi leuwih jalmi.

Kanggo ngadamel sauran babarengan


- 1 Salila keur nelepon, ketok .
- 2 Puter nomer pamilon kadua anjeun jeung ketok .
- 3 Upami peserta sauran nu kadua ngajawab, tahan sauran nu kahiji.
- 4 Toél .

- 💡 Kanggo nambahan deui peserta sauran, ulang langkah 1 neupikeun 4.


Ngalakonan paguneman pribadi sareng pamilon telepon konprensi.

- 1 Keur telepon konprensi, ketok tombol nu mintonkeun jumlah pamilon. Contona, ketok **3 pamilon** upami aya tilu pamilon nuju nelepon.
- 2 Ketok ngaran pamilon nu hayang diajak ngobrol sacara pribadi ku anjeun.
- 3 Pikeun mungkas paguneman tur balik ka telepon konprensi, ketok .

Nutup telepon pamilon ti telepon konprensi

- 1 Keur telepon konprensi, ketok tombol nu mintonkeun jumlah peserta. Contona, ketok **3 pamilon** upami aya tilu pamilon.
- 2 Ketok  di sabeulah pamilon nu teleponna hayang ditutup ku anjeun.

Pikeun mungkas panggero konférensi

- Salila panggero lumangsung, toél .

Setélan sauran

Watesan telepon

Anjeun bisa ngawatesan kabéh atawa sabaraha kategori telepon asup jeung telepon kaluar. Pas pertama kali anjeun make watesan telepon, anjeun kudu ngasupkeun PUK (Konci Pamuka Pribados) terus kecap akses anyar jang ngaktipkeun pungsi ngablokir telepon.

Nyegah telepon kaluar atawa asup

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang tur ketok **Setelan > Setelan nelepon > Watesan telepon**.
- 3 Pilih hiji opsi.
- 4 Asupkeun kecep akses terus ketok **Aktipk..**

Neraskeun sauran

Anjeun tiasa neraskeun sauran, contona, ka nomor télépon nu lian, atanapi ka layanan ngajawaban.

Neruskeun telepon

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Setelan nelepon > Telepon diteraskeun**.
- 3 Pilih hiji opsi.
- 4 Asupkeun nomer nu rek diteruskeun teleponna, terus ketok **Aktipk..**

Mareuman telepon nu diteruskeun

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Setelan nelepon > Telepon diteraskeun**.
- 3 Pilih hiji opsi, terus ketok **Nonaktp**.

Ningalikeun atanapi nyumputkeun nomor télépon anjeun

Anjeun tiasa milih bade ningalikeun atanapi nyumputkeun nomor télépon anjeun dina alat panarima nu disaur mun anjeun nyauran.


Pikeun mintonkan atawa nyumputkeun nomor telepon Anjeun

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Setelan nelepon > Setelan tambahan > ID nu nelepon**.

Nomor Puter Tetep

Upami Anjeun nampi kodeu PIN2 ti operator jaringan Anjeun, Anjeun tiasa make daptar Nomer Telepon Maneuh (FDN) kanggo ngawatesan telepon kaluar sareng asup.

Pikeun ngaktifkeun atawa nganonaktifkeun telepon maneuh

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang tur ketok **Setelan** > **Setelan nelepon** > **Nomer telepon maneuh**.
- 3 Ketok **Aktipkeun telp maneuh** atawa **Nonaktipkn tlp maneuh**.
- 4 Asupkeun PIN2 terus ketok **OKEH**.

Ngakses daptar panarima telepon nu ditampa

- 1 Ti Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Teang tur ketok **Setelan** > **Setelan nelepon** > **Nomer telepon maneuh** > **Nomer telepon maneuh**.

Kontak

Pake aplikasi Kontak pikeun nyimpen jeung ngatur sadaya nomer Anjeun, alamat surelek sareng data kontak sejenna di hiji tempat. Ngan ketok hiji kontak pikeun nempo sadaya komunikasi sareng kontak eta dini hiji tinjauan gampil.

Anjeun bisa nambah kontak anyar dina telepon Anjeun tur nyingkronkeunana sareng kontak nu disimpen di akun Google™ Anjeun, akun Microsoft® Exchange ActiveSync®, atawa akun sejenna nu ngarajong singkronisasi eta. Aplikasi Kontak sacara otomatis nyieun entri anyar tur oge mantuan Anjeun nyocogkeun data sapertos alamat surelek sareng entri nu tos aya. Anjeun oge bisa ngatur proses ieu ku cara manual. Kanggo inpo nu leuwih lengkep, buka www.sonymobile.com/support.

Nransferkeun kontak ka telepon anyar Anjeun



Aya sababaraha cara pikeun nransferkeun kontak ka telepon anyar Anjeun. Pilih hiji metodeu transpar nu pangsaena cocog ka situasi Anjeun.

Nransferkeun kontak make PC

Anjeun bisa make PC pikeun nransfer kontak ti sababara merek telepon, kaasup iPhone, Samsung, HTC jeung Nokia.

Anjeun butuh:

- PC nu make Windows® nu disambungkeun ka Internet
- Kabel USB kanggo telepon lami Anjeun
- Kabel USB kanggo telepon Android™ Anjeun
- Telepon lami Anjeun
- Telepon Android™ anyar Anjeun

! Upami Anjeun teu gaduh akses ka sadaya item nu didaptarkeun di luhur, buka www.sonymobile.com/support/contacts pikeun manggihan cara sejenna pikeun nransfer ka kontak Anjeun.

Make program PC Companion pikeun nransferkeun kontak

Upami Anjeun keur nransferkeun kontak nganggo PC, pake program PC Companion. Ieu program haratis, jeung payil pamasangan tos disimpen dina telepon anyar Anjeun. PC Companion oge nawiskeun rangkeian fitur sejenna, kaasup oge pitulung pikeun apdet sofwer telepon Anjeun.

Pikeun masang PC Companion

- 1 **Telepon anyar:** Aktipkeun telepon Android™ Anjeun tur sambungkeun ka PC nganggo kabel USB.
- 2 **Telepon anyar:** Ketok **Pasang** pikeun masang PC Companion ka PC Anjeun.
- 3 **Komputer:** Upami jandela sembul nembongan, pilih *Run Startme.exe*. Dina jandela sembul anyar nu nembongan, klik *Install* pikeun mimiti instalasi tur teras turutan instruksi kanggo ngarengsekeun pamasangan eta.

Pikeun nransfer kontak ka telepon Anjeun nganggo PC Companion

- 1 Pastikeun PC Companion dipasangkeun ka PC Anjeun.
- 2 Buka program PC Companion dina PC, teras klik *Contacts Setup* tur turutan instruksi pikeun nransfer kontrak Anjeun.





Nransferkeun kontak nganggo komputer Apple® Mac®

Kanggo parentah nu wincik tentang kumaha carana pikeun make komputer Apple Mac pikeun nransfer kontak ti telepon Anjeun nu lami, buka www.sonymobile.com/support/contacts.





Nransperkeun kontak nganggo akun singkronisasi

Telepon Anjeun bisa dipake sareng akun singkronisasi online terkenal sapertos Google Sync™, Microsoft® Exchange ActiveSync® atawa Facebook™. Upami Anjeun tos nyingkronkeun kontak dina telepon Anjeun nu lami atau komputer Anjeun nganggo akun online, Anjeun tiasa nransfer kontak Anjeun ka telepon Anjeun ni anyar nu nganggo akun eta. Kanggo inpo nu leuwih wincik tentang singkronisasi, tingal *Nyingkronkeun data di telepon* di kaca 71.




Pikeun nyingkronkeun kontak telepon Anjeun sareng hiji akun sinkronisasi

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok .
- 2 Pencet , teras ketok **Setelan > Akun & singkronisasi**.
- 3 Pikeun nyetel hiji akun singkronisasi, ketok **Tambahkeun akun** tur turutan parentah dina-layar. Upami Anjeun tos nyetel hiji akun singkronisasi tur Anjeun hoyong nyingkronkeun sareng akun eta, ketok akun eta, pencet , tur ketok **Singkronkeun ayeuna**.

Pikeun ngimpor kontak tina kartu SIM

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok .
- 2 Pencet , teras ketok **Impor kontak > Kartu SIM**.
- 3 Upami Anjeun tos nyetel hiji akun sinkronisasi, Anjeun bisa milih pikeun nambahkeun kontak kartu SIM dina akun eta. Atawa Anjeun bisa milih ngan make kontak ieu di telepon. Pilih pilihan nu Anjeun hoyongkeun.
- 4 Pikeun ngimpor kontak individual, panggihan tur ketok kontak. Pikeun ngimpor sakabeh kontak, pencet , terus ketok **Impor kabeh**.

Pikeun ngimpor kontak tina kartu memori

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok .
- 2 Pencet , teras ketok **Impor kontak > Kartu SD**.
- 3 Upami Anjeun tos nyetel hiji akun singkronisasi, Anjeun bisa nambah kontak nu diimpor ti kartu memori dina akun eta. Atawa Anjeun bisa milih ngan make kontak nu diimpor di telepon. Pilih pilihan nu Anjeun hoyongkeun.
- 4 Upami Anjeun gaduh leuwih ti hiji payel vCard dina kartu SD, hiji daftar nembongan mintonkeun bets kontak telepon nu beda-beda, sareng kaping vCard eta dijieun. Pilih bets nu Anjeun hoyong impor.


Pikeun nampa data kontak nu dikirim nganggo teknologi Bluetooth™

- 1 Pastikeun Anjeun tos ngahurungkeun pungsi Bluetooth™ tur telepon Anjeun tos disetel ka bisa ditingali. Upami heunteu, Anjeun teu bisa nampa data tina alat nu sejen.
- 2 Sawaktos Anjeun dipenta pikeun ngonfirmasikeun yen Anjeun hoyong nampa payel eta, ketok **Tampa**.
- 3 Séred panel Bewara ka handap tur ketok payel nu Anjeun tanpa pikeun ngimpor data kontak.

Pikeun nampa kontak nu dikirim nganggo ladean olahtalatah

- 1 Sawaktos Anjeun nampa hiji talatah teks anyar, talatah multimedia, atawa talatah surelek, buka talatah eta.
- 2 Data kontak nu ditampa eta nembongan jadi gagantel vCard. Ketok, atawa toél jeung tahan payel vCard eta pikeun muka hiji menu jadi Anjeun bisa nyimpen data kontak eta.

Kontak tinjauan layar



- 1 Ketok ikon ieu pikeun nyieun hiji kontak
- 2 Widang teang kontak
- 3 Ketok hiji kontak pikeun nempo wincikna
- 4 Ikon mintonkeun status kontak dina ladean talatah instan
- 5 Ketok hiji gambar leutik kontak pikeun ngakses menu kontak gancang
- 6 Tab potong kompas



Ngatur kontak Anjeun

Anjeun bisa nyieun, ngedit jeung nyingkronkeun kontak Anjeun dina sababaraha langkah mudah. Anjeun bisa milih kontak nu disimpen di akun nu beda-beda tur ngatur kumaha Anjeun bade nampilkeunana dina telepon.




Upami anjeun nyinkronkeun kontak anjeun sareng leuwih ti hiji akun, anjeun bisa ngamiluankeun kontak-kontak dina telepon anjeun pikeun nyegah duplikat.

- ! Sababaraha ladean singkronisasi, contona, sababaraha ladean jaringan sosial, teu ngidinan Anjeun pikeun ngedit wincik kontak.





Pikeun nempo kontak Anjeun

- Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok . Kontak Anjeun didaptarkeun di dieu.



Milih kontak nu rek dipintonkeun di aplikasi Kontak

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus ketok .
- 2 Pencet , terus ketok **Saring**.
- 3 Dina daptar nu ditembongkeun, cirian terus pupus cirian opsi nu dipikahayang. Mun anjeun geus nyingkronkeun kontak anjeun ka akun singkronisasi, akun eta ditembongkeun dina daptar. Anjeun bisa ngetok akun eta jang meberkeun daptar opsi. Mun geus rengse, ketok **OKE**.





Nambahkeun kontak

- 1 Ti Layar Utama, anjeun ketok , terus ketok .
 - 2 Ketok .
 - 3 Upami Anjeun tos nyingkronkeun kontak Anjeun sareng salah sahiji atawa leuwih akun, pilih akun nu Anjeun hoyong tambahkeun ka kontak ieu, atawa **Kontak telepon** upama Anjeun hoyong make kontak ieu dina telepon Anjeun.
 - 4 Tulis atawa pilih inpo nu dipikahoyong kanggo kontak eta.
 - 5 Upami anjeun geus rengse, ketok **Rengse**.
-  Upami Anjeun nambahkeun hiji tanda tambah jeung kodeu nagara saengan nomer telepon kontak, Anjeun bisa make nomer eta sawaktos Anjeun nelepon ti nagara sejen.



Ngedit kontak

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus ketok .
- 2 Rampa terus tahan kontak nu rek diedit, terus ketok **Edit kontak**.
- 3 Edit inpo anu dimaksud. Upami anjeun geus rengse, ketok **Rengse**.




Pikeun ngahubungkeun hiji gambar sareng hiji kontak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
 - 2 Toél jeung tahan kontak nu Anjeun hoyong edit, terus ketok **Edit kontak**.
 - 3 Ketok  jeung pilih metodeu nu dipikahoyong kanggo nambahkeun gambar kontak.
 - 4 Sawaktos Anjeun tos nambahkeun gambar, ketok **Rengse**.
-  Anjeun oge bisa nambahkeun gambar ka hiji kontak langsung tina aplikasi Galeri Xperia™.



Pikeun nempo komunikasi Anjeun sareng hiji kontak

- 1 Tina Layar Utama, ketok , terus ketok .
- 2 Ketok kontak nu Anjeun hoyong tempo.
- 3 Pikeun nempo komunikasi Anjeun sareng kontak ti media nu beda-beda, ketok atawa sintreuk tina item ayak nu aya di bagean handap layar.

Mupus kontak

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus ketok .
- 2 Pencet , terus ketok **Pupus kontak**.
- 3 Cirian kontak nu rek dipupus, atawa ketok **Cirian kabeh** mun Anjeun hayang mupus kabeh kontak.
- 4 Ketok **Pupuskeun > OKE**.



Ngedit inpo kontak diri Anjeun

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus ketok .
- 2 Rampa terus tahan **Simkuring** nu aya di luhur daptar kontak, terus ketok **Edit kontak**.
- 3 Tulis inpo nu anyar atawa jieu perobahan nu dipikahayang.
- 4 Mun geus rengse, ketok **Rengse**.



Ngahindarkeun panulisan ganda dina aplikasi Kontak

Upami Anjeun nyingkronkeun kontak Anjeun sareng hiji akun anyar atawa ngimpor inpo kontak ku cara nu sejen, Anjeun bisa jadi gaduh panulisan ganda dina aplikasi Kontak. Upami ieu kajadian, Anjeun bisa ngagabungkeun inpo nu dobel ieu ku cara nyieun entri tunggal. Tur upami Anjeun salah ngagabungkeun entri, Anjeun bisa misahkeun deui entri eta engkena.

Pikeun ngaitkeun kontak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok .
- 2 Toel jeung tahan kontak nu Anjeun hoyong kaitkeun sareng kontak nu sejenna, terus ketok **Kaitkeun kontak**.
- 3 Tina daptar nu nembongan, ketok kontak nu inpona hoyong Anjeun miluankeun sareng kontak nu pertama, teras ketok **OKEH** pikeun mastikeun. Inpo ti kontak kahiji dihijikeun sareng kontak kadua, tur kontak kahiji moal dipintonkeun deui dina daptar Kontak.




Pikeun misahkeun kontak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok .
- 2 Toel jeung tahan kontak nu dikaitkeun nu Anjeun hoyong edit, terus ketok **Edit kontak**.
- 3 Ketok **Pegatk'n kaitan ktk**.
- 4 Ketok **OKEH**.

Paporit



Anjeun bisa nyirian kontak jadi paporit kanggo asup nu gancang ti aplikasi Kontak

Pikeun nyirian atawa teu nyirian hiji kontak janten paporit

- 1 Tina Layar Utama, ketok , terus ketok .
- 2 Toel kontak nu Anjeun hayang tambah atawa cabut tina paporit Anjeun.
- 3 Ketok .

Komunikasi sareng kontak anjeun

Neangan hiji kontak

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus ketok .
- 2 Tulis sababaraha abjad awal tina ngaran kontak eta di widang **Teang**. Kabeh kontak nu dimimitian ku abjad eta ditembongkeun.

Menu kontak gancang

Ketok hiji gambar leutik kontak pikeun nempo pilihan komunikasi gancang kanggo kontak nu umum. Pilihan kaasup oge nelepon kontak, ngirim talatah teks atawa multimedia, jeung ngamimitian chat nganggo aplikasi Google Talk™.




- ! Kanggo aplikasi bisa nembongan jadi pilihan dina menu kontak gancang, Anjeun kudu ngeset aplikasi eta dina telepon Anjeun tur asup ka aplikasi eta. Contona, Anjeun kudu mimitian aplikasi Gmail™ tur nulis wincik asup Anjeun saencan Anjeun bisa make Gmail™ tina menu kontak gancang.

Ngabagikeun kontak anjeun




Pikeun ngirim kartu bisnis Anjeun

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok .
- 2 Ketok **Simkuring**.
- 3 Pencet , teras ketok **Kirim kontak > OKE**.
- 4 Pilih sahiji metodeu transfer nu sadia tur turutan panduan nu aya dina-layar.

Ngirim hiji kontak

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus ketok .
- 2 Ketok kontak nu wincikna rek dikirim.
- 3 Pencet , terus ketok **Kirim kontak > OKE**.
- 4 Pilih hiji metodeu transper nu sadia terus turutan parentah dina layar.

Ngirim sababaraha kontak sakaligus

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus ketok .
- 2 Pencet , terus ketok **Kirim kontak**.
- 3 Cirian kontak nu rek dikirimkeun, atawa pilih kabeh mun anjeun re ngirim kabeh kontak.
- 4 Ketok **Kirim**, teras ketok **OKE** pikeun mastikeun.
- 5 Pilih hiji metodeu transfer nu sadia terus turutan parentah dina layar.




Nyadangkeun kontak

Anjeun bisa make kartu memori, kartu SIM atawa singkronisasi online sejen kawas Microsoft® Exchange ActiveSync® jang nyieun cadangan kontak.

Ngekspor kabeh kontak ka kartu memori

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus ketok .
- 2 Pencet , terus ketok **Cadangk'n kontk > Kartu SD**.
- 3 Ketok **OKE**.

Pikeun ngekspor kontak ka kartu SIM

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok .
 - 2 Pencet , teras ketok **Cadangk'n kontk > Kartu SIM**.
 - 3 Cirian kontak nu Anjeun hoyong ekspor, atawa ketok **Cirian kabeh** upami Anjeun hoyong ngekspor sadaya kontak.
 - 4 Ketok **Jieun cadangan**.
 - 5 Pilih **Tambahkeun kontak** upami Anjeun hoyong nambah kontak ka kontak nu tos aya dina kartu SIM Anjeun, atawa pilih **Gentos sadaya kontak** upami Anjeun hoyong ngaganti kontak nu tos aya dina kartu SIM Anjeun.
- ! Sawaktos Anjeun ngekspor kontak ka hiji kartu SIM, teu sakabeh inpo bisa diekspor. Ieu disababkeun ku pangwatesan memori dina kartu SIM.






Talatahan

Nganggo olahtalatah teks sareng multimedia




Anjeun bisa ngirim sareng nampa talatah teks di telepon nganggo SMS (Ladenan Talatah Pondok). Upami langganan Anjeun kaasup MMS (Ladenan Olahtalatah Multimedia), Anjeun oge bisa ngirim sareng nampa talatah nu ngamuat payel media, contona, gambar sareng video. Jumlah karakter nu Anjeun bisa kirim dina hiji talatah teks tunggal beda-beda tergantung kana operator jeung basa nu Anjeun pake. Upami Anjeun ngaleuwihan wates karakter, teras sadaya talatah tunggal Anjeun dikaitkeun tur dikirim babarengan jadi hiji talatah. Anjeun dibebankeun bea kango unggal talatah teks tunggal nu Anjeun kirim. Sawaktos Anjeun nempo talatah Anjeun, talatahna nembongan jadi paguneman, nu hartina kabeh talatah ka sareng tina jalma nu husus eta dikelompokkeun kabeh.

- ! Pikeun ngirim talatah multimedia, Anjeun kudu ngabenerkeun setelan MMS dina telepon Anjeun. Tingal *Setélan Internet sareng olahtalatah* di kaca 34.


Nyieun sarta ngirim talatah

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus teang jeung ketok .
 - 2 Ketok **Talatah anyar**.
 - 3 Jang nambah panarima, ketok **Tambah panampi**, terus teang jeung tandaan kotak centang di sabeulah ngaran panarima. Jang nambahkeun leuwih ti hiji panarima, cirian kotak centang panarima nu dipikahayang. Anjeun oge bisa ngasupkeun nomer lengkep di widang teangan ku cara manual, terus ketok **Tambah**.
 - 4 Mun geus rengse nambahkeun panarima, ketok **Rengse**.
 - 5 Ketok **Tulis talatah** sarta asupkeun teks talatah anjeun.
 - 6 Upami anjeun hayang nambahkeun payil media, ketok  terus pilih hiji opsi.
 - 7 Upami anjeun hayang nambah atawa mupus panarima samemeh ngirim talatah, pencet . Pikeun nambah panarima, ketok **Tambah panampi**. Pikeun mupus panarima, ketok **Edit nu nampa** terus ketok  nu aya di gigir widang panarima. Mun geus rengse, ketok **Rengse**.
 - 8 Jang ngirim talatah, ketok **Kirim**.
- 💡 Mun anjeun kaluar ti talatah samemeh ngirim, talatah eta bakal disimpen jadi konsep. Paguneman eta dibere tag ku kecap **Konsep**: .


Pikeun maca hiji talatah anu ditampa

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras panggihan tur ketok .
 - 2 Ketok paguneman nu dipikahoyong.
 - 3 Upami talatah teu acan diundeur, ketok jeung tahan talatah eta, teras ketok **Undeur talatah**.
- 💡 Sawaktos Anjeun nampa hiji talatah teks atawa talatah multimedia,  nembongan di bar status. Pikeun maca talatah eta, anjeun oge bisa nyéred palang status ka handap sareng ngetok talatah anu ditampa eta sawaktos palang status muka.


Pikeun ngawalon hiji talatah

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok **Talatahan**.
- 2 Ketok paguneman nu dipikahoyong.
- 3 Tuliskeun walonan Anjeun tur ketok **Kirim**.


Pikeun neraskeun hiji talatah

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok **Talatahan**.
- 2 Ketok paguneman nu dipikahoyong.
- 3 Toél jeung tahan talatah nu Anjeun hoyong teruskeun, teras ketok **Oper talatah**.
- 4 Pilih hiji panarima tina daptar, atawa ketok **Tambah panampi** pikeun nambahkeun hiji panarima nu teu aya dina daptar.
- 5 Edit talatah tur ketok **Kirim**.




Pikeun mupus hiji talatah

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok **Talatahan**.
- 2 Ketok paguneman nu dipikahoyong.
- 3 Toél jeung tahan talatah nu Anjeun hoyong pupus, teras ketok **Hupus talatah > Sumuhun**.



Pikeun mupus paguneman

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok **Talatahan**.
- 2 Pencet , teras ketok **Pupus sababaraha**.
- 3 Cirian kotak centang kanggo paguneman nu Anjeun hoyong pupus, teras ketok **Pupus**.


Pikeun nyimpen nomer nu ngirim ka kontak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok **Talatahan**.
- 2 Ketok hiji paguneman.
- 3 Ketok nomer nu ngirim nu aya di luhur layar.
- 4 Ketok .
- 5 Pilih kontak nu tos aya, atawa ketok  upami Anjeun hoyong nyieun kontak anyar.
- 6 Edit inpo kontak tur ketok **Rengse**.

Nelepon pangirim talatah



- 1 Ti Layar Utama anjeun, ketok , teras ketok **Talatahan**.
- 2 Ketok hiji paguneman.
- 3 Ketok ngaran panarima atawa nomer di luhur layar.
- 4 Upami panarima geus disimpen di kontak anjeun, ketok nomer telepon nu hayang ditelepon ku anjeun. Upami anjeun teu acan nyimpen panarima di kontak anjeun, ketok .

Pikeun nyimpen hiji payel nu ngandung talatah nu Anjeun tanpa




- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok **Talatahan**.
- 2 Ketok paguneman nu dipikahoyong.
- 3 Upami talatah eta teu acan diundeur, ketok jeung tahan talatah eta, terus ketok **Undeur talatah**.
- 4 Toél jeung tahan payel nu Anjeun hoyong simpen, teras pilih pilihan nu dipikahoyong.

Pilihan teks sareng talatah multimedia

Pikeun ngarobah setelan béwara kanggo talatah

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok **Talatahan**.
- 2 Pencet , teras ketok **Setelan**.
- 3 Upami hoyong, ketok **Nada notifikasi** tur pilih sora bewara.
- 4 Upami hoyong, ketok **Geter notifikasi** tur cirian kotak centang pikeun ngaktipkeun.

Pikeun Ngarobah setelan laporan pangiriman kanggo talatah kaluar

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok **Talatahan**.
 - 2 Pencet , teras ketok **Setelan**.
 - 3 Ketok **Laporan pangiriman** pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun laporan pangiriman.
- ! Sawaktos hiji talatah tos dikirimkeun ka panarima,  nembongan dina talatah.

Pikeun nempo talatah nu disimpen dina kartu SIM



- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok **Talatahan**.
- 2 Pencet , teras ketok **Setelan > Talatah SIM**.

Surelek

Pake aplikasi Surelek dina telepon Anjeun pikeun ngirim sareng nampa surelek ti akun surelek Anjeun nu biasa atawa tina akun perusahaan Anjeun. Atawa Anjeun bisa ngalakukeun duanana. Telepon Anjeun bisa meunangkeun sababaraha akun surelek di waktos nu babarengan. Anjeun bisa nyetel akun-akun ieu dina hiji koropak nu digabungkeun, atawa tina koropak-koropak nu beda. Catet yen surelek nu Anjeun tampa ka akun Gmail™ Anjeun bisa diakses di telepon tina Surelek sareng aplikasi Gmail™.










- 💡 Microsoft® Outlook® talatah surelek Anjeun kudu disimpen dina pangladen Microsoft® Exchange supados fungsionalitas nu disebutkeun di luhur bisa berpungsi. Tingal *Nyingkronkeun surelek, almenak sareng kontak perusahaan Anjeun* di kaca 72 kanggo inpo nu leuwih lengkep.

Nyetel hiji akun surelek dina telepon anjeun







- 1 Ti Layar Utama, ketok .
 - 2 Teang terus ketok .
 - 3 Tulis alamat surelek jeung kecap akses anjeun, terus ketok **Salajengna**.
 - 4 Mun setelan kanggo akun surelek teu bisa diundeur ku cara otomatis, teruskeun setelan ku cara manual. Lamun perlu tanya panyadia ladenan surelek jang nampa setelan nu leuwih lengkep. Jang setelan surelek perusahaan di telepon, pilih **Exchange** sabage jinis akun.
 - 5 Lamun ditanya, asupkeun ngaran akun surelek, meh bisa gampang diidentipikasi. Ngaran nu sarua ditempokeun di surelek nu dikirim ti akun ieu. Mun geus rengse, ketok **Salajengna**.
- 💡 Anjeun bisa nyetel leuwih ti hiji akun surelek. Tempo *Nambahkeun hiji akun surelek tambahan di telepon* di kaca 53.

Nganggo surélék




Nyieun terus ngirim talatah surelek

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus teang jeung ketok . Koropak akun surelek standar ditembongkeun. Lamun anjeun rek ngecek akun surelek nu sejen nu geus disetel di telepon, ketok baris nu ngandung , terus pilih akun nu rek dipake ngirim talatah.
- 2 Ketok .
- 3 Ketok **Kanggo** terus mimitian ngetik alamat surelek panarima. Kecap nu cocog dipintonkeun dina daptar dinamis. Ketok kecap nu cocog atawa teruskeun ngetik alamat surelek nu lengkep. Jang nambah panarima nu sejen, asupkeun koma (,) atawa titik koma (;) terus mimitian ngasupkeun ngaran sejen. Jang mupus panarima, ketok .
- 4 Jang milih alamat surelek nu disimpen di kontak, ketok , terus teang jeung tandaan kotak centang di sabeulah widang panarima. Jang nambahkeun leuwih ti hiji panarima, cirian kotak centang panarima nu dipikahayang. Mun geus rengse, ketok **Rengse**.
- 5 Ketok widang subjek terus asupkeun subjek surelek.
- 6 Jang ngagantelkeun payil, pencet , terus ketok **Gantelkeun payil**. Pilih jinis payil nu rek digantelkeun, terus ketok payel nu rek digantelkeun tina daptar payil nu ditembongkeun.
- 7 Ketok widang teks eusi terus asupkeun teks talatah anjeun.
- 8 Jang nambahkeun widang Cc/Bcc, pencet , terus ketok **+ Cc/Bcc**.
- 9 Jang ngirim surelek, ketok .





Nampa talatah surelek

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
 - 2 Teang terus ketok . Koropak akun surelek standar ditembongkeun.
 - 3 Lamun anjeun rek mariksa akun surelek nu sejen nu geus disetel di telepon, ketok baris nu ngandung , terus pilih akun nu rek dipariksa. Lamun anjeun rek mariksa kabeh akun surelek sakaligus, ketok baris nu ngandung , terus ketok **Pintonan gabungan**.
 - 4 Jang ngundeur talatah anyar, ketok .
-  Lamun anjeun geus nyetel akun surelek perusahaan, anjeun bisa ngecek frekuensi ka **Otomatis (Push)**.




Maca talatah surelek anjeun

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok . Koropak akun surelek standar ditembongkeun. Lamun anjeun rek ngecek akun surelek nu sejen nu geus disetel di telepon, ketok baris nu ngandung , terus pilih akun nu rek dipariksa.
- 3 Dina koropak surelek, gulung ka luhur atawa ka handap sarta ketok surelek nu hayang dibaca ku anjeun.
- 4 Di widang teks eusi, pisahkeun dua ramo, atawa ciwit jang ngagedekeun atawa ngaleutikan.
- 5 Pake panah maju jeung mundur jang maca talatah saenggeusna atawa samemehna.







Nempo gagantel talatah surelek

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok . Koropak akun surelek standar ditembongkeun. Lamun anjeun rek mariksa akun surelek nu sejen nu geus disetel di telepon, ketok baris nu ngandung , terus pilih akun nu rek dipariksa.
- 3 Teang terus ketok talatah nu dipikahayang dina koropak surelek anjeun. Surelek nu aya gagantel diidentifikasi ku .
- 4 Ketok tab gagantel di eusi surelek. Kabeh gagantel ditembongkeun di daptar.
- 5 Ketok **Muat** di handap item gagantel.
- 6 Lamun gagantel diundeur, ketok **Tempo** atawa **Simpen**.






Nyimpén alamat pangirim surelek ka kontak

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok . Koropak akun surelek standar ditembongkeun. Lamun anjeun rek mariksa akun surelek nu sejen nu geus disetel di telepon, ketok baris nu ngandung , terus pilih akun nu rek dipariksa.
- 3 Teang terus ketok talatah nu dipikahayang dina koropak surelek anjeun.
- 4 Ketok ngaran nu ngirim.
- 5 Ketok **OKEH** mun anjeun ditanya jang nambahkeun ngaran ka kontak.
- 6 Pilih kontak nu geus aya, atawa ketok **Damel kontak anyar** mun anjeun hayang nyieun kontak anyar.
- 7 Edit inpo kontak terus ketok **Rengse**.





Ngawalon talatah surelek

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok . Koropak akun surelek standar ditembongkeun. Lamun anjeun rek mariksa akun surelek nu sejen nu geus disetel di telepon, ketok baris nu ngandung , terus pilih akun nu rek dipariksa.
- 3 Teang terus ketok talatah nu rek diwalon, terus ketok .
- 4 Jang ngawalon ka kabeh, ketok , terus ketok **Waler kabeh**.
- 5 Tulis walonan anjeun, terus ketok .





Neruskeun talatah surelek

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok . Koropak akun surelek standar ditembongkeun. Lamun anjeun rek mariksa akun surelek nu sejen nu geus disetel di telepon, ketok baris nu ngandung , terus pilih akun nu rek dipariksa.
- 3 Teang terus ketok talatah nu rek diteruskeun.
- 4 Ketok , terus ketok **Teruskeun**.
- 5 Ketok **Kanggo** jeung tulis alamat panarima.
- 6 Asupkeun teks talatah anjeun, terus ketok .







Mupus talatah surelek

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Ketok . Koropak akun surelek standar ditembongkeun. Lamun anjeun rek mariksa akun surelek nu sejen nu geus disetel di telepon, ketok baris nu ngandung , terus pilih akun nu rek dipariksa.
- 3 Di koropak surelek, cirian kotak centang jang surelek nu rek dipupus, terus ketok .







Neangan surelek

- 1 Ti Layar Utama, ketok . Terus teang jeung ketok . Koropak akun surelek standar ditembongkeun. Lamun anjeun rek mariksa akun surelek nu sejen nu geus disetel di telepon, ketok baris nu ngandung , terus pilih akun nu rek dipariksa.
- 2 Ketok .
- 3 Tuliskeun teks nu diteang, terus ketok kenop teang, atawa ketok kenop konfirmasi di kibor.
- 4 Hasil teangan ditembongkeun di daptar diurutkeun make tanggal. Ketok surelek nu rek dibuka.




Nyirian surelek nu geus dibaca jadi can dibaca

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
 - 2 Teang terus ketok . Koropak akun surelek standar ditembongkeun. Lamun anjeun rek mariksa akun surelek nu sejen nu geus disetel di telepon, ketok baris nu ngandung , terus pilih akun nu rek dipariksa.
 - 3 Cirian kotak centang surelek nu rek dipilih, terus ketok .
-  Jang nandaa surelek nu can dibaca jadi gues dibaca, cirian kotak centang, terus ketok .




Ngabentangan surelek

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
 - 2 Teang terus ketok . Koropak akun surelek standar ditembongkeun. Lamun anjeun rek mariksa akun surelek nu sejen nu geus disetel di telepon, ketok baris nu ngandung , terus pilih akun nu rek dipariksa.
 - 3 Cirian kotak centang jang surelek nu rek dibentangan, terus ketok .
-  Jang mupus bentang di surelek, cirian, terus ketok .





Nempo kabeh surelek nu dibentangan

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus teang jeung ketok .
- 2 Ketok , terus ketok **Dibentangan**. Surelek nu dibentangan ti akun anjeun ditembongkeun di daptar.




Ngatur surelek sakaligus

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus teang jeung ketok . Koropak akun surelek standar ditembongkeun. Lamun anjeun rek mariksa akun surelek nu sejen nu geus disetel di telepon, ketok baris nu ngandung , terus pilih akun nu rek dipariksa.
- 2 Cirian kotak centang surelek nu rek dipilih.
- 3 Mun geus rengse, ketok salah sahiji ikon di baris alat jang, upamana, mindahkeun surelek nu dipilih ka polder sejen.

Nempo kabeh polder di hiji akun surelek




 - 2 ku ngagunakeun kabel USB nu dibarengan ku telepon hidep, sambungkeun telepon kana komputer.
 - 3 Ti Layar Utama, ketok .
 - 4 Teang terus ketok **Setelan > Lainna... > Ranggiti & hotspot portabl.**
 - 5 Cirian kotak centang **Nga-tether USB**. Telepon mimiti ngabagikeun koneksi data jaringan selulerna sareng komputer liwat sambungan USB. Bewara kagiatan nu keur jalan nembongan dina bar status sareng panel Bewara.
 - 6 Buka tetenger kotak centang **Nga-tether USB**, atawa pegatkeun sambungan kabel USB pikeun ngeureunkeun babagi koneksi data anjeun.
- ! hidep teu tiasa ngabagi koneksi data telepon jeung nyimpen data internal nganggo kabel usb dina waktu bareng. Kanggo informasi, tinggali *Nyambungkeun telepon Anjeun ka komputer dina kaca 117*.
- 💡 Anjeun bisa jadi kudu nyiapkeun komputer pikeun nyieun koneksi jaringan liwat kabel USB. buka android.com/tether pikeun neangan informasi nu anyar.

pikeun ngabagi koneksi data telepon ku cara hotspot Wi-Fi® protable

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Lainna... > Ranggiti & hotspot portabl.**
- 3 Ketok **Konfigurasi hotspot Wi-Fi.**
- 4 Tuliskeun **SSID jaringan** kanggo jaringan. Ketok widang **Kaamanan** pikeun milih jinis kaamanan.
- 5 Lamun dipenta, tuliskeun kecap akses.
- 6 Ketok **Simpen.**
- 7 Cirian kotak centang **Hotspot Wi-Fi portabel**. Telepon anjeun mimiti nyiarkeun ngaran jaringan Wi-Fi® (SSID). Anjeun ayeuna bisa nyambungkeun ka jaringan ieu nepi ka 8 komputer atawa alat-alat nu sejenna.
- 8 Buka tetenger kotak centang **Hotspot Wi-Fi portabel** pas anjeun rek ngeureunkeun babagi koneksi data liwat Wi-Fi®.

Ngaganti ngaran atawa ngamankeun hotspot portabel anjeun


- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Lainna... > Ranggiti & hotspot portabl.**
- 3 Ketok **Konfigurasi hotspot Wi-Fi.**
- 4 Tuliskeun **SSID jaringan** kanggo jaringan.
- 5 pikeun milih jinis kaamanan, toel widang **Kaamanan**.
- 6 Lamun dipenta, tuliskeun kecap akses.
- 7 Ketok **Simpen.**

Jaringan pribadi virtual (VPN)

Pake telepon Anjeun pikeun nyambung ka jaringan pribadi virtual (VPN), nu ngidinan Anjeun pikeun ngakses sarana di hiji jaringan lokal aman ti luar jaringan nu saleresna. Contona, sambungan VPN sering dianggo ku perusahaan tur lembaga pendidikan pikeun sasaha nu perlu ngakses Intranet sareng ladean internal sejenna basa aranjeunna keur aya di luar jaringan internal, contona, basa aranjeunna keur iinditan.

Sambungan VPN bisa disetel ku sababaraha cara, gumantung ka jaringanana. Sababaraha jaringan bakal menta Anjeun nransper tur masang sertipikat aman dina telepon Anjeun. Tingal *Nyambungkeun telepon Anjeun ka komputer* di kaca 117 pikeun milari inpo nu langkung lengkep ihwal kumaha cara nransper eusi ka telepon. Pikeun inpo nu wincik ihwal kumaha cara nyetel hiji koneksi ka jaringan pribadi virtual, mangga kontak administrator jaringan perusahaan atawa organisasi Anjeun.

Nambahkeun jaringan pribadi virtual

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Lainna... > VPN**.
- 3 Ketok **Tambahkeun jaringan VPN**.
- 4 Pilih jinis VPN nu rek ditambahkeun.
- 5 Asupkeun setelan VPN.
- 6 Ketok **Simpen**.

Nyambung ka jaringan pribados virtual

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Lainna... > VPN**.
- 3 Di daptar jaringan nu sadia, ketok VPN nu rek disambungkeun.
- 4 Asupkeun inpo nu dibutuhkeun.
- 5 Ketok **Sambungkeun**.



Megatkeun ti jaringan pribados virtual

- 1 Séréd bar status ka handap.
- 2 Ketok béwara pikeun mareuman konéksi VPN.

Pangotektak web

Pake pangotektak web anjeun jang nempo jeung napigasikeun kaca web, nambah kaca sabage tetenger, jeung nyimpen kaca jang dibaca pas keur offline. Anjeun bisa muka nepi ka 16 jandela dina waktu babarengan tur gampang pipindah di antara jandela. Anjeun oge bisa menta versi desktop kaca web lamun embung nempo versi seluler.

Ngabuka pangotektak web

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok .


Ngotéktak web

Baris teang jeung alamat

Pake beris teang jeung alamat jang ngotektak web.



- 1 Tempo kamajuan undeuran kaca web nu kiwari
- 2 Asupkeun kecap teangan jang kaca web, atawa asupkeun alamat kaca web jang ngamuat kaca web
- 3 Ngabatalkeun undeuran kaca web nu kiwari

 Kadang baris teangan jeung alamat teu ditembongkeun saenggeus kaca web rengse diundeur. Baris ieu ditembongkeun deui lamun anjeun noel ka handap layar.

Kanggo indit ka hiji kaca web


- 1 Ketok widang teks teang jeung alamat pikeun ngaktipkeun keypad.
- 2 Tuliskeun hiji alamat web.
- 3 Toél **Buka**.

Milarian sahiji kaca web

- 1 Ketok widang teks teang jeung alamat pikeun ngaktipkeun keypad.
- 2 Tuliskeun kalimat nu dipilarian.
- 3 Toél **Buka**.

Kaluar ti pangotektak web


- Sabari ngotektak, pencet .

 Lamun anjeun muka pangotektak sakali deui, sanajan saenggeus ngamimitian deui, pangotektak ditembongkeun dina posisi nu sarua samemeh anjeun kaluar. Upamana, jumlah jandela nu keur dibuka bakal dibuka deui.

Napigasi kaca wéb

Milih kakait

- Jang milih hiji kakait di hiji kaca, ketok kakait. Kakait nu dipilih bakal disorot, terus kaca web mimiti ngamuat lamun ramo dileupaskeun.

 Lamun anjeun milih kakati samemeh ramo dileupaskeun, anjeun bisa nyered ramo ti kakait jang ngabatalkeun milih.

Indit ka kaca anu sateuacana sabari kotéktak


- Pencét .

Ngazum gede atawa leutik dina kaca web

Pake salah sahiji metodeu di handap ieu pikeun ngazum gede atawa leutik dina kaca web:

- Ketok dua kali pikeun ngazum gede dina kaca web, atawa ketok dua kali pikeun ngazum leutik.
- Toel area dina kaca ku dua ramo sakaligus terus pisahkeun jang ngagedekeun, atawa deukeutkeun dua ramo jang ngaleutikan.

Kanggo ngamuat deui kaca web nu ayeuna



- Pencet , teras ketok **Segerkeun**.

Nyimpen kaca web jang ditempo di luar jaringan


- 1 Saenggeus kaca web dimuat, pencet .
- 2 Ketok **Simpen jang dibaca offline**. Anjeun terus bakal dibawa ka tab **Kaca nu disimpen**, tempat bisa nempo kabeh kaca web nu disimpen.

! Lamun kartu memori teu sadia, kaca web teu bisa disimpen.


Nempo kaca web nu samemehna disimpen

- 1 Lamun pangotektak dibuka, colek ka handap dina layar jang nembongkeun baris teangan jeung alamat.
- 2 Ketok  di sabeulah baris teangan jeung alamat.
- 3 Ketok , terus ketok tab **Kaca nu disimpen**.
- 4 Teang jeung pilih kaca web nu rek ditempo.

Ngamuat versi langsung kaca web di luar jaringan


- 1 Lamun kaca web geus dibuka, pencet .
- 2 Ketok **Ka jaringan aktip**.

Menta versi desktop kaca web



- 1 Sabari ngotektak kaca web, pencet .
- 2 Ketok **Penta situs desktop**.

! Lamun anjeun geus milih versi desktop kaca web di hiji jandela, kaca web lain nu ditempo saenggeusna di jandela nus arua oge bakal ditempokeun dina versi desktop. Ketok **Penta situs desktop** sakali deui jang mulangkeun setelan.

Ngabagikeun kakait ka kaca web nu kiwari

- 1 Sabari ngotektak, pencet .
- 2 Ketok **Bagikeun kaca**.
- 3 Pilih metodeu transper nu disadiakeun, terus tuturkeun parentah dina layar.

Nutup jandela pangotektak


- 1 Lamun pangotektak dibuka, colek ka handap dina layar jang nembongkeun baris teangan jeung alamat.
- 2 Ketok  di sabeulah baris teangan jeung alamat. Daptar kabeh jandela nu kabuka ditembongkeun.
- 3 Ketok  di jandela nur rek ditutup, atawa colek jandela ka kenca atawa ka katuhu kaluar ti layar jang nutup.

Ngatur tetengger



Tetengger ngidinan anjeun asup ka web nu paporit jeung sering dibuka. Anjeun bisa nambahkeun tetengger ku cara langsung ti pangotektak telepon. Anjeun oge bisa nyingkronkeun pangotektak telepon jeung tetengger Google™ Chrome nu geus disingkronkeun ka akun Google anjeun make komputer. Tempo *Nyingkronkeun pangotektak jeung Google Chrome™* di kaca 71.

Gumantung kana operator jaringan anjeun, sababaraha tetengger bakal tos kapasang dina telepon anjeun.



Nambahan bookmark kaca web

- 1 Sabari nempo kaca web, pencet .
- 2 Ketok **Simpen ka tetengger**.
- 3 Upami hoyong, edit bookmark.
- 4 Lamun geus rengse, ketok **OKEH**.



Muka tetengger

- 1 Lamun pangotektak dibuka, colek ka handap dina layar jang nembongkeun baris teangan jeung alamat.
- 2 Ketok  di sabeulah baris teangan jeung alamat, terus ketok . Ngaran kabeh akun nu geus disingkronkeun jeung Google™ Chrome ditembongkeun. Tetenger nu gues disimpen langsung di telepon ditembongkeun di akun **Lokal**.
- 3 Jang nempokeun tetengger akun, ketok akun. Kabeh tetengger akun ditempokeun.
- 4 Jang muka tetengger, ketok eta tetengger.



Ngedit bookmark

- 1 Lamun pangotektak dibuka, colek ka handap dina layar jang nembongkeun baris teangan jeung alamat.
- 2 Ketok  di sabeulah baris teangan jeung alamat, terus ketok .
- 3 Toel jeung rampa bookmark.
- 4 Dina menu nu ditembongkeun, ketok **Edit tetengger**.
- 5 Edit bookmark nu dipikahoyong.
- 6 Lamun geus rengse, ketok **OKEH**.




Kangge nambah bookmark kaca web ka Layar utama anjeun

- 1 Lamun pangotektak dibuka, colek ka handap dina layar jang nembongkeun baris teangan jeung alamat.
- 2 Ketok  di sabeulah baris teangan jeung alamat, terus ketok .
- 3 Ketok jeung tahan bookmark nu rek ditambahkeun jadi Layar Utama anjeun.
- 4 Dina menu nu ditembongkeun, ketok **Tambahkeun potong kompas di layar mimiti**.

Mupus tetengger



- 1 Lamun pangotektak dibuka, colek ka handap dina layar jang nembongkeun baris teangan jeung alamat.
- 2 Ketok  di sabeulah baris teangan jeung alamat, terus ketok .
- 3 Toel jeung rampa tetengger.
- 4 Dina menu nu ditembongkeun, ketok **Pupus tetengger** jang mupus tetengger nu dipilih.

Nambahan tetengger kaca web nu geus kungsi dianjang


- 1 Lamun pangotektak dibuka, colek ka handap dina layar jang nembongkeun baris teangan jeung alamat.
- 2 Ketok  di sabeulah baris teangan jeung alamat, terus ketok .
- 3 Ketok tab **Riwayat**, terus ketok salah sahiji panah ka handap jang nempo kaca web nu saacana dianjang.
- 4 Ketok  di sabeulah kaca web nu rek ditambahkeun jadi tetengger.
- 5 Lamun hayang, edut inpo nu leuwih lengkep kawas ngaran jeung lokasi tetengger.
- 6 Lamun geus rengse, ketok **OKEH**.

Ngatur teks jeung gambar

Neangan teks nu aya dina hiji kaca web

- 1 Lamun anjeun keur nempo hiji kaca web, pencet .
- 2 Ketok **Teang di kaca**.
- 3 Tuliskeun teks nu diteang. Karakter nu cocog disorot di kaca web.
- 4 Ketok panah ka luhur atawa ka handap jang muka komponen nu disorot saenggeusna atawa samemehna.
- 5 Ketok  jang nutup baris teangan.

Niron teks ti kaca web

- 1 Toel jeung tahan bagian teks nu rek ditiron nepi ka disorot. Tab muncul di setiap akhir nu dipilih. Sered tab sakumaha kuduna pikeun milih kabeh teks nu hoyong ditiron ku anjeun.
 - 2 Ketok , teras ketok **Salin**.
 - 3 Pikeun nempelkeun teks ka surelek, talatah teks atawa multimedia, toel sarta tahan widang teks di aplikasi anu dimaksud terus ketok **Tempel** di menu anu ditembongkeun.
- ! Lamun teks nu hayang ditiron ku anjeun nyaéta bagian kakait ka kaca web nu sejen, bakal aya menu ditembongkeun nu anjeun kudu ketok **Pilih teks** samemeh anjeun bisa neruskeun.



Nyimpen gambar ti kaca web

- 1 Di kaca web anu aktip, rampa terus tahan gambar nu dipikahayang nepi ka menu ditembongkeun.
 - 2 Ketok **Simpen gambar**.
- ! Lamun kartu memori teu sadia, gambar teu bisa disimpen.



Langkung ti hiji jandela

Pangotektak anjeun bisa muka nepi ka 16 jandela nu beda dina waktu nu sarua. Upamana, anjeun bisa asup ka surelek web di hiji jandela jeung maca warta harian di jandela nu sejen. Anjeun bisa gampang pindah ti hiji jandela ka jandela nu lian. Lamun anjeun rek ngotektak web nu leuwih rusiah, anjeun bisa make tab nyamar jang muka jandela nu teu nyimpen inpo pribadi atawa kuki lamun keur nyambung ka eta tab.

Ngabuka jandela pangotektak nu anyar

- 1 Lamun pangotektak dibuka, colek ka handap dina layar jang nembongkeun baris teangan jeung alamat.
- 2 Ketok  di sabeulah baris teangan jeung alamat, terus ketok .


Muka jandela rusiah

- 1 Lamun pangotektak dibuka, colek ka handap dina layar jang nembongkeun baris teangan jeung alamat.
- 2 Ketok  di sabeulah baris teangan jeung alamat.
- 3 Pencet , terus ketok **Tab rusiah anyar**.

Pikeun muka hiji kakait dina jandela pangotektak anyar

- 1 Toél jeung tahan hiji kakait nepi ka nembongan hiji menu.
- 2 Ketok **Buka dina tab anyar**.


Pipindah di jandela pangotektak

- 1 Lamun pangotektak dibuka, colek ka handap dina layar jang nembongkeun baris teangan jeung alamat.
- 2 Ketok  di sabeulah baris teangan jeung alamat.
- 3 Gulung ka luhur jeung ka handap jang ngotektak daptar kabeh jandela nu muka.
- 4 Ketok jandela nu dituju.


Ngundeur ti wéb

Anjeun tiasa ngundeur aplikasi sareng eusi lamun ngotéktak wéb nganggo pangotéktak wéb nu aya dina télépon. Biasana Anjeun kedah noél kakait undeuran pikeun nyandak payel nu dipikahoyong teras undeuran bakal otomatis dimimitian.

Jang nempo payil nu diundeur

- 1 Pastikeun yen anjeun geus nyelapkeun kartu memori di telepon samemeh nempo payil nu geus diundeur samemehna (ka kartu).
- 2 Ti Layar Utama, ketok .
- 3 Teang terus ketok **Undeuran**.


Ngabolaykeun undeuran nu keur lumangsung

- 1 Lamun telepon mimiti ngundeur payil, sered baris status terus ketok payil nu diundeur.
- 2 Cirian kotak centang di sabeulah payil nu keur diundeur nu rek dibolaykeun.
- 3 Ketok .


Setelan pangotektak

Anjeun bisa ngarobah setelan pangotektak jeung ngaluyukeun pintonan pangotektak anjeun. Upamana, anjeun bisa ngarobah ukuran teks nu ditempokeun jang meh saluyu jeung nu butuhkeun, atawa anjeun bisa ngosongkeun cache, kuki, riwayat pangotektak, jeung data sejen nu diakitkeun ka situs web nu dianjangan.


Ngarobah setelan pangotektak

- 1 Lamun pangotektak dibuka, pencet .
- 2 Ketok **Setelan**.


Pikeun ngarobah ukuran teks dina kaca web

- 1 Sawaktos pangotektak dibuka, pencet .
- 2 Ketok **Setelan > Aksesibilitas**.
- 3 Saluyukeun setelan ukuran teks nu dipikahoyong.


Pikeun ngabersihan memori kas tina telepon Anjeun

- 1 Sawaktos pangotektak dibuka, pencet .
- 2 Ketok **Setelan > Privasi & kaamanan**.
- 3 Ketok **Kosongkeun cache**, teras ketok **OKE** pikeun mastikeun.

Pikeun ngabersihan kukis pangotektak Anjeun

- 1 Sawaktos pangotektak dibuka, pencet .
- 2 Ketok **Setelan > Privasi & kaamanan**.
- 3 Ketok **Pupus kbh data cookie**, teras ketok **OKE** pikeun mastikeun.


Mupus riwayat pangotektak

- 1 Lamun pangotektak dibuka, pencet .
- 2 Ketok **Setelan > Privasi & kaamanan**.
- 3 Ketok **Kosongkeun riwayat**, teras ketok **OKE** pikeun mastikeun.

Ngepaskeun kaca web otomatis

Pangotektak anjeun boga opsi ngepaskeun otomatis nu ngagampangkeun maca kaca web gede nu boga teks jeung gambar nu rea, kawas kaca warta. Lamun opsi ieu diaktipkeun, pangotektak bakal otomatis ngepaskeun gambar jeung kolom teks di layar lamun anjeun ngetok dua kali dina layar saanggeus digedekeun make ramo. Lamun ngepaskeun otomatis dinonaktipkeun, anjeun bakal kudu ngadalikeun ka sisi meh bisa maca kalimah anu lengkep.


Pikeun ngepaskeun otomatis kaca web

- 1 Sawaktos pangotektak dibuka, pencet .
- 2 Ketok **Setelan** > **Tingkat Maher** > **Ngepas kaca otomatis**.

Ngeusi teks ku cara otomatis

Ngeusian otomatis bakal ngidinan anjeun jang ngasupkeun data ku cara otomatis kawas ngaran jeung alamat di sababaraha formulir web, ku kituna anjeun teu kudu ngasupkeun inpo nu sarua sababaraha kali di kaca web nu beda.

Pikeun nyieun teks kanggo pangeusian-otomatis

- 1 Sawaktos pangotektak dibuka, pencet .
- 2 Ketok **Setelan** > **Umum**.
- 3 Cirian kotak centang **Ngeusi formulir otomatis**, upami teu acan dicirian.
- 4 Ketok **Ngeusi teks otomatis**, teras tulis teks nu Anjeun hoyong pake kanggo pangeusian otomatis dina bentuk web, contona, ngaran sareng alamat Anjeun.
- 5 Lamun geus rengse, ketok **Simpen**.

Setelan plug-in

Anjeun bisa ngatur cara plug-in dilampahkeun di kaca web. Upamana, anjeun bisa ngaktipkeun plug-in jang nampa epek visual optimal lamun keur nempo hiji kaca web. Atawa, jang nambahan kagancangan pas keur ngotektak, anjeun bisa ngonpigurasikeun pangotektak jang ngalampahkeun plug-in sesuai kabutuhan, atawa anjeun bisa nganonaktipkeun pinuh ieu plug-in.

Pikeun ngaktipkeun plug-ins sasuai parmentaan

- 1 Sawaktos pangotektak dibuka, pencet .
 - 2 Ketok **Setelan** > **Tingkat Maher** > **Aktipkeun plug in**.
 - 3 Cirian kotak centang **Sakumaha dipikabutuh**.
-  Anjeun perlu ngamimitian ulang pangotektak Anjeun supados setelan eta tiasa berfungsi.

Musik

Meunangkeun hal nu leuwih seueur tina pamuter musik Anjeun. Dengekeun tur atur musik, buku audio sreng podcast nu tos Anjeun transper ka kartu memori Anjeun tina komputer, atawa nu dibeuli atawa diundeur ti toko online.

Pikeun nyien eusi bisa gampang sadia ka pamuter musik, Anjeun bisa make aplikasi Media Go™. Media Go™ mantuan nransfer eusi musik antara komputer sareng telepon. Kanggo inpo nu leuwih lengkep, tingal *Nyambungkeun telepon Anjeun ka komputer* di kaca 117.

Niron payel media ka kartu memori Anjeun










Tiron kabeh eusi media paporit Anjeun tina komputer ka telepon tur mimitian nganggo fitur hiburan telepon Anjeun sakabéhna. Gampang pikeun nransfer musik, foto, video sareng payel sejenna. Ngan saukur nyambungkeun telepon Anjeun ka komputer nganggo kabel USB jeung pake salah sahiji tina metodeu di handap ieu:

- Pake aplikasi pangatur payel, contona, Windows Explorer.
Tingal *Nransper eusi di antara telepon jeung komputer make kabel USB* di kaca 117
- Pake aplikasi komputer Media Go™.
Tingal *Media Go™* di kaca 118


Tingal *Nyambungkeun telepon Anjeun ka komputer* di kaca 117 kanggo inpo umum tentang kumaha nyambungkeun telepon Anjeun jeung nransferkeun payel.

Nganggo pamuter tembang

Pikeun muterkeun eusi audio

- 1 Tina layar Layar Utama Anjeun, ketok **Media** >  pikeun muka pamuter musik. Upami  teu dipintonkeun, ketok  teras panggihan tur ketok .
- 2 Ketok  pikeun muka perpustakaan musik.
- 3 Ketok  pikeun ngotektak audio berdasarkeun artis. Ketok  pikeun ngotektak berdasarkeun albeum. Ketok  pikeun ngotektak berdasarkeun daptar puter. Ketok  pikeun ngotektak audio berdasarkeun lagu.
- 4 Pikeun ngotektak lagu, gulung ka luhur atawa ka handap.
- 5 Ketok hiji lagu pikeun muterkeunana.

Tinjauan pamuter musik




- 1 Kotektak musik tina kartu memori Anjeun
- 2 Ketok tombol taya wates pikeun manggihan inpo nu berhubungan sacara online
- 3 Panutup (upami sadia)
- 4 Pindah ka lagu nu saencana dina daptar lagu, atawa ulang deui
- 5 Tombol Puter/Reureuh
- 6 Indikator kamajuan – sered atawa ketok pikeun mindahkeun gancang sareng muter balik
- 7 Waktu nu tos dilakonan ku lagu nu ayeuna
- 8 Pindah ka lagu nu saterusna dina antrian lagu nu aya, atawa teruskeun gancang
- 9 Tempo antrian nu diputer ayeuna

Pikeun ngarobah lagu

- Dina pamuter musik, ketok  atawa .

Pikeun ngareureuhkeun hiji lagu

- Dina pamuter musik, ketok .


Kanggo majukeun gancang sareng ngulang deui musik

- Dina pamuter musik, toél jeung tahan  atawa .
- 💡 Anjeun oge bisa nyéred pananda indikator kamajuan ka katuhu atawa ka kenca.

Pikeun nyaluyukeun polume audio

- Sawaktos pamuter musik keur muterkeun lagu, pencet kenop polumeu.



Pikeun ningkatkeun sora nganggo ékualiser

- 1 Sawaktos pamuter musik dibuka, pencet .
- 2 Ketok **Ekualiser**.
- 3 Pilih hiji gaya musik.

Ningali antrian puter nu ayeuna



- Dina pamuter musik, ketok .

Pikeun ngaleutikan pamuter musik

- Sawaktos pamuter musik keur diputerkeun, pencet  pikeun muka layar nu saencana, atawa pencet  pikeun muka Layar Utama. Pamuter musik tetep diputerkeun dina latar tukang.

Pikeun mulang ka pamuter musik nu keur diputerkeun dina latar tukang

- 1 Séred bar status ka handap pikeun ngabuka panel Bewara.
- 2 Ketok judul lagu pikeun muka pamuter musik.



- 💡 Alternatif sejenna, Anjeun bisa mencet sareng nahan  jeung teras ketok  pikeun malik ka pamuter musik.

Pikeun mupus hiji lagu

- 1 Buka perpustakaan pamuter musik tur kotektak lagu nu Anjeun hoyong pupus.
- 2 Toél jeung tahan judul lagu, teras ketok **Pupus**.

- 💡 Anjeun oge bisa mupus albeum ku cara ieu.

Pikeun mupus hiji lagu atawa leuwih dina sawaktu

- 1 Dina pamuter musik, ketok .
- 2 Pencet .
- 3 Ketok **Pupus sababaraha**.
- 4 Pilih hiji atawa sababaraha lagu anu Anjeun hoyong pupus.
- 5 Ketok **Pupus**.


Pikeun ngabagikeun hiji lagu

- 1 Sawaktos keur ngotektak lagu Anjeun dina perpustakaan pamuter musik, toél jeung tahan hiji judul lagu.
- 2 Ketok **Kirim**.
- 3 Pilih hiji metodeu transfer nu sadia, teras turutan parentah dina-layar.

- 💡 Anjeun oge bisa ngabagikeun albeum jeung playlist ku cara ieu.

- ! Bisa jadi Anjeun teu tiasa nyalin, ngirim atawa ntransfer item nu ditangtayungan ku hak cipta.

Pikeun ngabagikeun hiji lagu atawa leuwih dina sawaktu

- 1 Sawaktos keur ngotektak lagu anjeun dina perpustakaan pamuter musik, pencet .
- 2 Ketok **Pilih sababaraha**.
- 3 Ketok hiji lagu atawa leuwih nu Anjeun hoyong bagikeun.
- 4 Ketok **Kirim**.
- 5 Pilih hiji metodeu transfer nu sadia, teras turutan parentah dina-layar.

- ! Bisa jadi Anjeun teu tiasa nyalin, ngirim atawa ntransfer item nu ditangtayungan ku hak cipta.


Ngarekomendasikeun lagu di Facebook™

- 1 Lamu lagu keur diputer di pamuter musik, ketok  jang nunjukkeun yen anjeun "Resep" ka eta lagu di **Facebook™**. Lamun dipikahayang, tambahkeun komentar di widang komentar.
- 2 Ketok **Bagikeun** jang ngirim lagu ka **Facebook™**. Lamun lagu sukses ditampa, anjeun bakal nampa talatah konfirmasi ti **Facebook™**.


Widget pamuter musik

Widget pamuter musik nyaeta aplikasi miniatur nu mere Anjeun wasa langsung ka pamuter musik tina Layar Utama Anjeun. Anjeun perlu nambah widget ieu ka Layar Utama Anjeun saencan Anjeun bisa make eta.

Nambahkeun widget pamuter musik ka Layar Utama anjeun

- 1 Ti Layar Utama, pencet .
- 2 Ketok **Tambahkeun** > **Widget**.
- 3 Ketok **Pamuter musik**.

Manggihan konten audio nu aya kaitanana

Di pamuter musik, anjeun bisa nempo manggihan eusi audio nu aya kaitanana jeung artis nu didengekeun ku cara ngetok kenop Taya wates .







Anjeun oge bisa neang eusi audio nu aya kaitanana jeung artis sabari ngotektak pamuter musik. Pamuter musik neang jeung nempokeun jinis hasil di handap:

- Video musik di YouTube™
- Inpo artis di Wikipedia
- Lirik di Google
- Video karaoke di YouTube™
- Teangan ekstensi di web

Muter tembang dina pilihan ngacak

Anjeun tiasa muter lagu di daptar puter dina pilihan ngacak. Sahiji putereun , misalna, hiji daptar puter nu ku anjeun damel nyarira atawa tina sahiji album.

Muter lagu dina pilihan ngacak



- 1 Dina pamuter musik, ketok .
 - 2 Ketok  terus napigasi ka hiji albeum, atawa ketok  tur kotektak ka daptar puter.
 - 3 Buka albeum atawa daptarputer kucara ngetok ngaranna.
 - 4 Ketok .
-  Anjeun oge bisa ngetok  terus ngacak kabeh lagu dina daptar.

Daptar puter



Pamuter musik sacara otomatis nyieun **Daptar puter pinter** dina tab daptar puter  nu aya di perpustakaan pamuter musik. Pamuter musik oge nyieun hiji daptar puter (disebut **Paling sering diputer**) ti lagu-lagu nu paling sering diputer ti unggal artis nu aya di perpustakaan audio Anjeun. Anjeun bisa nyieun daptar puter Anjeun sorangan tina musik nu aya dina kartu memori Anjeun.

Tambahanana, Anjeun bisa nyalin daptar puter ti hiji komputer ka kartu memori upami Anjeun boga aplikasi Media Go™ dipasang dina komputer eta. Sawaktos Anjeun nyambung jeung nempelkeun telepon Anjeun ka komputer nganggo sambungan kabel USB, kartu memori Anjeun nembongan dina aplikasi Media Go™ dina komputer eta. Kanggo inpo nu leuwih lengkep, tingal *Nyambungkeun telepon Anjeun ka komputer* di kaca 117.



Pikeun muterkeun daptar puter pinter

- 1 Dina pamuter musik, ketok .
- 2 Ketok .
- 3 Dihandapeun **Daptar puter pinter**, ketok hiji daptar puter.
- 4 Ketok hiji lagu pikeun muterkeunana.

Pikeun muterkeun lagu anu mineng diputer ti saurang artis

- 1 Dina pamuter musik, ketok .
- 2 Ketok  sareng ketok hiji ngaran artis.
- 3 Ketok **Lagu pangsohorna**. Nepi ka sapuluh lagu ti artis eta bakal dipintonkeun.
- 4 Ketok hiji lagu pikeun muterkeunana.


Pikeun nyieun daptar puter Anjeun sorangan

- 1 Dina pamuter musik, ketok .
- 2 Pikeun nambahan artis, albeum atawa lagu ka daptar puter, toél jeung tahan ngaran artis atawa judul albeum atawa lagu pikeun muka menu.
- 3 Ketok **Tambahke. ka daptar puter** > **Jieun daptar puter anyar**.
- 4 Tulis ngaran kanggo daptar puter tur ketok **OKE**. Anjeun ayeuna tos nyieun hiji daptar puter jeung tos nambahkeun hiji artis, albeum atawa lagu ka daptar puter eta. Timpi daptar puter Anjeun kucara ngetok  dina perpustakaan pamuter musik.

Pikeun nambah lagu-lagu ka daptar puter

- 1 Sawaktos ngotektak perpustakaan pamuter musik, toél jeung tahan ngaran artis eta atawa judul album atawa lagu nu Anjeun hoyong tambah.
- 2 Ketok **Tambahke. ka daptar puter**.
- 3 Ketok ngaran daptar puter nu Anjeun hoyong tambahkeun artis, albeum atawa laguna. Artis, albeum atawa lagu ditambahkeun ka daptar puter.


Pikeun muterkeun playlist Anjeun sorangan

- 1 Dina pamuter musik, ketok .
- 2 Ketok .
- 3 Dihandapeun **Daptar puter abdi**, ketok hiji playlist.
- 4 Ketok hiji lagu pikeun muterkeunana.

Pikeun nyabut hiji lagu tina playlist

- 1 Dina playlist, toél jeung tahan judul lagu nu Anjeun hoyong pupus.
- 2 Ketok **Pupus ti daptar puter**.

Mupus daptar puter



- 1 Dina pamuter musik, ketok , terus pilih **Daptar puter**.
- 2 Toel jeung tahan daptar puter rek dipupus ku anjeun.
- 3 Ketok **Pupus**.
- 4 Ketok **Pupus** sakali deui jang mastikeun.

Ngidentifikasi musik nganggo teknologi TrackID

Pake ladenan paneguh musik TrackID™ pikeun ngaidentifikasi hiji musik lagu nu keur Anjeun dangukeun di sakuliling Anjeun. Rekam hiji conto pondok ti lagu eta teras Anjeun bakal meunangkeun inpo artis, judul jeung albeumna dina waktu sababaraha detik. Anjeun bisa meuli lagu nu diidentifikasi ku TrackID™ tur Anjeun bisa nempo daptar lagu TrackID pikeun nempo naon nu ditengan ku para pamake TrackID di sakumna dunya. Kanggo hasil nu pangsaena, pake teknologi TrackID™ dina tempat anu sunyi. Upami Anjeun gaduh masalah nganggo aplikasi ieu, tingal *Abdi teu bisa make ladenan nu didasarkeun-Internet* di kaca 136.

- ! Aplikasi TrackID™ jeung ladenan TrackID™ teu dirojong ku sababaraha nagara/wilayah, atawa ku sadaya jaringan jeung/atawa propaider laden di sakabeh wewengkon eta.

Pikeun muka aplikasi TrackID™



- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **TrackID™** .

- 💡 Anjeun oge bisa make widget TrackID™ pikeun muka aplikasi **TrackID™**.

Neangan inpo lagu make TrackID™

- 1 Pas aplikasi **TrackID™** dibuka, tahan telepon kana sumber musik.
- 2 Ketok **Rekam**. Lamun lagu diwanoh ku ladenan TrackID™, hasil ditembongkeun di layar.

Pikeun nempo daptar lagu TrackID™

- 1 Sawaktos aplikasi **TrackID™** dibuka, ketok tab . Pertama kalina Anjeun nempo grafik, grafik eta disetel kanggo wilayah Anjeun sorangan.
 - 2 Pikeun nempo grafik teangan nu pang populerna di wilayah sejen, ketok  >
- Kawasan.**
- 3 Pilih hiji nagara atawa wilayah.

Make hasil teknologi TrackID™

Inpo lagu nu ditembongkeun lamun aplikasi TrackID™ ngawanoh hiji lagu. Anjeun bisa milih jang meuli lagu atawa ngabagikeun lagu make surelek atawa SMS. Anjeun oge bisa nempo inpo leuwih lengkep ihwal artis eta lagu.

Pikeun meuli lagu nganggo teknologi TrackID™

- 1 Sawaktos aplikasi **TrackID™** dibuka, ketok hiji judul lagu.
 - 2 Dina layar inpo lagu, ketok **Under**.
 - 3 Turutan parentah dina telepon Anjeun pikeun ngarengsekeun galeuhan Anjeun.
- ! Fitur ngagaleuh lagu bisa jadi teu dirojong di sadaya nagara/ kawasan, atawa ku sadaya jaringan sareng/atawa panyadia ladenan di sadaya wewengkon.

Ngabagikeun lagu make surelek atawa SMS

- 1 Pas aplikasi **TrackID™** dibuka, ketok hiji judul lagu.
- 2 Pilih metodeu babagi.
- 3 Turutan parentah di telepon jang namatkeun prosedur.

Nempo inpo artis lagu

- 1 Pas aplikasi **TrackID™** dibuka, ketok hiji judul lagu.
- 2 Ketok **Inpo artis**.




Mupus lagu ti riwayat lagu

- 1 Pas aplikasi **TrackID™** dibuka, ketok hiji judul lagu.
- 2 Ketok **Pupus**.
- 3 Ketok **Sumuhun** di jandela popup.

Nganggo TrackID™ pikeun ngidentifikasi lagu di Radio FM

Anjeun bisa make teknologi **TrackID™** pikeun ngidentifikasi lagu musik basa keur diputer dina radio FM telepon Anjeun tur ngabagikeunan di **Facebook**.



Jang ngidentifikasi lagu di radio FM make TrackID™

- 1 Sambungkeun handsfree kabel atawa headphone ka telepon.
 - 2 Ti Layar Utama anjeun, ketok .
 - 3 Panggihan tur ketok **Radio FM** . Saluran anu sadia ditembongkeun basa anjeun ngagulung dina pita prekuensi.
 - 4 Sabari lagu diputer di radio FM, ketok .
 - 5 Aplikasi TrackID™ bakal nyuplik lagu. Lamun lagu diwanoh, anjeun bakal dibere hasil lagu.
- ! Pitur ieu bisa jadi teu dirojong di kabeh nagara/kawasan, atawa ku kabeh jaringan jeung/atawa operator jaringan di kabeh area.


Radio FM

Anjeun tiasa ngotéktak teras ngadangukeun stasiun radio FM, teras nyimpen éta stasiun ka paporit. Anjeun tiasa ngadangukeun radio liwat handsfree portabel atanapi headphone, atanapi liwat speaker dina télépon. Anjeun kedah nyambungkeun hiji handsfree portabel atanapi headphone sabab tiasa dianggo jadi anténeu kanggo radio FM. Lamun Anjeun muka radio FM, saluran nu sayagi bakal ditingalikeun ku cara otomatis. Lamun hiji saluran gaduh inpo RDS, éta saluran bakal ditingalikeun sababaraha detik saatos didangukeun.

Pikeun ngamimitian radio FM

- 1 Sambungkeun hiji handsfree portabel atawa setel headphone ka telepon Anjeun.
 - 2 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
 - 3 Panggihan tur ketok **Radio FM** . Saluran anu sadia nembongan basa Anjeun ngagulung dina pita gelombang.
- ! Anjeun kudu nyambungkeun hiji handsfree portabel atawa headphone, anu pungsina jadi saperti anteneu.

Tinjauan radio FM



- 1 Pindah ka luhur ka paporit nu saencanna (sadia sawaktos paporit disimpen)
- 2 Frekuensi nu kataa
- 3 Simpen atawa cabut hiji saluran paporit
- 4 Pindahkeun ka handap ka paporit nu salajengna (sadia sawaktos paporit tos disimpen)
- 5 Saluran paporit nu disimpen
- 6 Kenop on/off radio
- 7 Inpo RDS (Radio Data System) – teu sadia dina sadaya nagara/wilayah
- 8 Buka aplikasi TrackID™

Pipindah antara saluran radio


Anjeun tiasa pindah antara saluran radio sapanjang pita prekuensi dina:

- Nyintreuk ka luhur sareng ka handap.
- Nyered.
- Ngetok hiji saluran atawa, upami sadia, inpo RDS (identifikasi stasiun).


Nganggo saluran radio paporit Anjeun

Anjeun bisa nyimpen saluran radio anu paling sering didengekeun jadi saluran paporit. Dina nganggo paporit Anjeun bisa gancang mindahkeun saluran radio.



Nyimpen hiji saluran ka paporit

- 1 Mun radio kabuka, navigasi ka saluran nu anjeun simpan ka paporit.
- 2 Toél .

Pikeun miceun hiji saluran paporit

- 1 Mun radio kabuka, arahkeun ka saluran anu ku Anjeun hayang dipiceun tina saluran paporit.
- 2 Ketok .

Mimindah saluran paporit

- Mun radio ngabuka, toel  atawa .
- ! Kanggo mindahkeun antara paporit, anjeun kedah nyimpen sahenteuna dua saluran anu jadi paporit.

Ngadamel hiji pilarian anyar kanggo saluran radio

Upami anjeun tos ngalih ka lokasi anyar atanapi panarimaan tos ningkat dina lokasi nu ayeuna, anjeun tiasa mulai hiji pilarian anyar kanggo saluran radio.

- ! Sadaya paporit nu tos anjeun simpen teu ngaruhan dina milarian anyar.



Pikeun ngamimitian hiji teangan anyar kanggo saluran radio

- 1 Sawaktos radio dibuka, pencet .
- 2 Ketok **Teang saluran**. Radio nyeken sadaya pita gelombang, sareng sadaya saluran nu sadia dipintonkeun.

Ngalihkeun antara spéker sareng handsfree

Anjeun tiasa milih ngadangukeun radio liwat handsfree portable atanapi headphone, atanapi liwat spéker dina télépon.



Gentos antara spéaker sareng handsfree

- 1 Mun radio kabuka, pencét .
- 2 Toél **Puter di speaker**.
- 3 Kanggo muter sora dina handsfree portabel atanapi headphone deui, pencét  teras toél **Puter di handsfree**.

Ngidentifikasi lagu radio nganggo TrackID™

Pake teknologi **TrackID™** pikeun ngidentifikasi lagu musik basa keur diputer dina radio FM telepon Anjeun.


Pikeun ngidentifikasi lagu dina radio FM nganggo TrackID™

- 1 Sawaktos lagu ieu diputer dina radio FM telepon Anjeun, ketok .
 - 2 Hiji indikator kamajuan nembongan sawaktos aplikasi TrackID™ milih laguna. Upami sukses, Anjeun dibere hasil lagu, atawa daptar lagu nu bisa diputerkeun.
 - 3 Pencet  pikeun mulang ka Radio FM.
- ! Aplikasi TrackID™ jeung ladenan TrackID™ teu dirojong ku sababaraha nagara/wilayah, atawa ku sadaya jaringan jeung/atawa propaider laden di sakabeh wewengkon eta.

Nyandak poto sareng ngarekam video

Kamera telepon anjeun boga sensor Exmor R nu sensitip pisan, nu bisa mantuan nyokot poto jeung video nu jelas pisan sanajan di kondisi cahaya reuneuk. Jeung kamera telepon anjeun bisa nyokot poto 2D biasa atawa anjeun bisa motret poto 3D di modeu 3D Sweep Panorama™. Kirim poto jeung video anjeun ka babaturan sabage talatah multimedia, atawa diunggah ka ladean web.

Tinjauan kontrol kamera




- 1 Kenop kamera - Aktipkeun kamera/Candak poto/Rekam video
- 2 Pindah antara kamera poto sareng kamera video
- 3 Pintonkeun sadaya setelan
- 4 Candak poto atawa rekam klip video
- 5 Mundur salengkah atawa kaluar ti kamera
- 6 Tempo poto sareng video
- 7 Ikon setelan kamera
- 8 Zum gede atawa leutik
- 9 Layar kamera utama

Muka kamera

- Lamun layar kamera keur aktip, toel terus tahan kenop kamera.

Pikeun nutup kamera

- Pencet  tina layar kamera utama.





Make kamera poto

Aya tilu cara jang nyokot poto make kamera poto. Anjeun bisa mencet kenop kamera, ngetok kenop kamera dina layar, atawa noel hiji titik dina layar.




Nyokot poto make kenop kamera

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Mun kamera poto teu dipilih, sered  ka .
- 3 Pencet kenop kamera satengahna pikeun ngaktipkeun pokus otomatis.
- 4 Sawaktu pigura pokus atawa pigura-pigura hejo, pencet jero kamera.

Pikeun moto ku cara noel layar

- 1 Aktipkeun kamera.
 - 2 Upami kamera poto teu dipilih, sered ● ka .
 - 3 Pikeun mintonkeun sadaya setelan, pencet .
 - 4 Ketok **Metodeu nyokot gambar** tur pilih **Toel jang nyokot gambar** upami ieu teu acan dipilih.
 - 5 Arahkeun kamera ka arah subjek.
 - 6 Pikeun ngaktipkeun fokus otomatis, toel tur tahan titik dina layar. Sawaktos pigura pokus robah jadi hejo, angkat jari Anjeun pikeun nyandak poto.
- ! Kade ulah noel ,  atawa ikon sejenna sawaktos keur noel layar pikeun moto.

Pikeun moto ku cara ngetok tombol di-layar

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Upami kamera poto teu dipilih, sered ● ka .
- 3 Pikeun mintonkeun sadaya setelan, pencet .
- 4 Ketok **Metodeu nyokot gambar** tur pilih **Kenop dina layar** upami ieu teu acan dipilih.
- 5 Arahkeun kamera ka arah subjek.
- 6 Ketok tombol  di-layar. Poto dicandak langsung saatos Anjeun ngaleupaskeun jari Anjeun.


Make pungsi zum

- Sawaktu kamera kabuka, pencet kenop polumeu ka luhur atawa ka handap pikeun ngazum gede atawa ngazum leutik.

Make lampu kilat kamera poto



- 1 Sawaktu kamera kabuka, pencet .
- 2 Ketok **Lampu kilat**, tur pilih setelan lampu kilat du dipikahayang ku anjeun.
- 3 Candak poto.

Pikeun nempokeun poto sareng klip video Anjeun

- 1 Buka kamera, teras ketok hiji gambar leutik dina bagean handap layar pikeun muka poto atawa klip video.
- 2 Sintreuk kenca atawa katuhu pikeun nempokeun poto sareng klip video Anjeun. Video diuningakeun ku .

- 💡 Dina langkah 1, Anjeun oge bisa nyintreuk gambar leutik ti katuhu ka kenca tur milih salah sahiji nu Anjeun hoyong tempo.



Pikeun mupus hiji poto

- 1 Buka poto nu Anjeun hoyong mupus.
- 2 Pencet , tur teras ketok .

Deteksi rupa

Anjeun bisa make deteksi rupa pikeun nyandak rupa nu aya diluar-titik tengah jadi fokus. Kamera sacara otomatis ngadeteksi nepi ka lima rupa, ditandaan ku pigura bodas. Pigura koneng nempokeun rupa mana nu geus dipilih jadi fokus. Fokus disetel ka rupa nu pangdeukeutna ka kamera. Anjeun oge bisa ngetok salah sahiji pigura pikeun milih rupa mana nu kuduna jadi fokus.

Pikeun ngaktipkeun deteksi ramo

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Upami kamera poto teu dipilih, sered ● ka .
- 3 Ketok ikon nu aya di bagean luhur kenca, teras pilih **Normal**.
- 4 Pikeun mintonkeun sadaya setelan, pencet .
- 5 Ketok **Modeu pokus > Pangwanoh raray**.




Pikeun moto nganggo deteksi rupa

- 1 Sawaktos kamera dibuka tur **Pangwanoh raray** dihurungkeun, arahkeun kamera ka subyek Anjeun. Nepi ka lima rupa bisa dideteksi, tur unggal rupa nu dideteksi dipiguraan.
- 2 Pencet kenop kamera satengahna. Hiji pigura hejo mintonkeun rupa mana nu aya dina fokus.
- 3 Pikeun nyandak poto, pencet kenop kamera sajero-jerona.

Deteksi seuri

Deteksi seuri meunangkeun Anjeun pikeun nyandak poto rupa sawaktos keur seuri. Kamera ngadeteksi nepi ka lima rupa jeung milih hiji rupa kanggo deteksi seuri jeung pokus otomatis. Pigura hejo mintonkeun rupa mana nu dipilih. Sawaktos rupa nu dipilih seuri, kamera sacara otomatis nyandak poto.

Ngaktipkeun deteksi keom



- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Mun kamera poto teu dipilih, sered  ka .
- 3 Jang mintonkeun kabeh setelan, pencet .
- 4 Toél **Pangenal keom** sareng pilih hiji deteksi tingkat .

Nyokot poto make deteksi keom






- 1 pas kamarea kabuka jeung **Pangenal keom** dihurungkeun, arahkeun kamera kana sasaran. Unggal raray nu kadeteksi dikotakkan di viewfinder (teu langkung dugi ka lima raray).
- 2 Kamera milih rupa nu rek dipokuskeun.
- 3 raray nu kapilih munjul dina kotak hejo jeung gambar dicandak kalawan otomatis.
- 4 upami teu aya gumujeng anu kadeteksi, pencet tombol kamera pikeun nyandak gambar kalawan manual.

Nambahan posisi geografis ka poto anjeun

Hurunkeun geotaging jang nambahkeun perkiraan lokasi geografis (geotag) ka poto pas poto dicokot. Lokasi geografis ditangtukeun ku jaringan nirkabel (seluler atawa jaringan Wi-Fi®) atawa teknologi GPS.




Pas  mucunghul dina layar kamera, geotagging dihurungkeun tapi posisi geografis can kapanggih. Lamun  mucunghul, geotagging dihurungkeun tur lokasi geografis sadia, jadi poto bisa dibere tanda geotag. Lamun dua simbol ieu teu ditempokeun ieu artina geotagging dipareuman.

Pikeun ngaktipkeun geotagging



- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Upami kamera poto teu dipilih, sered  ka .
- 3 Pencet , teras ketok **Geotagging** > **Hurung**.
- 4 Ketok **OKE** pikeun satuju ngaktipkeun GPS sareng/atawa jaringan nirkabel sejenna.
- 5 Pariksa pilihan nu hoyong Anjeun pariksa dina **Tempaet abdi**.
- 6 Saatos Anjeun mastikeun setelan Anjeun, pencet  pikeun mulang ka layar kamera.
- 7 Sawaktos  nembongan dina layar kamera, lokasi Anjeun tos sadia jeung poto Anjeun bisa digeotag. Upami heunteu kitu, pariksa GPS sareng/atawa sambungan jaringan nirkabel Anjeun.

Nganggo setelan kamera poto

Pikeun nyaluyukeun setelan kamera poto

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Upami kamera poto teu dipilih, sered  ka .
- 3 Ketok salah sahiji ikon setelan dina sisi kenca layar.
- 4 Pikeun mintonkeun sadaya setelan, pencet .
- 5 Pilih setelan nu Anjeun hoyong saluyukeun, teras edit sasuai nu dipikahoyong.

Ngaluyukeun panel setelan kamera poto

- 1 Sawaktu kamera kabuka, pencet  pikeun mintonkeun sadaya setelan.
 - 2 Toel sartatahan setelan nu hayang dipindahkeun ku anjeun sarta sered ka posisi nu dipikahayang.
-  Upami anjeun nyered setelan kaluar ti panel setelan, perobahan eta dibolaykeun.

Tinjauan setelan kamera poto



Pangwanoh pamandangan

Kamera netepkeun pamandangan mana nu leuwih cocog. Hiji ikon pamandangan sareng teks nembongan sawaktos pamandangan dipilih.



Normal



3D Sweep Panorama

3D Sweep Panorama™ ngidinan Anjeun pikeun nyandah poto panoramik, sudut gede ti pamandangan nu mana wae dina 3D. Ngan pencet kenop kamera tur pindahkeun kamera lalaunan ti sisi hiji ka sisi nu hiji deui.



Sweep Panorama

Pake setelan ieu pikeun nyandak poto panoramik, sudut gede. Ngan pencet kenop kamera tur pindahkeun kamera lalaunan ti sisi hiji ka sisi nu hiji deui.

Modeu pokus

Pungsi pokus ngadalikeun bagean mana dina poto nu kudu jelas. Sawaktos pokus otomatis terus dihurungkan, kamera bakal terus nyaluyukeun pokus supados wewengkon nu aya di jero pigura pokus bodas tetep tajem.



Pokus otmts tunggal

Kamera sacara otomatis pokus ka subjek nu dipilih. Pokus otomatis terus dihurungkeun. Toél jeung tahan layar kamera, pigura pokus warna bodas robah jadi hejo sawaktos pokus tos disetel. Poto dicandak sawaktos Anjeun ngaleupaskeun jari Anjeun.



Multipokus otomatis

Pokus eta sacara otomatis disetel dina sababaraha area gambar. Toél jeung tahan layar kamera, pigura pokus warna bodas robah jadi hejo sawaktos pokus tos disetel. Poto dicandak sawaktos Anjeun ngaleupaskeun jari Anjeun. Pokus otomatis dipareuman.



Pangwanoh raray

Kamera sacara otomatis ngadeteksi nepi ka lima rupa manusa, ditandaan ku pigura di layarkamera. Kamera sacara otomatis pokus ka rupa nu pangdeukeutna. Anjeun oge bisa milih rupa mana nu dipokuskeun ku cara ngetok rupa eta dina layar. Toél jeung tahan layar kamera, pigura pokus warna bodas robah jadi hejo sawaktos pokus tos disetel. Poto dicandak sawaktos Anjeun ngaleupaskeun jari Anjeun. Deteksi rupa teu bisa dipake kanggo sakabeh jinis pamandangan. Pokus otomatis terus dihurungkeun.




Teu aya watesna

Pake sawaktos nyandak poto nu jauh. Pokus disetel dina subjek nu jauh. Subjék nu deukeut ka kaméra bakal kabur. Pokus otomatis dipareuman.



Toel pokus

Toel area nu husus dina layar kamera pikeun ngeset area pokus. Pokus otomatis dipareuman. Toél jeung tahan layar kamera, pigura pokus warna bodas robah jadi hejo sawaktos pokus tos disetel. Poto dicandak sawaktos Anjeun ngaleupaskeun jari Anjeun.

 **Setelan ieu ngan sadia di mode nyandak poto Normal.**




Angka eksposur

-  Tangtukeun jumlah pencahayaan dina foto nu Anjeun hoyong candak. Nilai nu leuwih gede nuduhkeun peningkatan jumlah cahaya.

! Setelan ieu ngan sadia di mode nyandak foto **Normal**.

Pangukuran






Pungsi ieu sacara otomatis nangtukeun paparan nu saimbang-sae ku cara ngukur cahaya nu ngahalangan gambar nu Anjeun hoyong candak.

-  **Tengah**
Saluyukeun paparan ka bagean tengah gambar.
-  **Rata-rata**
Etang paparan kalkulasi berdasarkeun jumlah cahaya dina sakabeh gambar.
-  **Nyorot**
Saluyukeun paparan di bagean gambar nu pangleutikna nu hoyong Anjeun foto.

! Setelan ieu ngan sadia di mode nyandak foto **Normal**.

Imbangan bodas



Setelan imbangan bodas nyaluyukeun kasaimbangan warna nurutkeun kondisi pencahayaan.

-  **Otomatis**
Saluyukeun kasaimbangan warna sacara otomatis ka kondisi pencahayaan.
-  **Cahaya**
Saluyukeun kasaimbangan warna kanggo kondisi pencahayaan nu haneut, saperti di handapeun bohlam.
-  **Caang**
Saluyukeun kasaimbangan warna kanggo pencahayaan fluoresensi.
-  **Caang beurang**
Saluyukeun kasaimbangan warna kanggo kondisi di luar ruangan nu cerah.
-  **Mendung**
Saluyukeun kasaimbangan warna kanggo langit nu berawan.

! Setelan ieu ngan sadia di mode nyandak foto **Normal**.

Panyetabil gambar


Sawaktos nyandak foto, bisa jadi hese nyekel telepon sina ajeg. Pangajeg mantuan Anjeun ku cara nahan gideg leungeun nu panglaunna.









-  **Hurung**
Panyetabil gambar diaktipkeun. Gambar nu dicandak butuh waktu nu lila pikeun disimpenna basa fungsi ieu diaktipkeun.
-  **Pareum**
Nyandak foto sareng panyetabil dinonaktipkeun.

! Setelan ieu ngan sadia dina mode foto **Normal** sareng mode foto **Kamera hareup**.

Pamandangan

Pake fitur Pamandangan pikeun ngeset gancang kamera kanggo kaayaan umum nganggo pamandangan nu tos-diprogram. Kamera nangtukeun jumlah setelan kanggo Anjeun supados bisa cocog ka pamandangan nu dipilih, mastikeun foto pangsaena nu bisa dicandak.





-  **Pareum**
Fitur Pamandangan dipareuman tur foto bisa dicandak sacara manual.

-  **Potret**
Pake kanggo poto bentuk potret. Setelan dioptimalkeun pikeun ngajadikeun warna kulit katempo rada bodas.
-  **Lansekap**
Pake kanggo poto bentuk lanskap. Kamera mokuskeun ka objek nu jauh. Sawaktos **Lansekap** dipilih, modeu pokus dirobah ka **Teu aya watesna**.
-  **Adegan wengi**
Pake sawaktos nyandak poto waktu peuting atawa dina lingkungan nu kirang cahayana (tanpa lampu kilat). Kusabab waktu nampa cahya nu rada lila, kamera kudu dijejegkeun atawa disimpen dina tempat nu teu oyag. Sawaktos **Adegan wengi** dipilih, modeu pokus dirobah ka **Teu aya watesna**.
-  **Potret wengi**
Pake kanggo poto bentuk potret waktu peuting atawa dina lingkungan nu kirang cahayana (sareng atawa tanpa lampu kilat). Kusabab waktu nampa cahya nu rada lila, kamera kudu dijejegkeun atawa disimpen dina tempat nu teu oyag.
-  **Pantai sareng salju**
Pake dina lingkung nu caang pikeun nyegah hasil poto nu caang teuing.
-  **Olahraga**
Dipake kanggo moto objek anu usikna-gancang. Waktu nampa cahya nu pondok ngaleutikan gerak nu kabur.
-  **Hajatan**
Pake kanggo poto di jero ruangan dina lingkungan nu kirang cahayana. Pamandangan ieu nyandak pencahayaan latar tukang di jero ruangan atawa cahya lilin. Kusabab waktu nampa cahya nu rada lila, kamera kudu dijejegkeun atawa disimpen dina tempat nu teu oyag.
-  **Dokumen**
Pake kanggo poto teks atawa gambar. Mere poto kontras nu leuwih gede, leuwih tajem.

! Setelan ieu ngan sadia di mode nyandak poto **Normal**.





Lampu kilat

Pake lampu kilat pikeun nyandak poto sawaktos kondisi pencahayaan kirang atawa sawaktos teu aya lampu tukang

-  **Otomatis**
Kamera sacara otomatis nangtukeun upami kondisi pencahayaan merlukeun pamakean lampu kilat.
-  **Eusian flash**
Pake setelan ieu sawaktos latar tukang leuwih caang ti subyekna. Cara ieu ngaleungitkeun bayangan hideung nu teu dihyongkeun.
-  **Pareum**
Lampu kilat dipareuman. Kadang-kadang kualitas poto bisa leuwih alus mun teu make lampu kilat, sanajan dina kondisi reueuk. Nyandak poto tanpa lampu kilat butuh leungeun nu ajeg. Anjeun bisa make timer-otomatis pikeun nyegah poto nu kabur.
-  **Pangurang panon beurm**
Kurangan warna panon nu beureum sawaktos keur nyandak poto.

Resolusi

Pilih diantara sababaraha ukuran gambar jeung perbandingan aspek saengan nyandak poto. Poto nu resolusina leuwih gede butuh memori nu leuwih gede.

-  **5MP 4:3**
Ukuran gambar 5 megapiksel sareng perbandingan aspek 4:3. Cocog jeung poto nu rek ditempo dina layar rupek atawa dicetak dina resolusi luhur.
-  **3MP 16:9**
Ukuran gambar 3 megapiksel sareng perbandingan aspek 16:9. Pormat layar lebar resolusi gede. Boga resolusi nu leuwih gede ti HD lengkep. Cocog jeung poto nu rek ditempo dina layar lega.
-  **2MP 4:3**
Ukuran gambar 2 megapiksel sareng perbandingan aspek 4:3. Cocog jeung poto nu rek ditempo dina layar nu rupek.
-  **2MP 16:9**
Ukuran gambar 2 megapiksel sareng perbandingan aspek 16:9. Cocog jeung poto nu rek ditempo dina layar lega.

Pangatur waktu otomatis

Sareng timer otomatis Anjeun bisa nyandak poto tanpa kudu nyekel telepon. Pake jang nyandak poto-sorangan, atawa poto grup dimana sakabehna bisa dipoto. Anjeun oge bisa make timer otomatis pikeun nyegah kamera oyag basa keur moto



Hurung (10 detik)

Setel ka waktu reureuh 10 detik saenggeus kenop kamera dipencet nepi ka poto ngajepret sorangan.



Hurung (2 detik)

Setel ka waktu reureuh 2 detik saenggeus kenop kamera dipencet nepi ka poto ngajepret sorangan.



Pareum

Poto dicandak langsung sanggeus Anjeun mencet kenop kamera.

Pangenal keom

Pake pungsi deteksi suri pikeun nangtukeun jenis seuri nu mana nu ditangkeup ku kamera saencan nyandak poto.



Keom ageung

Ngan moto sawaktos seuri nu gede dideteksi.



Keom rarata

Moto sawaktos seuri nu rata-rata dideteksi.



Keom leutik

Moto sanajan ngan aya seuri nu leutik nu dideteksi.



Pareum

Pungsi deteksi seuri keur pareum.

Geotagging



Tag poto sareng wincik tempat Anjeun nyandak poto eta



Hurung

Mun geotagging dihurungkeun, kiraan lokasi geografis ditambahkeun ka poto pas Anjeun moto. Pikeun nganggo geotagging, Anjeun kedah ngaktipkeun fitur lokasi ti menu **Setelan**.

Tingal *Nganggo panglادن lokasi pikeun manggihan posisi Anjeun* di kaca 120.

Kanggo nambahkeun geotag ka poto, lokasina kudu ditangtukeun heula saencan Anjeun moto. Lokasi Anjeun ditangtukeun basa  nembongan dina layar kamera. Sawaktos telepon keur neangan posisi Anjeun,  nembongan.



Pareum

Sawaktos geotagging dipareuman, Anjeun teu bisa nempo lokasi di mana Anjeun nyandak poto

Sora jepret

Pilih pikeun make atawa teu make sora basa keur nyandak poto.

Metodeu nyokot gambar

Pilih metodeu nu Anjeun pake pikeun nyandak poto.



Kenop dina layar

Candak poto ku cara ngetok tombol di-layar dina layar kamera. Poto dicandak langsung saatos Anjeun ngaleupaskeun jari Anjeun.



Toel jang nyokot gambar

Identifikasi wewengkon pokus nu biasa kucara noel layar kamera sareng jari Anjeun. Poto dicandak langsung saatos Anjeun ngaleupaskeun jari Anjeun. Ieu ngan manglaku basa modeu pokus disetel ka pokus rampa.



Kenop kamera wukul

Nyandak poto make kenop kamera hungkul. Poto dicandak langsung saatos Anjeun ngaleupaskeun jari Anjeun.

Tip make kamera

Tilu aturan

Ulah teundeun subjek anjeun di tengah-tengah pigura. Dina nempatkeun seper tilu dina pigura, anjeun meunang hasil nu leuwih sae.

Cepeng nu teteg

Cegah poto nu kabur ku nyepeng kamera teteg. Cobian tetegkeun panangan anjeun dina nyenderkeun panangan ka obyék nu padet.

Caketkeun

Dina maju sacaket mungkin ka subjek anjeun, anjeun bisa ngeusi layar kamera.

Pertimbangkeun variasi

Pikirkeun sudut nu beda, sarta maju nyaketan subjek. Candak sababaraha poto vertical. Coba posisi nu beda.

Make latar tukang nu polos




Latar tukang nu polos mantuan nyorot subjek anjeun.

Jaga lensa anjeun bersih





Telepon dipake dina sagala jinis cuaca sareng tempat, sarta dibawa dina pesak sareng kantong. Ieu nyieun lensa kamera jadi kotor sarta katutupan ku sidik jari. Pake kaen nu lembut pikeun ngabersihan lensa.

Nganggo kaméra video







Pikeun ngarekam video nganggo kenop kamera

- 1 Aktipkeun kamera.
 - 2 Upami kamera video teu dipilih, sered  ka .
 - 3 Pikeun ngamimitian ngarekam video, pencet kenop kamera.
 - 4 Pikeun eureun ngarekam, pencet deui kenop kamera eta.
-  Rekam klip video Anjeun dina arah lansekap pikeun meunangkeun hasil nu pangsaena.








Pikeun ngarekam video ku cara ngetok layar

- 1 Aktipkeun kamera.
 - 2 Upami kamera video teu dipilih, sered  ka .
 - 3 Pikeun mintonkeun sadaya setelan, pencet .
 - 4 Ketok **Metodeu nyokot gambar** > **Toel jang nyokot gambar** upami ieu teu acan dipilih.
 - 5 Ketok layar kamera pikeun mimitian ngarekam.
 - 6 Ketok layar kamera pikeun eureun ngarekam.
-  Rekam klip video Anjeun dina arah lansekap pikeun meunangkeun hasil nu pangsaena.



Pikeun ngarekam klip video ku cara ngetok tombol di-layar

- 1 Aktipkeun kamera.
 - 2 Upami kamera video teu dipilih, sered  ka .
 - 3 Pikeun mintonkeun sadaya setelan, pencet .
 - 4 Ketok **Metodeu nyokot gambar**, teras pilih **Kenop dina layar** upami ieu teu acan dipilih.
 - 5 Arahkeun kamera ka arah subjek.
 - 6 Ketok  pikeun ngamimiti ngarekam.
 - 7 Ketok  pikeun eureun ngarekam.
-  Rekam klip video Anjeun dina arah lansekap pikeun meunangkeun hasil nu pangsaena.

Muter video nu direkam




- 1 Aktipkeun kamera.
 - 2 Mun kamera video teu dipilih, sered  ka .
 - 3 Ketok gambar mini di handap layar.
 - 4 Colek ka kenca atawa ka katuhu jang ngotektak kabeh payil poto atawa video. Video digambarkeun ku .
 - 5 Ketok  pikeun muter video.
 - 6 Jang ngereunkeun muter video, ketok  atawa .
-  Anjeun oge bisa nyolek gambar mini ti katuhu ka kenca jang nempo payil nu rek diputer.

Pikeun mupus video nu direkam



- 1 Kotektak klip video nu Anjeun hoyong pupus.
- 2 Pencet , teras ketok .

Nganggo setelan kamera video

Pikeun nyaluyukeun setelan kamera video

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Upami kamera video teu dipilih, sered  ka .
- 3 Ketok salah sahiji ikon setelan dina sisi kenca layar.
- 4 Pikeun mintonkeun sadaya setelan, pencet .
- 5 Pilih setelan nu Anjeun hoyong saluyukeun, teras jieun perobahan Anjeun.

Ngaluyukeun panel setelan kamera video

- 1 Upami kamera video kabuka, pencet  pikeun mintonkeun sadaya setelan.
 - 2 Toel sarta tahan setelan nu hayang dipindahkeun ku anjeun sarta sered ka posisi nu dipikahayang.
-  Upami anjeun nyered setelan kaluar ti panel setelan, perobahan eta dibolaykeun.

Ihtisar setelan kamera poto

Pamandangan

Make fitur Adegan mantuan anjeun nyetel gancang kamera jang situasi umum nu make adegan nu geus-diprogram samemehna. Kamera nangtukeun sababaraha setelan meh anjeun bisa nyocogkeun ka adegan nu dipilih, mastikeun video nu pangalusna nu bisa direkam.



Pareum

Pitur Adegan teu aktip tur anjeun bisa nyokot video ku cara manual.



Potret

Pake jang video potret. Setelan dioptimalkeun ngarah mere warna kulit nu rada lemes.



Lansekap

Pake pikeun video lanskap. Kamera mokuskeun ka objek nu jauh. Lamun **Lansekap** dipilih, modeu fokus dirobah ka **Teu aya watesna**.



Wengi

Sawaktu diaktipkeun, sensitipitas cahya ningkat. Pake dina kondisi nu reueuk / kurang caang. Video objek nu keur ngolebat bisa jadi kabur. Tahan leungeun anjeun sing ajeg, atawa pake pangrojong. Pareuman setelan peuting upami kondisi cahaya alus, pikeun ningkatkeun kualitas video.



Pantai sareng salju

Pake dina lingkungan nu caang pikeun nyegah video jadi poek.



Olahraga

Pake pikeun video objek nu keur ngolebat-gancang. Waktu eksposur nu pondok ngaminimalkeun gambar nu kabur.



Hajatan

Pake pikeun video jero ruangan dina lingkungan nu kirang caang. Ieu adegan nyokot lampu latar atawa liin di jero ruangan. Video objek nu keur ngolebat bisa jadi kabur. Tahan leungeun anjeun sing ajeg, atawa pake pangrojong.

Cahaya poto

Pake lampu kilat jang ngarekam video lamun kondisi cahaya reueuk atawa lamun aya lampu ti tukang.



Hurung



Pareum

Sakapeung kualitas video bisa wae leuwih sae tanpa cahaya, sanajan kondisi cahaya goreng.

Metodeu nyokot gambar

Pilih metodeu nu dipake jang ngarekam video.



Kenop dina layar

Rekam video ku cara make kenop di layar di layar kamera.



Toel jang nyokot gambar

Nangtukeun area fokus khusus ku cara mencet layar kamera make ramo.



Kenop kamera wukul

Rekam video ku cara make kenop dina kamera wungkul.

Modeu pokus

Setelan fokus ngadalikeun bagean mana dina video nu kudu jelas. Sawaktu pokus otomatis aktip, kamera bakal terus ngaluyukeun pokus sangkan wewengkon nu aya di jero pigura pokus bodas tetep tajem.



Pokus otmts tunggal

Kamera bakal otomatis fokus dina subjek nu dipilih. Fokus otomatis terus diaktipkeun.



Pangwanoh raray

Kamera sacara otomatis ngedeteksi lima rupa manusa, dituduhkeun ku pigura dina layar. Kamera bakal otomatis fokus ka rupa nu pangdekeutna. Anjeun oge bisa milih rupa mana nu rek difokuskeun ku cara ngetok dina layar. Lamun layar kamera diketok, pigura hejo nempokeun rupa mana nu dipilih tur fokus. Pangwanoh beungeut teu bisa dipake jang kabeh jinis adegan. Fokus otomatis terus diaktipkeun.



Teu aya watesna

Pake sawaktu keur ngarekam video ti kajauhan. Fokus disetel ka subjek nu jauh. Subjek nu deukeut ka kamera bakal dikaburkeun.

Ukuran video

Saluyukeun ukuran video pikeun pormat nu beda-beda



HD 720p

Pormat HD (Definisi Gede) jeung perbandingan aspek 16:9. 1280x720 piksel.



VGA Lebar Pinuh

Pormat VGA Lebar Pinuh jeung perbandingan aspek 16:9. 864x480 piksel.



VGA

Pormat VGA jeung perbandingan aspek 4:3. 640x480 piksel.



QVGA

Pormat VGA Quarter jeung perbandingan aspek 4:3. 320x240 piksel.



Talatah multimedia

Rekam video nu cocog kanggo dikirim dina talatah multimedia. Waktu rekam pormat video ieu diwatesan sangkan mahi dina talatah multimedia.

Pangatur waktu otomatis

Make timer otomatis anjeun bisa ngarekam video tanpa kudu nyekel telepon. Pake timer otomatis eta pikeun ngarekam video grup di mana sadaya jelema bisa aya dina video. Anjeun oge bisa make timer otomatis sangkan kamera teu ngageter nuju ngarekam video.



Hurung (10 detik)

Setel jeda 10 detik ti mimiti layar kamera diketok nepi ka video mimiti ngarekam.



Hurung (2 detik)

Setel jeda 2 detik ti mimiti layar kamera diketok nepi ka video mimiti ngarekam.



Pareum

Video mimiti ngarekam saenggeus layar kamera diketok.

Angka eksposur



Setelan ieu ngidinan anjeun nangtukeun jumlah cahaya dina gambar nu dicandak ku anjeun. Angka nu luhur nunjukeun jumlah cahaya nu beuki naek.

Imbangan bodas

Setelan kasaimbangan bodas ngaluyukeun kasaimabngan warna ka kondisi cahaya.



Otomatis

Ngaluyukeun kasaimbangan warna ku cara otomatis ka kondisi cahaya.



Cahaya

Ngaluyukeun kasaimbangan kontur jang kondisi cahaya mu haneut, kawas di handap lampu bohlam.



Caang

Ngaluyukeun kasaimbangan warna jang lampu neon.



Caang beurang

Saluyukeun kasaimbangan warna jang kondisi di luar nu caang ku panonpoe.



Mendung

Saluyukeun kasaimbangan warna jang langit nu keur mendung.

Panyetabil gambar

Sawaktu ngarekam video, bisa jadi sesah nyekel telepon sina ajeg. Panyetabil mantuan anjeun ku cara ngompensasi oyagna leungeun.



Hurung

Anjeun bisa ngarekam video kalayan pamanceg diaktipkeun.



Pareum

Anjeun bisa ngarekam video kalayan pamanceg dinonaktipkeun.

Mikropon

Pilih naha rek nyokot sora di sakuriling waktu ngarekam video.



Hurung



Pareum

Sora jepret

Pilih jang ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun sora lamun anjeun ngarekam video.

Kamera 3D

Kamera 3D mantuan anjeun jang nyokot poto sudut lega, panorama, nu newak leuwih rea adegan jeung kajeroan ti subjek. Poto 3D Sweep Panorama™ bisa diputer deui di TV nu ngarajong 3D.

Pikeun ngaktipkeun Kamera 3D

- Tina layar Utama Anjeun, ketok , terus panggihan jeung ketok .

Tinjauan kamera 3D



- 1 Pindah antara kamera poto sareng kamera video
- 2 Candak poto atawa rekam klip video
- 3 Tanda panah panunjuk arah - mantuan Anjeung kanggo nga-pan kamera
- 4 Tempo poto sareng video
- 5 Wagel setelan

Nyokot poto di modeu 3D Sweep Panorama™


- 1 Aktipkeun kamera 3D.
- 2 Ketok ikon di belah kencana luhur layar, terus pilih **3D Sweep Panorama** lamun acan dipilih.
- 3 Pencet satengahna kenop kamera jang ngonci fokus.
- 4 Pencet kamera nepi ka handap pisan, terus keserkeun kamera lalaunan ti kencana ka katuhu dina gerakan horisontal nu stabil.

Tips jang nyokot poto 3D Sweep Panorama™

Catet watesan ieu lamun keur nyokot poto 3D:

- Pamotretan 3D teu cocog lamun subjek gede atawa cicing; lamun subjek utama deukeut teuing ka kameral tur lamun subjek nawarkeun saeutik kontras kawas langit, pantai keusik, atawa lapangan jukut.
- Gambar 3D dibentuk ti sababaraha gambar JPEG jeung payil MPO nu aya kaitanana. Lamun anjeun mupus payil MPO di kamera (pas keur disambungkeun ka komputer), anjeun bakal moal deui bisa nempo gambar JPEG nu aya kaitanana.
- Lamun anjeun teu bisa ngeserkeun kamera ka kabeh subjek dina waktu pamotretan nu disadiakeun, area abu-abu bakal ditembongkeun di gambar komposit. Lamun ieu kajadianana, pindahkeun kamera leueihw gancang jang ngarekan gambar 3D pinuh.
- Di kondisi cahya nu reueuk, gambar bisa kabur. Meh meunangkeun hasil nu pangalusna, cokat gambar di lampu luar nu caang.
- Di handap lampu nu mendar, kawas lampu neon, motret 3D moal bakal sukses.
- Lamun anjeun mencet kamera satengahna, anjeun nyetel konci Fokus Otomatis jeun konci Eksposur Otomatis. Lamun kacaangan, fokus, jeung kondisi nu sejen gede parobahanana di antara waktu anjeun nyetel dua konci ieu jeung waktu mencet kamera jang nyokot poto, poto moal bakal jadi.
- Kamera bisa ngabatalkeun pamotretan 3D di situasi di handap: anjeun ngeserkeun kamera gancang teuing; kamera oyag teuingl anjeun ngeserkeun kamera ka arah sabalikna.

Nyokot poto di modeu Sweep Panorama™

- 1 Aktipkeun kamera 3D.
- 2 Ketok ikon di belah kenca luhur layar, terus pilih **Sweep Panorama**.
- 3 Ketok  terus pilih arah nu rek di-pan.
- 4 Pencet satengahna kenop kamera jang ngonci fokus jeung eksposur.
- 5 Pencet kamera nepi ka handap pisan, terus keserkeun kamera lalaunan saarah panah nu oyag.

Tip pikeun nyandak poto Sweep Panorama™ (2D)

Catet watesan ieu sawaktos Anjeun nyandak poto Sweep Panorama™:

- Upami Anjeun teu bisa nga-pan telepon ka sakabeh subjek dina waktos nu disadiakeun, wewengkon abu-abu aya dina gambar komposit eta. Upami ieu kajadian, pindahkeun kamera leuwih gancang pikeun ngarekam gambar panorama nu pinuh.
- Kusabab sababaraha gambar digabungkeun, bagean nu digabungkeun teu salalu direkam alus.
- Dina kondisi nu rueuk, gambar panorama bisa jadi ngabayang atau goreng kualitasna.
- Dina cahaya nu surem, saperti lampu fluoresensi, kacaangan atawa warna gambar nu dikombinasikeun bisa jadi teu konsisten.
- Modeu Sweep Panorama™ teu cocog kanggo situasi di handap ieu: sawaktos subjek keur gerak atawa deukeut teuing ka kamera; sawaktos gambar target heunteu kontras teuing, sapertos poto langit, pantei nu katutupan ku keusik, atawa padang rumput hejo; tur sawaktos gambar nu terus-terusan berubah, sapertos ombak atawa curug.
- Kamera bisa ngabolaykeun pamotretan dina situasi di handap ieu: Anjeun gancang teuing nga-pan kamera; Anjeun kenceng teuing ngagoncangkeun kamera; Anjeun nga-pan kamera ka arah nu berlawanan.

Nempo poto jeung video in Galeri

Pake Galeri pikeun nempo poto jeung muter video nu geus dicokot ku anjeun make kamera telepon, atawa tempo eusi nu jiga nu geus diundeur ku atawa ditiron ka kartu memori. Dina Galeri, anjeun oge bisa nempo poto jeung video nu geus diunggah ku anjeun ka ladean online, upamana ka albeum web Picasa™ atawa ka Ti Galeri, anjeun bisa oge ngabagikeun poto jeung video paporit ka babaturan make teknologi nirkabel Bluetooth™, surelek, atawa talatah. Sarta anjeun bisa ngedit dasar poto tur nyetel poto jadi wallpaper atawa gambar kontak. Jang nyaho inpormasi nu leuwih lengkep, tempo *Nyambungkeun telepon Anjeun ka komputer* dina kaca 117.



BRAVIA® ENGINE


Teknologi Mobile BRAVIA® ENGINE di Sony ningkatkeun kualitas tempo tina poto jeung video saenggeus dicokot, mere gambar nu leuwih jelas, seukeut, jeung leuwih alami. BRAVIA® ENGINE geus diaktipkeun sabage standar, namun bisa dipareuman lamun pamakean batre rek dikurangan.

Pikeun mareuman Mobile BRAVIA® ENGINE

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan** > **Pintonan**.
- 3 Buka cirian kotak centang **Mobile BRAVIA Engine** upami tos dicirian.

Muka Galeri terus nempo albeum anjeun

- 1 Ti Layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Teang terus ketok **Galeri Xperia™**. Poto jeung video dina kartu memori anjeun, kaasup nu dicokot ku anjeun make kamera sarta nu diundeur ti web atawa lokasi nu sejen, ditembongkeun dina albeum.
-  Mun orientasi layar teu robah ku cara otomatis lamun telepon diputer ka gigir, cirian kotak centang **Muter layar otomatis** di handap **Setelan** > **Pintonan**.





- 1 Ketok pikeun muka kamera
- 2 Ketok pikeun muka Album 3D
- 3 Tumpukan album – toel make dua ramo teras egangkeun
- 4 Albeum poto tur video nu dicokot ku kamera telepon
- 5 Colek ka kenca atawa ka katuhu dina layar pikeun nempo albeum nu sejen

Ngagawekuen albeum

Anjeun bisa ngatur deui poto jeung video di albeum oge mipindah eusi di antara albeum. Anjeun oge bisa ngunduh eusi ti albeum Galeri ka ladean online kawas Picasa™ jeung Facebook™, terus bisa nempo eusi ti ladean online di Galeri.




Muka albeum di Galeri

- 1 Ti Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Teang teras ketok **Galeri Xperia™**.
- 3 Ketok albeum nu hoyong ditempo ku anjeun. Albeum kabuka mintonkeun eusi poto-poto jeung video dina tabel nu ngurut kronologis. Ngaran albeum ditempokeun di luhur layar.





- 1 Ketok pikeun pindah ti tempoan tabel ka tempoan susun
- 2 Ketok poto atawa video kangge nempo
- 3 Ketok tanda panah pikeun ngagulung layar hiji-hiji. Sered ka katuhu atawa ka kenca pikeun ngagulung gancang.

Pikeun nempo poto sareng video di Galeri

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Galeri Xperia™**.
 - 3 Ketok hiji albeum. Poto sareng video dipintonkeun dina grid nu disusun sacara berurutan. Video diindikasikan ku .
 - 4 Ketok hiji poto atawa video pikeun nempokeunana.
 - 5 Sintreuk kenca pikeun nempo poto atawa klip video salajengna. Sintreuk ka katuhu pikeun nempo video atanapi poto nu samemehna.
-  Upami orientasi layar teu robah sacara otomatis sawaktos Anjeun muterkeun telepon ka gigir, cirian kotak centang **Muter layar otomatis** di handapeun **Setelan > Pintonan**.



Ngarobah cara eusi albeum dipintonkeun di Galeri

- 1 Sawaktu nempo albeum di Galeri, sered switch tempoan albeum  ka palih katuhu eusi albeum dina tumpukan.
- 2 Sered  ka kenca switch tempoan albeum dina grid kronologis.


Gawe sareng bets eusi dina Galeri

Anjeun tiasa milih sababaraha poto atawa klip video dina albeum tur ngerjakeunana dina bets, contona, pikeun ngirim sababaraha poto ti albeum ka babaturan.


Pikeun ngerjakeun bets poto atawa klip video di Gallery

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Galeri Xperia™**.
- 3 Buka albeum nu ngandung eusi nu Anjeun hoyong gawekeun.
- 4 Pikeun ngaktipkeun mode pamilihan, toel jeung tahan salah sahiji item nu Anjeun hoyong gawekeun.
- 5 Centang awata pupus centang item anu Anjeun hoyong gawekeun.
- 6 Pencet , teras pake alat dina tulbar pikeun gawe jeung item nu tos Anjeun pilih.

Babagi albeum dina Galeri

- ! Lamun anjeun ngabagikeun albeum, tironan asli teu meunang dipupus samemeh item di albeum dikirim kabeh.
- 1 Ti layar Galeri utama, rampa, jeung tahan albeum nu rek digawekeun. Modeu pilihan ayeuna diaktipkeun.
- 2 Pariksa albeum nu hayang dibagi ku anjeun, terus pencet .
- 3 Ketok **Bagikeun**.
- 4 Di menu nu dibuka, buka aplikasi nu rek dipake jang ngabagikeun albeum nu dipilih.

Pikeun mupus albeum dina Gallery

- 1 Tina layar Gallery utama, toel jeung tahan albeum nu Anjeun hoyong gawekeun. Mode pamilihan diaktipkeun.
- 2 Centang albeum nu Anjeun hoyong pupus, teras pencet .
- 3 Ketok **Pupuskeun**. Dina dialog nu muka, ketok **Pupuskeun**.



Gawe sareng poto dina Galeri

Anjeun tiasa ngedit tur nyusun ulang poto Anjeun di Galeri. Contona, Anjeun tiasa motong poto, make poto eta jadi gambar kontak jeung jadi wallpaper.

Pikeun ngazum poto

- Sawaktos Anjeun keur nempo poto, ketok dua kali layar pikeun zum gede. Ketok dua kali deui pikeun zum leutik.
- Sawaktos Anjeun keur nempo hiji poto, lebarkeun dua jari Anjeun pikeun zum gede, atawa ciwit dua jari Anjeun babarengan pikeun zum leutik.


Nempo pintonan slaid poto

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Galeri Xperia™**.
- 3 Ketok albeum pikeun muka, terus ketok poto sarta pencet .
- 4 Dina tulbar di bagian handap layar, ketok **Pintonan slide**.
- 5 Ketok poto pikeun ngeureunkeun pintonan slaid.


Muter poto

- 1 Lamun anjeun keur nempo poto, pencet .
- 2 Ketok **Deui**, terus pilih **Rotasikeun ka kenca** atawa **Rotasikeun ka Katuhu**. Poto ayeuna disimpen dina orientasi anyar.


Pikeun nganggo poto jadi gambar kontak

- 1 Sawaktos Anjeun keur nempo poto dina paminton poto, pencet .
- 2 Dina tulbar nu aya di bagean handap layar, ketok **Jadikeun** > **Gambar kontak**.
- 3 Pilih kontak nu Anjeun hoyong gabungkeun sareng poto eta.
- 4 Potong poto, mun dipenta.
- 5 Ketok **Simpen**.


Make poto minangka wallpaper

- 1 Sawaktu anjeun nuju nempoan poto dina panempo poto, pencet .
- 2 Dina tulbar di handapeun layar, ketok **Jadikeun** > **Wallpaper**.
- 3 Potong poto, upami perlu
- 4 Ketok **Simpen**.


Motong poto

- 1 Lamun anjeun nempo poto di panempo poto, pencet .
- 2 Di baris alat, ketok **Deui** > **Papas**.
- 3 Pikeun ngaluyukeun pigura pamotongan, toel sarta tahan ujung pigura pamotongan. Lamun panah motong ditembongkeun, sered ka jero atawa kaluar jang ngarobah ukuran pigura.
- 4 Jang ngarobah kabeh sisi pigura potong sakaligus, toel jeung rampa salah sahiji ti opat juru meh panah ditembongkeun, terus sered eta juru sakumaha kuduna.
- 5 Pikeun mindahkeun pigura pamotong ka area nu sejen dina poto, toel sarta tahan di lebet bingkai, teras sered ka posisi nu dipikahayang.
- 6 Jang nyimpen tironan poto pas keur dipotong, ketok **Simpen**. Versi asli nu can dipotong bakal tetep aya di kartu memori telepon.

Babagi poto

- 1 Lamun anjeun nempo poto di panempo poto, pencet .
- 2 Di baris alat, ketok **Bagikeun**.
- 3 Pilih hiji metodeu transper nu disadiakeun.

Mupus poto

- 1 Lamun anjeun nempo poto di panempo poto, pencet .
- 2 Dina tulbar di bagian handap layar, ketok **Pupuskeun**.
- 3 Dina dialog nu muka, ketok **Pupuskeun**.

Nempan poto Anjeun dina peta


Upami Anjeun ngaktipkeun deteksi lokasi basa keur moto, Anjeun tiasa make inpo nu dikumpulkeun eta dina tahap salajengna. Contona, Anjeun tiasa nempo poto Anjeun dina peta tur nempokeunana ka babaturan sareng kulawarga di mana Anjeun nyandak poto eta. Nambahkeun inpo lokasi oge disebut nyieun geotag. Sawaktos Anjeun ngaktipkeun deteksi lokasi, Anjeun tiasa milih pikeun make satelit GPS atawa jaringan nirkabel, atawa duanana, pikeun manggihan posisi Anjeun.

Kanggo inpo nu leuwih lengkep, tingal *Nganggo pangladen lokasi pikeun manggihan posisi Anjeun* di kaca 120.

Ngaktipkeun deteksi lokasi

- 1 Ti Layar Utama, pencet .
- 2 Ketok **Setelan** > **Ladenan lokasi**.
- 3 Cirian kotak centang **Satelit GPS** jeung/atawa **Ladenan lokasi Google**.

Nempo poto nu di-geotag dina peta

- 1 Lamun anjeun keur nempo poto nu geus di-geotag, pencet .
- 2 Ketok **Deui** > **Tingalikeun dina peta**.

Gawe sareng video

Pake Galeri pikeun lalajo klip video nu tos Anjeun rekam ku kamera, undeur, atawa tiron ka kartu memori Anjeun. Anjeun oge bisa ngabagikeun klip video Anjeun ka babaturan, atawa munggaheunana ka YouTube™.

Pikeun muterkeun hiji video

- 1 Dina Galeri, kotektak albeum nu ngandung klip video nu Anjeun hoyong puter.
- 2 Ketok hiji klip video kanggo muterkeunana.
- 3 Upami taya kadali puter balik nu ditembongkeun, ketok layar pikeun mintonkeunana. Pikeun nyumputkeun kadali, ketok layar deui.

Ngarereuh hiji

- 1 Mun hiji video nuju diputer, toel layar kanggo mintonkeun kadali.
- 2 Toél .

Pikeun ngamajukeun gancang sareng ngamundurkeun hiji video


- 1 Mun hiji video nuju diputer, ketok layar kanggo mintonkeun kadali.
- 2 Séred pananda wagel video nu keur diputer ka kenca pikeun ngamundurkeun, atawa ka katuhu kanggo ngamajukeun gancang.

💡 Atawa alternatif sejen, Anjeun bisa ngetok  atawa .


Nyetél volumeu hiji video

- Pencét konci volumeu.

Pikeun ngabagikeun hiji video

- 1 Buka hiji albeum Galeri nu ngandung hiji video.
 - 2 Pikeun ngaktipkeun mode pamilihan, toel jeung tahan hiji item nu Anjeun hoyong gawekeun.
 - 3 Pariksa video atawa klip video anu Anjeun hoyong bagikeun.
 - 4 Pencet .
 - 5 Ketok **Bagikeun**.
 - 6 Dina menu nu muka, ketok aplikasi nu Anjeun hoyong pake pikeun dibagikeun klip video nu dipilih, teras turutan langkah nu sasuai pikeun ngirimkeunana.
- ! Bisa jadi Anjeun teu tiasa niron, ngirim atawa ntransfer item nu ditangtayungan ku hak cipta. Oge, sababaraha item bisa jadi teu dikirim upami ukuran payil gede teuing.

Pikeun mupus hiji video

- 1 Buka hiji albeum Galeri nu ngandung hiji video.
- 2 Pikeun ngaktipkeun mode pamilihan, toel jeung tahan hiji item nu Anjeun hoyong gawekeun.
- 3 Pariksa video atawa klip video nu Anjeun hoyong mupus.
- 4 Pencet , teras ketok **Pupus**.
- 5 Dina dialog nu muka, ketok **Pupus**.


Nempo poto di Albeum 3D

Di Albeum 3D anjeun bisa nempo jeung muter kabeh poto nu dicokot ku kamera 3D.

Nempo poto 3D di Albeum 3D

- 1 Ti Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Teang teras ketok **Albeum 3D**.
- 3 Ketok poto 3D.
- 4 Colek ka kenca jang nempo poto 3D saenggeusna di Albeum 3D. Colek ka katuhu jang nempo poto 3D samemehna.

Muter poto 3D di Albeum 3D

- 1 Buka poto 3D. Upami taya kadali nu dipintonkeun, ketok layar.
 - 2 Ketok .
- ! Anjeun ngan bisa muter poto 3D nu geus ditewak di ukuran gambar panorama standar.


Pikeun ngazum poto 3D dina Albeum 3D

- Basa Anjeun nempo poto 3D dina Albeum 3D, ketok dua kali poto pikeun zum gede atawa leutik.
- 💡 Pikeun zum gede atawa leutik, Anjeun oge bisa nyiwit ku dua jari babarengan atawa misahkeun kadua jari eta. Teras sered poto 3D eta kanggo nempo bagian nu lian.


Ngatur poto Anjeun dina Albeum 3D

Pake Albeum 3D pikeun munggah poto 3D ka albeum web online. Contona, upami Anjeun pamake Facebook™, Anjeun tiasa munggah poto Anjeun dina Albeum 3D ka akun Facebook™ Anjeun. Anjeun oge tiasa make Albeum 3D pikeun mupus poto.

Ngabagikeun poto 3D di Albeum 3D

- 1 Lamun anjeun nempo poto 3D di Albeum 3D, ketok poto 3D lamun euweuh kadali nu ditembongkeun.
- 2 Ketok .
- 3 Pilih hiji metodeu transper nu disadiakeun.

Pikeun mupus poto 3D dina Albeum 3D





- 1 Basa Anjeun nempo poto 3D dina Albeum 3D, ketok poto eta upami taya kadali nu ditampilkeun di layar.
- 2 Ketok , teras ketok **OKEH**.

Teknologi nirkabel Bluetooth™



Pake fungsi Bluetooth™ pikeun ngirim payil ka alat-alat sejen nu cocog ka Bluetooth™, atawa pikeung nyambung ka asesoris handsfree. Aktipkeun fungsi Bluetooth™ di telepon Anjeun tur jieun sambungan nirkabel ka alat-alat sejen nu cocog sareng Bluetooth™ saperti komputer, asesoris handsfree sareng telepon. Koneksi Bluetooth™ tiasa dianggo dina jarak 10 meter (33 suku), lamun taya objek padet nu ngahalangan. Di lain mangsa, Anjeun oge kedah masangkeun telepon Anjeun ku cara manual ke alat Bluetooth™ nu lian. Inget pikeun ngeset telepon Anjeun pikeun "bisa dipanggihan" upami Anjeun hoyong alat Bluetooth™ sejen manggihan telepon Anjeun.

- ! Kamampuan interoperasi sareng kasaluyuan diantara alat-alat Bluetooth™ bisa beda-beda.

Ngahurungkeun fungsi Bluetooth™ tur ngajadikeun telepon bisa ditempo

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan**.
- 3 Ketok  di sabeulah **Bluetooth** meh  robah ka  ditembongkeun di baris status.
- 4 Ketok **Bluetooth**.
- 5 Ketok **Teu katempo ka alat Bluetooth nu sejen**.

Ngaluyukeun waktu katempo telepon ka alat Bluetooth™ sejen

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Bluetooth**.
- 3 Pencet  terus pilih **Beak waktu ditempo**.
- 4 Pilih hiji opsi.

Bere ngaran telepon Anjeun

Anjeun bisa mere ngaran ka telepon Anjeun. Ngaran ieu dipintonkeun ka alat sejen saatos Anjeun ngahurungkeun fungsi Bluetooth™ tur telepon Anjeun diatur ka tiasa ditempo.

Mere ngaran ka telepon

- 1 Pastikeun yen fungsi Bluetooth™ geus diaktipkeun.
- 2 Ti Layar Utama, ketok .
- 3 Teang terus ketok **Setelan > Bluetooth**.
- 4 Pencet  terus pilih **Ganti ngaran telepon**.
- 5 Asupkeun ngaran telepon.
- 6 Ketok **Ganti ngaran**.

Nyapasangkeun ka alat Bluetooth™ nu lian


Lamun Anjeun nyapasangkeun télépon ka alat nu lian, Anjeun tiasa, contona, nyambungkeun télépon anjeun ka handsfree Bluetooth™ atanapi alat mobil Bluetooth™ teras nganggo ieu alat kanggo nélépon sareng nampi télépon.

Saatos télépon disapasangkeun ka alat Bluetooth™, télépon bakal ngemut ieu alat nu tos disapasangkeun. Lamun nyapasangkeun télépon sareng alat Bluetooth™, Anjeun kedah ngalabetkeun kodeu aksés. Télépon bakal otomatis nyobian kodeu aksés umum 0000. Upami éta teu hasil, tinggal dokumen alat Bluetooth™ Anjeun pikeun milari inpo kodeu aksés alat. Anjeun teu kedah ngalabetkeun deui kodeu aksés unggal nyambung ka alat Bluetooth™ nu atos dipasangkeun.

Sababaraha alat Bluetooth™, contona, hampir sadaya headset Bluetooth™, meryogikeun Anjeun pikeun nyapasangkeun teras nyambungkeun ka alat nu sanés.

Anjeun tiasa nyapasangkeun télépon ka sababaraha alat Bluetooth™, tapi dina unggal-unggal waktos Anjeun ngan saukur tiasa nyambungkeun télépon ka hiji profil Bluetooth™ wungkul.



Nyapasangkeun telepon anjeun ka alat Bluetooth™ sejen

- 1 Pastikeun yen alat nu rek disapasangkeun jeung telepon anjeun pungsi Bluetooth™-na geus diaktipkeun tur katempo ka alat Bluetooth™ nu sejen.
- 2 Ti Layar Utama, ketok .
- 3 Teang terus ketok **Setelan > Bluetooth**. Kabeh alat Bluetooth™ ditempokeun di daptar.
- 4 Ketok alat Bluetooth™ nu rek disapasangkeun.
- 5 Asupkeun kodeu liwat, lamun dipenta. Telepon jeung alat Bluetooth™ ayeuna geus disapasangkeun.

Nyambungkeun telepon anjeun ka alat Bluetooth™

- 1 Lamun anjeun nyambung ka alat Bluetooth nu butuh nyapasangkeun telepon samemeuh disambungkeun, tuturkeun langkah-langkah nu aya kaitananan jang nyapasangkeun telepon jeung eta alat.
- 2 Ti Layar Utama, ketok .
- 3 Teang terus ketok **Setelan > Bluetooth**.
- 4 Ketok alat Bluetooth™ ne rek disambungkeun ka telepon.

Megatkeun alat Bluetooth™ ti pasangana


- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Bluetooth**.
- 3 Di handap **Alat nu disapasangkeun**, ketok  di sabeulah alat nu rek dipegatkeun pasangana.
- 4 Ketok **Leupaskeun pasangan**.

Ngirim jeung nampa item nganggo teknologi Bluetooth™


Bagikeun item sareng alat sejenna nu cocog sareng Bluetooth™ saperti telepon atawa komputer. Anjeun bisa ngirim jeung nampa sababaraha item nganggo pungsi Bluetooth™, saperti:

- Poto jeung video
- Musik jeung payil audio sejenna
- Kontak
- Kaca web



Ngirim item make Bluetooth™

- 1 **Alat nu nampa:** Pastikeun yen alat Bluetooth™ nu rek dikirim item geus diaktipkeun Bluetooth™-na tur katempo ka alat Bluetooth™ nu sejen.
- 2 Di alat nu ngirim, buka aplikasi nu ngandung item nu rek dikirim terus gulirkeun ka item eta.
- 3 Gumantung ka aplikasi jeung item nu rek dikirim, anjeun bisa jadi kudu, upamana, noel jeung ngarampa item, buka item atawa mencet . Bisa jadi aya cara lain jang ngirim item.
- 4 Pilih item menu babagi atawa kirim.
- 5 Dina menu nu ditembongkeun, pilih **Bluetooth**.
- 6 Hurungkeun Bluetooth™, lamun dipenta.
- 7 Ketok ngaran alat nu nampa.
- 8 **Alat nu nampa:** Lamun ditanya, tanpa sambungan.
- 9 Lamun ditanya, asupkeun kodeu liwat nu sarua di alat, atawa konpirmasikeun kodeu liwat nu disarankeun.
- 10 **Alat nu nampa:** Tanpa item nu asup.

Nampa item make Bluetooth™

- 1 Pastikeun yen kartu memori dipasang di telepon. Lamun anjeun teu boga kartu memori diasupkeun, anjeun teu bisa ngirim atawa nampaitem make teknologi nirkabel Bluetooth.
- 2 Ti Layar Utama, ketok .
- 3 Pastikeun yen fungsi Bluetooth™-na geus diaktipkeun tur katempo ku alat Bluetooth™ nu sejen.
- 4 Alat nu ngirim ayeuna mimitia ngirim data ka telepon.
- 5 Lamun ditanya, asupkeun kode liwat nu sarua di kadua alat, atawa konfirmasikeun kodeu liwat nu disarankeun.
- 6 Lamun anjeun dibewaraan yen aya payil nu rek asup ka telepon, sered baris status ka handap terus ketok bewara jang nampa transper payil.
- 7 Ketok **Tampa** jang mimiti nransper.
- 8 Jang nempo kamajuan transper, sered baris status ka handap.
- 9 Jang nampa item nu ditarima, sered baris status ka handap terus ketok bewara nu dipimaksad.

Nempo payil nu geus ditarima make Bluetooth™

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Bluetooth**.
- 3 Pencet  terus pilih **Tempokeun payil**.

Nyambungkeun telepon Anjeun ka komputer

Sambungkeun telepon Anjeun ka hiji komputer jeung mimitian nransper gambar, musik jeung tipe payil nu sejenna. Cara panggampangna pikeun nyambung nyaeta make kabel USB atawa teknologi nirkabel Bluetooth.

Sawaktos Anjeun nyambungkeun telepon Anjeun ka komputer make hiji kabel USB, Anjeun disarankeun pikeun masang aplikasi PC Companion dina komputer Anjeun. PC Companion mantuan Anjeun ngakses aplikasi komputer tambahan pikeun nransper tur ngatur payil media, ngapdet telepon Anjeun, nyingkronkeun eusi telepon, sareng nu sanesna.

- ! Anjeun bisa jadi teu tiasa pikeun nransper sababaraha bahan nu dilindungan-ku hak cipta antara telepon Anjeun jeung komputer.

Ngirim jeung nyekel eusi make kabel USB

Pake sambungan kabel USB di antara komputer jeung telepon meh gampang dipindahkeun jeung ngatur payil anjeun. Lamun dua alat geus disambungkeun, anjeun bisa nyered jeung nyimpen eusi di antara komputer make file explorer. Upami Anjeun keur nransper musik, video atawa payil media nu sejen ka telepon, pangalusna make aplikasi Media Go™ dina komputer Anjeun. Media Go™ ngarobah payil media ngarah anjeun bisa make eta dina telepon.

Nransper eusi di antara telepon jeung komputer make kabel USB


- 1 Make kabel USB, sambungkeun telepon ka komputer. **Kartu SD disambungkeun** ditempatkeun di baris status.
- 2 **Komputer:** Buka Windows® Explorer® tina dekstop tur dagoan nepi ka kartu SD telepon anjeun nembongan sabage disk eksternal dina Microsoft® Windows® Explorer.
- 3 **Komputer:** Sered jeung leupaskeun payil nu dimaksud antara telepon anjeun jeung komputer.

Modeu sambungan USB

Aya dua metodeu umum nu bisa dipake jang ngabagikeun data di telepon jeung alat nu sejen:

- Media Transfer Protocol (MTP) – protokol pangumumna jang komunikasi ka komputer Windows. Modeu MTP sacara standar geus diaktipkeun.
- Modeu Mass Storage Class (MSC) – cara nu biasana dipake jang nyambungkeun telepon jeung alat media kawas TV, kit mobil, jeung komputer Mac OS/Linux nu teu boga rojongan MTP.

Nyetel modeu MSC jadi modeu sambungan USB standar

- 1 Pastikeun yen telepon teu nyambung ka kabel USB.
- 2 Ti Layar Utama, ketok .
- 3 Teang terus ketok **Setelan > Xperia™ > Konektipitas > Modeu sambungan USB**.
- 4 Ketok **Modeu panyimpenan masal (MSC)**.
- 5 Ketok **OKEH**.

Nyambungkeun telepon ka komputer lamun modeu MSC keur aktip

- Make kabel USB, sambungkeun telepon ka komputer. Sambungan modeu MSC dijieun otomatis.

Nyambungkeun deui sambungan modeu MSC lamun kabel USB masih disambungkeun

- 1 Sered baris status ka handap.
- 2 Ketok **Kartu SD** dipegatkeun.

Megatkeun sambungan kabel USB nu aman saenggeus transfer modeu MSC

- ! Ulah megatkeun sambungan kabel USB basa keur mindahkeun eusi kusabab ieu bakal ngaruksak eusi.
- 1 **Komputer:** Pake fitur Safely Remove Hardware (pegatkeun hardwer nu aman) jang nganonaktipkeun sambungan kabel USB.
 - 2 **Telepon:** Sered baris status ka handap, teras ketok **Kartu SD** disambungkeun.
 - 3 Pegatkeun sambungan kabel USB tina kadua alat.
- ! Parentah komputer bisa beda-beda gumantung ka sistem operasi anjeun. Tempo dokumentasi jang sistem operasi komputer jang inpo nu leuwih lengkep.

PC Companion

PC Companion mangrupikeun aplikasi komputer nu mere Anjeun wasa ka fitur tur ladenan tambahan nu mantuan Anjeun nransfer musik, video sareng gambar ti sareng ka telepon Anjeun. Anjeun oge bisa make PC Companion pikeun ngapdet telepon Anjeun tur meunangkeun versi sofwer nu pangahirna. Payil pamasangan kanggo PC Companion disimpen ka telepon Anjeun tur instalasi eta dijalankeun tina telepon sawaktos Anjeun nyambungkeun telepon eta ka komputer liwat kabel USB.

Anjeun butuh komputer ngajalankeun salah sahiji sistem operasi di handap ieu pikeun make aplikasi PC Companion:

- Microsoft® Windows® 7
- Microsoft® Windows Vista®
- Microsoft® Windows® XP, (Service Pack 3 atanapi nu langkung luhur)

Pikeun masang PC Companion

- 1 **Telepon anyar:** Aktipkeun telepon Android™ Anjeun tur sambungkeun ka PC nganggo kabel USB.
- 2 **Telepon anyar:** Ketok **Pasang** pikeun masang PC Companion ka PC Anjeun.
- 3 **Komputer:** Upami jandela sembul nembongan, pilih *Run Startme.exe*. Dina jandela sembul anyar nu nembongan, klik *Install* pikeun mimiti instalasi tur teras turutan instruksi kanggo ngarengsekeun pamasangan eta.

Ngamimitian PC Companion

- 1 Pastikeun yen PC Companion geus dipasang di PC.
- 2 Buka aplikasi PC Companion di PC, terus klik **Start** (Mimitian) jang muka salah sahiji fitur nu rek dipake.

Media Go™

Aplikasi komputer Media Go™ komputer ngabantos Anjeun nransfer teras ngatur eusi media dina telepon sareng komputer. Anjeun bisa masang jeung ngakses Media Go™ ti jero aplikasi PC Companion. Tingal *PC Companion* di kaca 118 kanggo inpo nu leuwih lengkep.

Anjeun butuh salah sahiji sistem operasi ieu kanggo make aplikasi Media Go™:

- Microsoft® Windows® 7
- Microsoft® Windows Vista®
- Microsoft® Windows® XP, Service Pack 3 atanapi nu langkung luhur

Pikeun nransper eusi ngangge aplikasi Media Go™


- 1 Sambungkeun telepon ka komputer make kabel USB nu dirojong.
 - 2 **Telepon:** Di baris status, **Kartu SD disambungkeun** ditembongkeun.
 - 3 **Komputer:** Aplikasi PC Companion otomatis dimimitian. Dina PC Companion, klik *Media Go* pikeun ngamimitian aplikasi Media Go™. Dina sababaraha kasus, anjeun bisa jadi kudu ngadagoan Media Go™ dipasang.
 - 4 Make Media Go™, sered tur teundeun payil antara komputer tur telepon anjeun.
-  Media Go™ oge bisa diundeur ti www.sonymobile.com.

Nganggo pangladen lokasi pikeun manggihan posisi Anjeun

Pake telepon Anjeun pikeun manggihan dimana Anjeun ayeuna. Aya dua metodeu: GPS sareng jaringan nirkabel. Aktipkeun pilihan jaringan nirkabel ngan upami Anjeun ngan butuh perkiraan lokasi Anjeun, tur hoyong gancang meunangkeunana. Upami Anjeun hoyong posisi nu leuwih pasti, tur gaduh tempoan nu jelas ti langit, aktipkeun posisi GPS. Dina situasi di mana jaringan koneksi nirkabel lelet, Anjeun kudu ngaktipkeun kadua pilihan eta pikeun mastikeun lokasi Anjeun dipanggihan.

- ! Sony Ericsson henteu ngajamin katepatan tina ladenan lokasi eta kaasup dijerona tapi teu diwatesan ku ladenan napigasi.

Ngaktipkeun GPS

- 1 Ti layar Mimiti anjeun, ketok .
- 2 Ketok **Setelan** > **Ladenan lokasi**.
- 3 Cirian kotak centang **Satelit GPS**.


Nganggo GPS

